

UNIVERSITÉ D'ÉTAT D'HAÏTI

Vol. 1, n° 3  
Octobre 2018

# Chantiers

REVUE DES SCIENCES HUMAINES & SOCIALES  
DE L'UNIVERSITÉ D'ÉTAT D'HAÏTI

## ONG en Haïti

Université d'État d'Haïti



# Chantiers

Revue des Sciences Humaines & Sociales  
de l'Université d'Etat d'Haïti



Université d'État d'Haïti

# Chantiers

Revue des Sciences Humaines & Sociales  
de l'Université d'Etat d'Haïti

Dépôt légal :

Bibliothèque Nationale d'Haïti

ISBN : 978-99935-57-

© Éditions de l'Université d'État d'Haïti, 2018

# Sommaire

|                                                                                                                                                                   |     |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----|
| Resume/Rezime/abstract                                                                                                                                            | 7   |
| Editorial                                                                                                                                                         | 11  |
| Kijan pou nou konprann prezans ak wòl ONG yo an Ayiti ?<br>Colette LESPINASSE                                                                                     | 21  |
| Haïti, catastrophes meurtrières et construction de la société civile :<br>Place et rôle des ONG internationales ?<br>Alfred PIERRE, Khalil CAMBRON et Osée OLIBRI | 43  |
| ONG, développement et sous-développement<br>Repères théoriques et critiques<br>Lucien MAUREPAS                                                                    | 77  |
| Truman et l'ère du développement<br>Josué VAVAL                                                                                                                   | 97  |
| Classe-ONG et distance sociale<br>Ilionor LOUIS, Sociologue.                                                                                                      | 113 |
| La sous-traitance non-gouvernementale :<br>nouveau paradigme de l'aide internationale ?<br>Djems OLIVIER                                                          | 125 |

|                                                                                                                                   |     |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----|
| L'action humanitaire et l'action sociale entre un jeu vicié<br>et vicieux d'émancipation et de mancipation<br>Odonel PIERRE-LOUIS | 147 |
| ONG ak lafwa an Ayiti : 2 etid ka nan Jakmèl aprè 12 janvyè 2010<br>Andrea STEINKE                                                | 173 |
| Lojik èd : pwojè ak odit an Ayiti<br>Scott FREEMAN                                                                                | 197 |
| Manèv nan domèn politik la :<br>Sipòte lit la atravè finansman chanjman sosyal<br>Julia SCHÖNEBERG                                | 215 |
| Fè ONG : yon nouvo gramè ONG<br>Mark SCHULLER                                                                                     | 231 |

## Resume/Rezime/abstract

Enpòtans ONG yo ogmante nan ti peyi yo sitou nan moman *kriz*. Nan ka Ayiti, depi 12 janvye 2010, yo ap jwe yon wòl santral. Jan nou tout konnen, dat sa a make yon etap enpòtan nan enplantasyon ONG pou koze *imanitè* nan peyi a. Ayiti menm vin rebatize *Repiblik ONG*. Feblès enstitisyon yo ak tout lòt fòm mank yo fè yo vin pran plis jarèt. Gen moun ki panse peyi a ap vin rele yo *chè mèt, chè mètrès*.

12 janvye te montre akèl nesesite pou nou pi byen konprann, kowòdone, epi mete kontwòl sou enstitisyon prive sa yo ki *antre, soti jan yo vle, epi fè sa yo vle*. Kad legal 1989 la vize ONG ki swadizan ap travay nan zafè *devlopman* tandiske pifò aksyon enstitisyon sa yo poze konsèn *èd imanitè*. Sa montre nesesite pounou repanse kad legal la, ki te youn nan pi gwo anje pou yon « Premyè Fowòm Nasyonal sou ONG » ke UCAONG te òganize an Oktòb 2013.

Ki kad oubyen ki tèz ki ka plis esplike sitiyasyon jounen jodi a? Èske modèl sa yo itil pou konprann sitiyasyon aktyèl la? Ki modifikasyon nan gran liy teyoriksa yo ki ap nesesè pou nou byen sezi reyalyte ki poze jounen jodi a? Oubyen èske nou ta dwe derape avèk yon nouvo seri konsepsyon ONG yo?

Nimewo *Chantiers* sa a drese tout pwoblematik sa yo, avèk entèvansyon istorik, sosyolojik, antwopolojik, filozofik, temwayaj, ak kritik-dyalektik. Otè ki kontribye reprezante sektè inivèsite, militan, mouvman sosyal yo, ak ONG.

D'une manière générale, dans les moments de crise plus spécifiquement, les ONG jouent un rôle important dans les pays « en voie de développement ». Qu'en est-il en Haïti, en particulier, depuis le séisme du 12 janvier 2010 ? Cette date marque un tournant décisif dans l'implantation des ONG dans le pays au point qu'Haïti est rebaptisé désormais la *république des ONG*. En effet, les faiblesses institutionnelles rendent plus puissantes les ONG. Certains pensent qu'elles finiront par contrôler tout le pays.

Avec la catastrophe de 2010, l'intervention anarchique des ONG a fini par convaincre les plus avisés de la nécessité de mieux comprendre ces institutions privées, de mieux coordonner leurs actions, et même de les mettre sous coupe réglée. Le cadre juridique de 1989 parle d'ONG de *développement* tandis que la majorité des ONG en Haïti fonctionnent sous le label d'*aide humanitaire*. Ce décalage soulève un certain nombre d'interrogations et montre la nécessité de repenser le cadre légal dans lequel évoluent ces organisations en Haïti. Ce cadre était d'ailleurs l'un des enjeux du premier forum national sur les ONG organisé en octobre 2013 par l'Unité de coordination des activités des ONG (UCAONG).

Quels pourraient être les repères théoriques, conceptuels et idéologiques pour mieux appréhender la situation actuelle ? Les modèles à l'honneur restent-ils pertinents ? Au prix de quelles transformations théoriques parviendra-t-on à mieux saisir la réalité actuelle ? Quels nouveaux paradigmes faudra-t-il élaborer précisément ? Il y a lieu entre temps d'observer que, huit années après l'une des plus graves catastrophes qu'ait connu Haïti, catastrophe ayant engendrée un effort humanitaire sans précédent, nous constatons aujourd'hui un reflux de cette invasion. Les ONG commencent en effet à connaître en Haïti un déclin proche de ce qu'on peut observer à travers l'histoire récente d'autres PMA.

Ce numéro de *Chantiers* adresse tous ces points et plus, avec des interventions historique, sociologique, anthropologique, philosophique, des témoignages et critique-dialectiques. Les auteurs qui ont contribué à ce numéro représentent des secteurs universitaire, militant, mouvements sociaux, et des ONG.

In a special edition of *Chantiers* (UEH's Social Science and Human Sciences journal), we are looking to understand all aspects of NGOs in Haiti. More and more, certainly during moments of "crisis", NGOs play important roles in "developing" countries. That's the case in Haiti, and certainly after January 12 they play a central role. Haiti was renamed "the Republic of NGOs." As we all know, January 12<sup>th</sup> marks an important chapter in Haiti's history, with the implantation of "humanitarian" NGOs. Institutional weakness and lack of functioning systems made them more powerful. They almost control the entire country.

January 12 clearly showed the urgent necessity to better understand, coordinate, and regulate these private institutions. The 1989 decree recognized NGOs that say they work in "development" while most of NGO activities of that period were "humanitarian" aid. This showed the necessity to rethink the legal framework, one of the main stakes in the « Premyè Fowòm Nasyonal sou ONG » that UCAONG organized in October 2013.

What framework or theory best explains today's situation?

Are these models useful to understand the current situation? What changes to the main theoretical currents would be necessary to better grasp today's realities? Or should we begin thinking about a new series of conceptualizing NGOs? Or, is this current moment, eight years after one of the worst tragedies that brought about one of the biggest humanitarian efforts, wherein this invasion appears to be ending, where INGOs are starting to leave, not too different from previous moments in the country's history?

This edition of *Chantiers* examines these problems and more, in historical, sociological, anthropological, philosophical, first-hand testimonies, and critical dialectical analyses. Contributing authors are from the university, activist, social movement, and NGO sectors.



# Editorial

Enpòtans ONG yo ogmante nan ti peyi yo sitou nan moman *kriz*. Nan ka Ayiti, depi 12 janvye 2010, enstans sa yo ap jwe yon wòl santral. Jan nou tout konnen, dat sa a make yon etap enpòtan nan enplantasyon ONG yo pou koze *imanité* nan peyi a. Ayiti menm vin rebatize *Repiblik ONG*. Feblès enstitisyon yo ak tout lòt fòm mank yo fè yo vin pran plis jarèt. Gen moun ki panse peyi a ap vin rele yo *chè mèt, chè mètrès*.

## Kèk etap pou konprann divès tèz nan zafè ONG an Ayiti

Aprè 1986, epi sitou aprè lane 1991, yon bann travay te pibliye sou ONG yo (e.g., Castor 1992 : Castor and CRESFED 1992 : Cooley-Prost 1992 : Ethéart 1991 : Eyma 1992 : Junot 1992 : Mathurin, Mathurin, and Zaugg 1989 : Mathurin 1991 : Midy 1992). Travay sa yo te chita sou ipotèz ke ONG yo ka jwe yon wòl enpòtan nan zafè *demokrasi* an Ayiti.

Men kèk lane aprè, bagay yo pat parèt senp ankò. Anpil Ayisyen kritike fason ONG yo ap ajè nan peyi a. Kèk moun menm koumanse pale de yon *klas ONG* ki jwi anpil privilèj. Aprè retou Prezidan Aristid nan lane 1994, yon latriye ONG layite kò yo nan peyi a. Pou Sauveur Pierre Étienne (1997), yo *anvayi* nou. Aprè dezyèm depa fòse Aristid la nan lane 2004, peryòd enterimè a louvri vàn pou yon lòt vag ONG, ki vin pi rèd aprè siklòn Jàn lan, nan menm lane a. Kriz lavi chè a ak yon rafal kat (4) siklòn nan lane 2008 ouvè tout pòt yo nèt. Nan moman sa a, atik Janil Lwiji la (2009), « ONG : Ki Gouvènman Ou Ye ? » mennen deba a pi lwen. Pou li, ONG yo genyen yon konpòtman *enperyalis* : yo ap

afebli Leta Ayisyen an pandan yo ap enplante sistèm kapitalis la nan mitan popilasyon an.

12 janvye vin montre aklè nesesisite pou nou pi byen konprann, kwòdone, epi mete kontwòl sou enstitisyon prive sa yo ki *antresòti jan yo vle, epi fè sa yo vle* an Ayiti. Kad legal 1989 la vize ONG ki swadizan ap travay nan zafè *devlopman* tandiske pifò aksyon enstitisyon sa yo poze konsèn *èd imanité*. Sa montre nesesisite poun repanse kad legal la, ki te youn nan pi gwo anje pou yon « Premyè Fowòm Nasyonal sou ONG » ke Unité de Coordination et d'Administration des ONG (UCAONG), yon sèlil anndan Ministè Planifikasyon, te òganize nan mwa oktòb 2013.

Nan oktòb 2016, Siklòn Matye te frape Gran Sid la : mòn yo vin toutoni apre gwo van te retire tout fèy nan pyebwa yo. Oparavan, zòn nan te gen pi plis pyebwa epi li te youn nan kote ki pwodwi plis manje nan peyi a. Vitès van an mete Matyen an kategori 4 : dènye fwa yon fòs ouragan te konsa, se te nan lane 1954: Hazel, ki te enspire premye “envazyon” ONG. Fwa sa a, malgre gwo menas pou lamanjay epi lavni peyi a, pwomès ki vini annapre te 100 fwa mwens ke sa ki te pwomèt apre tranblemanntè 12 janvye 2010 la. Fas a katastwòf sa a, repons ONG yo chanje figi. Men an reyalite, kisa ki te chanje an pratik ?

Ki kad oubyen ki tèz ki ka plis esplike reyalite ONG yo jounen jodi a ? Èske modèl HAVA, Étienne, Lwiji s tedevele ann Ayiti sou ONG toujou itil pou konprann sitiyaasyon aktyèl la ? Sinon, Ki kad oubyen ki tèz ki ka plis esplike sitiyaasyon jounen jodi a ? Èske modèl sa yo itil pou konprann sitiyaasyon aktyèl la ? Ki modifikasyon nan gran liy teyoriksa yo ki ap nesesis pou nou byen sezi reyalite ki poze jounen jodi a ? Oubyen èske nou ta dwe derape avèk yon nouvo seri konsepsyon ONG yo ?

Nimewo *Chantiers* sa pral eksplòre kesyon sa yo.

### « Repiblik ONG » oubyen « okipasyon imanité » ?

Depi dis (10) dènye lane yo, ONG yo ap vale teren nan kantite, nan nivo travay, epi nan kòb yo konn resevwa: se sa kèk chèchè (e.g., Agg 2006 : Riddell 2007 : Scholte and Schnabel 2002) kalifye yon « eksplozyon ONG » (an anglè, « NGO boom »). Esplozyon

sa a, se yon rezilta chanjman nan politik bayè de fon yo. ONG yo vin yon aktè sosyal ak politik pi pwisan de jou an jou. Anpil ONG jwe wòl Leta ta sipoze jwe, yo vin yon enstriman kap « bouche twou » (an anglè, « gap filler »). Twou nan sèvis piblik yo se yon rezilta restriktirasyon neyoliberal (e.g., Markowitz 2001 : McGregor et al. 2013 : Richard 2009). Nan anpil ka, ONG entènasyonal (ONGE) ap pran devan gouvènman nasyonal yo nan bidjè, nan pèsònèl, epi nan fason yo kontwole teritwa (e.g., Lewis 1997 : Robins 2009). Nan kèk kote, ONGE yo vin yon « Leta paralèl » ki montre yon kapasite pou yo pran desizyon andeyò otorite etatik yo (e.g., Bailey 1998 : Davis 2003 : Fisher 1998).

Ayiti se yon bèl egzanp fenomèn nap pale a, menm anvan 12 janvyè. Nan lane 2009, Anvwaye Espesyal Nasyonizini Bill Clinton te di gen 10,000 ONG kap travay nan peyi a, malgre 400 nan yo sèlman te enskri ofisyèlman nan UCAONG. Apre katastwòf sa a, kèk moun te batize Ayiti avèk yon lòt non, « Repiblik ONG » (e.g., Kristoff and Panarelli 2010). Apre tranblemanntè a, anpil gouvènman ak ajans entènasyonal te pwomèt plis pase 12 milya dola U.S. kòm « èd ». Mwatye nan èd sa a te sipoze bay nan dizwit (18) premye mwa yo. Sitwayen diferan peyi te bay plis pase 3 milya dola. Dapre Asistan Anvwaye Espesyal Nasyonizini an, Paul Farmer (2011), sèlman 1 % èd ijans lan te rive jwenn Leta Ayisyen.

Èske Ayiti tounen yon « Repiblik ONG » jan yo konn dili a? Eslogan sa a pran jarèt apre fason èd imanité a te dirije : tout desizyon te pran nan LogBase Minustah, menm lè desizyon pou sa nou ka rele « devlopman » te pran nan CIRH – an franse, Commission Intérimaire pour la Reconstruction d'Haïti, yon enstans ansyen prezidan ameriken Bill Clinton teap ko-dirije ak Premye Minis ayisyen an, Jean Max Bellerive. Gen kote tankou Leyogàn, pi pre episant seyis la, chak bout lari, chak grenn kalfou, gen yon pano kiap idantifye yon ONG. Koze « Repiblik ONG » sa a raple nou eslogan « Repiblik Pòtoprens » la, ki konsène santralizasyon pouvwa nan kapital la. Dènye eslogan an li menm, se « Repiblik Dayiti ». Nan jwèt sa a, pi piti Repiblik la, se Repiblik Dayiti. Menm Reprezantan Nasyonizini sèvi ak eslogan « Repiblik

ONG » a. Se yon fason pou meprize Leta Ayisyen, pou rann li envizib.

Mòd pawòl sa yo kache yon fenomèn enpòtan. Non sèlman se ONG kiap pran tout pouvwa, men anplis, se nan yon kontèks kote peyi a anba okipasyon militè Nasyonzini depi 2004. Prezans sòlda Nasyonzini yo reflekte klèman kijan peyi a pèdi dwa grandèt majè li. Se menm sistèm Nasyonzini sa a ki pote kolera a kiap dirije sistèm ijans imanite a. Kit yo konsyan, kit yo egare, ONG yo jwe yon wòl nan retire trip mete pay.

### **Tèm ki abòde**

Nimewo revè sa a gen onz (11) atik – nan lang kreyòl kou lang franse – avèk otè fanm kou gason, Ayisyen kou etranje, sektè ONG kou sektè inivèsite. Atik yo pote mak fabrik plizyè disiplin: sosyoloji, syans politik, filozofi, antwopoloji. Otè yo abòde pwoblematik relasyon ant Leta ak ONG, gouvènans, ideyoloji ak diskou, diferans ant diskou ak pratik, mikwo-dimansyon pouvwa, relasyon ant ONG Ayisyen ak ONG entènasyonal, inegalite sou tout fòm, lojik imanite, viziblite, relasyon ant ONG ak mouvman sosyal, enpak lajan, lojik pwojè, elatriye. Otè yo sèvi ak divès kouran entelektiyèl ak gwo non tankou Foucault, Weber, Marx, ak lòt ankò. Epitou otè yo gen divès pèspektiv ak kritik, swa refòmis swa radikal.

Plizyè otè pale sou entèraksyon ant Leta ak ONG. Anreyalite, gen yon sèk ki fè nou vire anwon : kote Leta Ayisyen absan, inefikas, oubyen manfouben, ONG yo parèt pou yo konble vid la. Plis sa fèt, plis Leta ap febli. Kèk otè swete yon reyòganizasyon relasyon ant Leta avèk ONG yo ki ta dwe gen pou kondisyon yon Leta responsab, granmoun tèt li. Se sa ki dèyè konsèp « patenarya » - yon relasyon egalego ant 2 « patnè ». Pwoblèm inegalite a poze sou plizyè fòm, tankou plizyè atik keksyoneli. Inegalite ant ONG Ayisyen ak ONG entènasyonal, pa egzanp, reflekte relasyon jewopolitik yo : Ayiti toujou anba dominasyon gran pwisans tankou Etazini ak Ewòp, ak ajans entènasyonal. Se sa Djems Olivier rele « soutretans », kote ONG Ayisyen sèlman la pou egzekite pwojè, *kou li cho li kwit*.

Maksis ak entelektiyèl radikal yo, moun ki lidè nan mouvman sosyal yo, repodwi menm inegalite klas yo nan fason yo trete ti pèsonèl ki ap travay avèk yo, sa ki gen yon « mikwo-dimansyon » pouvwa pou Ilionor Louis. Enstabilite nan sektè pwogresis yo ak nan mouvman sosyal yo, epi prekarite parapò avèk lajan, se yon preyokipasyon plizyè mouvman, epi plizyè tèks nan rèvi sa a tou.

Lojik imanité, viziblité, ak pwojè, se yon fil kiap koud plizyè atik ansanm. Lojik pwojè baze sou prèv, yon « bèl foto », oubyen yon viziblité. Lojik sa a dèyè plizyè aksyon ONG : si li kapab vizib, se sa yo fè, menmsi sa yo fè yo pa dirab, menmsi popilasyon an teap tann yon lòt bagay. Lojik imanité a, se sa nèt : olye deviz la se travay ansanm avèk popilasyon an, li se *fè pou* popilasyon an. Sa minimize, sa menm enfantilize popilasyon an nan langaj Louis (2012).

Atik yo plizumwen swiv kouran sa a ki devlope a. Premye atik la bay yon istwa jeneral ONG, se yon pwofesyonèl nan sektè a depi lontan ki ekri li, Colette Lespinnasse. Otè a, ki ap reflechi sou entèraksyon ant Leta ak ONG, souliye ONG yo vin pi sou moun apre epòk kriz. ONG yo jwe wòl entèmedyè. Pafwa, se ant popilasyon an, osinon « sosyete sivil » la, ak Leta. Gen de lè tou, se ant Leta avèk bayè fon yo. Atik la fini avèk yon rapèl istorik epi yon avètisman konsènan danje lajan poze nan mitan òganizasyon yo.

Alfred Pierre, Khalil Cambron ak Osée Olibri (Yon ekip ORREM : Observatoire de Recherche sur les Rapports Élités-Populations et les Migrations an franse, ki atache Fakiltè Etnoloji) analize wòl ONGE te jwe nan konstitiyè sosyete sivil, sitou aprè kriz tankou 12 janvyè. Baze sou yon rechèch kalitatif avèk plizyè reprezantan ONG Ayisyen kou Entènasyonal, atik la montre kijan ONGE gen tandans pran plas ONG Ayisyen epi mete yo sou kote, men li konkli avèk yon seri pwopozisyon pou 'patenarya' sa a kapab pi byen òganize.

Lucien Maurepas, yon pwofesè nan Fakiltè etnoloji Inivèsite Leta a, analize bò kote pal de (2) kouran ideyolojik sou koze « devlopman » : youn se « modènizasyon », lòt la rele « revolizasyon ». Atik li a bay yon analiz kritik sou kijan konsèp

« developman » epi « sou-developman » mal pou mezire. Maurepas pote anplis yon seri klarifikasyon nan diskisyon kritik sa a.

Josué Vaval, dwayen nan Fakilte Syanzimèn Inivèsite Leta a, enteroje listwa avèk analiz pa li sou yon diskou Harry Truman te fè nan lane 1949 kote Prezidan ameriken an tretetèm « developman ». Vaval analize kijan *diskou developman* an tradwi sou fòm aksyon nan ajans entènasyonal yo, sitou PNUD ak Bank Mondyal, epi li fè limyè sou kontradiksyon yo.

Atik « Classe-ONG et distance sociale » pote yon analiz ki marande Marx ak Weber. Chef Depatman Syans Devlopman nan Fakilte Etnoloji Inivèsite Leta a, Ilionor Louis, kesyone pètinans konsèp *klas ONG* a. Nan sans klasik Maksis, ONG pa yon klas, men pito yon franj nan tiboujwazi a. Tèks Louis a demontre divèjans ant diskou ak pratik, nan mikwo-dimansyon inegalite yo.

Antwopològ Djems Olivier atire atansyon nou sou dimansyon soutretans ONG yo. Olivier kesyone *diskou patenarya* a. Li mande ki travay ideyolojik konsèp la bay? Otè a entwodwi twa konsepsyon patenarya : nòmatif, estetik, oubyen pragmatik. An reyalite, pratik sa yo plis sanble avèk soutretans, avèk yon lojik dominasyon kiap repodwi inegalite.

Filozòf Odonel Pierre-Louis, Pwofesè nan Lekòl Nòminal Siperyè Inivèsite Leta Ayiti, nan atik li a sou aksyon imanité nan Kanaran ak lòt katye popilè, fè plas pou yon lojik otosifizans. Nan yon kontèks kote Leta a absan, yon òganizasyon fanm, pa egzanp, jouk rive di « se nou ki Leta ». Pierre-Louis pote pou nou konsèp « mancipation » – pran nan men – ki se opoze « émancipation ». Pou li, aksyon imanité yo gen tandans demobilize popilasyon an, rann li pi depanndan, nan fè pou moun yo.

Antwopològ Andrea Steinke pote nyans pa li. Li konpare de (2) ONG, youn Katolik, youn Pwotestan : youn Ayisyen, youn etranje. Yo gen preske menm pwogram : relojman moun ki sinistre apre 12 janvyè 2010 nan Jakmèl. Diferans ant yo de (2) a, se fason yo sèvi ak lafwa nan chwa benefisyè yo. Karitas Jakmèl sèvi ak otorite moral li tankou Diakonie li menm kache dèyè Kòd Kondwit Lakwawouj.

Nan menm kèsyonnnman lojik viziblité sa a, antwopològ Scott Freeman mete yon fòkis sou lojik pwojè. Li bay de (2) egzanp pwojè devlopman nan zòn riral yo. Pwojè yo se yon mwayen echanj nan yon ekonomi èd. Kapital pwojè yo bay kèk lidè nan zòn yo pouvwa, epi yon pozisyon pou yo fè kapital yo. Lajan se rapò yo nan ekonomi sa a.

Lojik pwojè pa rete sèlman nan imanité oubyen nan devlopman. Antwopològ Julia Schöneberg montre akèl danje ki pandye sou mouvman sosyal yo. Atik li a prezante evolisyon relasyon ant yon mouvman epi de (2) ONG entènasyonal ki te vin « patnè » mouvman sa a. Li pwofite poze yon seri keksyon kritik sou kijan anpeche lojik pwojè kraze endepandans, egalite, ak otonomi mouvman yo.

Nan yon tantativ pou makonnen plizyè fil konvèsasyon nan lòt atik yo, Mark Schuller poze yon keksyon : èske nou bezwen repanse ONG tankou yon vèb olye yon non ? Deba sou ONG yo pap ka rezoud nan fòs kote. Souvan mo « ONG » se jouman ki kraze posiblité pou ONG yo fè oto-kritik yo. Olye nou mande *kisa yo ye*, nou kapab reflechi pito sou *kisa yo fè* !

Mark SCHULLER

## Bibliyografi

- Agg, Catherine. 2006. Trends in Government Support for Non-Governmental Organizations: Is the “Golden Age” of the NGO Behind Us? Geneva: United Nations Research Institute on Social Development.
- Bailey, Katherine M. 1998. *NGOs Take to Politics: the Role of Non-Governmental Organizations in Mexico's Democratization Effort*. Pittsburgh Pa. ? : Latin American Studies Association.
- Castor, Suzy. 1992. “Democracy and Society in Haiti: Structures of Domination and Resistance to Change.” *Social Justice* no. 19 (4):126-137.
- Castor, Suzy, and CRESFED. 1992. *Ti koze sou kooperativ*. Pòtoprens : CRESFED.

- Cooley-Prost, Elizabeth. 1992. Intervention démocratique - Les ONG: Qui fait quoi? Paper read at ONG, groupes de base et démocratie en Haïti, April 24-26, at Port-au-Prince.
- Davis, Coralynn. 2003. "Feminist Tigers and Patriarchal Lions: Rhetorical Strategies and Instrumental Effects in the Struggle for Definition and Control over Development in Nepal." *Meridians: Feminism, Race, Transnationalism* no. 3 (2):204-249.
- Ethéart, Bernard. 1991. "Les organisations non-gouvernementales: définition, caractéristiques, mode de fonctionnement." In *Définition, Rôle et Fonction des ONG: Cahier 2*, edited by HAVA, 10-12. Port-au-Prince: HAVA.
- Étienne, Sauveur Pierre. 1997. *Haiti: L'Invasion des ONG*. Port-au-Prince, Haiti: Centre de Recherche Sociale et de Formation Economique pour le Développement.
- Eyma, Émile, Jr. 1992. Organisations non-gouvernementales (ONG), groupes de base et action politique. Paper read at Association québécoise des organismes de coopération internationale (AQOCI), April 24-26, at Port-au-Prince.
- Farmer, Paul. 2011. *Haiti after the Earthquake*. New York: Polity Press.
- Fisher, Julie. 1998. *Nongovernments: NGOs and Political Development of the Third World*. West Hartford, CT: Kumarian Press.
- Junot, Felix. 1992. "ONG et groupes de base: Panorama, profil et avenir de ces organisations dans la société haïtienne." In *ONG, groupes de base et démocratie en Haïti*, edited by Jacques Raymond, 47-53. Montréal: Association québécoise des organismes de coopération internationale (AQOCI).
- Kristoff, Madeline, and Liz Panarelli. 2010. *Haiti: the Republic of NGOs?* Washington: U.S. Institute of Peace.
- Lewis, David J. 1997. "NGOs, Donors, and the State in Bangladesh." *Annals of the American Academy of Political and Social Science* no. 554 (ArticleType: research-article / Issue Title: The Role of NGOs: Charity and Empowerment /

- Full publication date: Nov., 1997 / Copyright © 1997 American Academy of Political and Social Science);33-45.
- Louis, Ilionor. 2012. "La Fracture (2)." *Haïti en Marche* no. XXVI (8):12-14.
- Lwijis, Janil. 2009. *ONG: Ki gouvènman ou ye? Pòtoprens: Asosyasyon Inivèsite ak Inivèsitèz Desalinyèn - ASID.*
- Markowitz, Lisa. 2001. "NGOs, Local Government, and Agrarian Civil Society: a Case of Evolving Collaboration from Southern Peru." *Culture and Agriculture* no. 23 (1):8-18.
- Mathurin, Alliette, Ernst Mathurin, and Bernard Zaugg. 1989. *Implantation et Impact des Organisations non Gouvernementales: Contexte Général et Étude de Cas.* Port-au-Prince: GRAMIR.
- Mathurin, Maguy. 1991. "La participation dans le développement en Haiti: Bilan et perspective." In *Définition, Rôle et Fonction des ONG: Cahier 2*, edited by HAVA, 13-16. Port-au-Prince: HAVA.
- McGregor, Andrew, Edward Challies, John Overton, and Lee Sentes. 2013. "Developmentalities and Donor-NGO Relations: Contesting Foreign Aid Policies in New Zealand/Aotearoa." *Antipode: A Radical Journal of Geography*.
- Midy, Franklin. 1992. Contribution des ONG haïtiennes au processus démocratique en Haïti. Paper read at Association québécoise des organismes de coopération internationale (AQOCI), April 24-26, at Port-au-Prince.
- Richard, Analiese. 2009. "Mediating Dilemmas: Local NGOs and Rural Development in Neoliberal Mexico." *Political and Legal Anthropology Review* no. 32 (2):166-194.
- Riddell, Roger. 2007. *Does Foreign Aid Really Work?* Oxford: Oxford University Press.
- Robins, Steven. 2009. *Mobilising and Mediating Global Medicine and Health Citizenship The Politics of AIDS Knowledge Production in Rural South Africa, IDS working paper.* Brighton: University of Sussex, Institute of Development Studies.

Scholte, Jan Aart, and Albrecht Schnabel. 2002. *Civil society and global finance, Warwick studies in globalisation*. London : New York: Routledge.

# Kijan pou nou konprann prezans ak wòl ONG yo an Ayiti ?

Colette LESPINASSE

**D**e jou an jou, devan kantite ONG k ap ferye an Ayiti ak plas yo okipe nan tout domèn, anpil moun ak poze kesyon sou òganizasyon sa yo. Devan yon Leta ki fèb, ki pa ka jwe wòl li kòmsadwa, anpil moun twouve ONG yo gen twòp plas, twòp mwayen, twòp pouvwa. Chak jou pi plis, kritik kont ONG yo ap vin pi fò. Sa pouse moun reflechi sou fenomèn sa a. Atik mwen an ale nan sans yon refleksyon pou konprann pi byen kesyon ONG yo an Ayiti.

## Istwa prezans ONG yo nan peyi Dayiti

Depi peryòd kolonyal la e menm apre lendepondans, legliz katolik ki te antre nan koloni a ansanm ak kolon yo, te abitye fè lacharite pou moun ki pa jwenn manje, oswa ki pa gen pèsoun pou pran swen yo lè yo malad. Nan moman sa yo, pa t gen anpil moun ki te tèlman nan lamizèjoustàn yo pa t menm kapab mete men nan bouch oswa pa ka jwenn okenn fanmi oswa zanmi ki vin pote yo sekou. Konsa, aktivite lacharite a te rete yon bagay majinal ki te touche yon ti gwoup moun.

Nan lane 1950 yo, apre yon serisiklòn fin frape Ayiti, detwi jaden peyizan, detwi anpil kay, bèt, peyi a koumanse resevwa èd manje ak rad ki soti aletranje. Se sitou Sosyete Lakwawouj ak Legliz yo ki te konn okipe distribye èd imanite sa yo. Se nan moman sa a, pawòl yo rele sinistre koumanse vin alamòd pou fè referans a moun ki te viktim katastwòf natirèl sa yo. Se nan

menm moman sa a tou, pawòl pèpè a vin rantre nan vokabilè pèp ayisyen an, paske anpil nan èd sa yo, tankou vye rad, vye soulye ki soti aletranje, te konn pase nan men monpè nan presbitè pou distribisyon.

Nan menm epòk sa a, Ayiti t ap viv yon gwo kriz ekonomik, ki te sekwe sitou peyizan yo, men ki te gen konsekans sou majorite popilasyon an. Kriz sa a, se rezilta manfouben Leta ki pa janm okipe peyizan yo ak milye riral la alòske depi lendepandans se sou do moun sa tout ekonomi peyi a te repoze. Politik Leta a te lakòz peyizan yo vin pi pòv chak jou e nivo pwodiksyon agrikòl la t ap bese paske pa gen envestisman ki te fèt nan sektè sa a. Se nan kontèks sa a, yon seri ONG entènasyonal vin koumanse tabli nan peyi a pou pote sekou nan milye riral la.

Men se sitou apati lane 1970 yo, sou Jan Klod Divalye ki te pretann li vle fè, anndan diktati li t ap dirije a, yon ouvèti demokratik, ke ONG tout plim tout plimay vin militipliye anpil an Ayiti. Nan moman sa a, pwoblèm lamanjay late vin pi grav, e sa te menase diktati a. Nan yon liv, yo ekri an 1989 sou ONG yo an Ayiti, 3 chèchè (Alliette Mathurin, Ernest Mathurin ak Bernard Zaugg) ekri : « *Alòske kantite kalori nòmalman yon moun ta dwe pran chak jou se ant 2300 a 2500, kantite kalori yon ayisyen te rive jwenn pa jou an 1970 te desann a 1970* ».<sup>1</sup> Konsa, plizyè ONG etranje, sitou anba labanyè legliz yo, koumanse entèveni nan milye riral la pou ede peyizan yo travay latè nan ba yo semans ak ankadreman teknik.

Plis kriz Leta a t ap ogmante, se plis te gen ONG ki t aparèt. Bò kote pa l, Leta ayisyen avèk bourad yon seri gwo òganizasyon potanta nan kominote entènasyonal la tankou BID, USAID, monte yon pwogram ke Jan Klod Divalye te rele « *Revolisyon ekonomik* ». Pwogram sa a te gen ladan l aktivite ekonomik tankou faktori, pwomosyon agrikilti pou espòtasyon e li te pèmèt tou yon ti ouvèti demokratik. Nan epòk sa a, kèk pati politik koumanse parèt tèt yo. Bò kote pa yo, gen yon seri gwoup ki koumanse reflechi sou rezon ki lakòz peyizan yo tonbe

1. Implantation et Impact des Organisations non gouvernementales, Collection Recherches en Développement, SHSE-CIDIHCA-ARUNGA, 1989.

nan malsite konsa. Yo pwofite de « ouvèti demokratik la » pou ankouraje peyizan yo òganize tèt yo an gwoupman pou yo kapab travay pi byen, men tou pou reflechi tou sou sitiyasyon yo. Se konsa gwoupman peyizan vin pouse kou dyondyon toupatou, animasyon gwoupman peyizan koumane gaye nan tout peyi a. Tonton makout (ki se fòs siveye-rapòte-arete-reprime Divalye te mete sou pye), te koumanse pèdi kapasite pou yo kontwole tout sa ki t ap di, tout sa ki t ap fèt sou tèritwa a. Chanjman oryantasyon ki te fèt nan yon seri òganizasyon te ede tou. Paregzanp, nan koumansman ane 80 yo, Karitas yo ki prezan nan tout dyosèz nan peyi a, te pran desizyon pou yo apiye travay agrikilti peyizan yo ap fè olye pou yo kontinye ap plede distribye manje sinistre.

Yon lòt bagay ki te ankouraje ONG yo vin tabli an Ayiti seenfòmasyon ki t ap sikile aletranje sou konsekans diktati a te genyen sou popilasyon ayisyèn nan ki t ap viv yon kriz ekonomik malouk. Konsa, gen peyi etranje ki te yon jan jennen pou montre aklè y ap sipòte rejim nan, y ap ba l mwayen pou l fonksyone. Yo koumanse pase yon pati èd la pa ONG lakay yo ki vin fè pwojè ak popilasyon an dirèkteman, san yo pa bezwen pase pa Leta. Konsa, plis ONG etranje vin gaye kò yo ankò sou teren an. Gen lòt ki ankouraje gwoup ayisyen monte ONG, epi yomenm yo ede yo chache lajan pou yo fonksyone.

An 1986, Diktati Divalye a tonbe. Baboukèt la tonbe tou. Pèp ayisyen an revandike dwa l pou l pale, pou l fè asosiyasyon, pou l fè revandikasyon. Anpil gwoup tout kalite, nan tout domèn vin kreye: asosiyasyon fanm, asosiyasyon jèn, gwoup nan katye popilè, asosiyasyon pwofesyonèl, sendika, eksetera. Soti 1986 pou rive 1991, dat kote premye eleksyon demokratik yo te fèt, peyi a viv omwen 4 koudeta militè. Nan chak evenman sa yo, peyietranje ki konn bay Ayiti bourad lajan, koupe èd la, men yo kontinye pase pa ONG yo pou finanse pwojè. Pou kapte èd sa a, plis ONG vin tabli kò yo ankò sou teren an. Dapre rechèch GRAMIR la, an 1985, èd ki te pase nan men ONG yo te reprezante 20 % nan èd entènasyonal Ayiti te reseswa. Menm etid la montre yon òganizasyon tankou ACDI (Ajans Kanadyen yo pou Devlopman Entènasyonal) te pase 8 % èd li bay Ayiti an 1975 pa ONG yo,

alòske pou rive 1984, pousantay ki pase pa ONG yo te monte a 40 %. Nan sa ki konsène kantite ONG ki aktif nan peyi a, Bank Mondyal te estime an 1987 te gen anviwon 300 konsa sou teren an ki anrejistre.<sup>2</sup> Men gen moun ki di nan moman sa a, te gen plis pase yon milye e chak jou yo t ap ogmante. An 1995, nan lis HAVA (yon Asosiyasyon ONG k ap evolye an Ayiti) te pibliye, li te montre ONG yo t ap entèveni nan preske tout domèn: agrikilti, elvaj, edikasyon, sante, èd alimantè, alfabetizasyon, asistans legal, atizana, asistans teknik, kredi, akonpayman sosyal, anviwonman, dwa moun/dwa fanm, dlo potab, lwazi, asistans sosyal (èd pou yon seri gwoup vilnerab tankou timoun, andikape), eksetera....<sup>3</sup>

### 12 janvye 2010 : Tranblemanntè, piyay lage

Depi omwen fen ane 90 yo, anpil obsèvatè te koumanse yon ti jan enkyè lè y ap konstate kantite ONG ki t ap entèveni an Ayiti poukont yo nan yon seri domèn kle kote Leta ta dwe prezan. Yo te enkyè anpil, paske paralèlman yo te konstate Leta a t ap retire kòl, li t ap disparèt nèt nan yon seri domèn ki se reskonsablite l. Men lè tranbleman tè a vin frape Ayiti 12 janvye 2010, bagay yo gaye nèt: anpil enstitisyon kraze, anpil kad nan Leta ak nan prive mouri, peyi a anba dekonm. Apre trajedi sa a ki te lakòz plis pase 250,000 moun mouri, dapre estimasyon ki fèt, anpil ONG, anpil lòt asosiyasyon oswa endividi te soti toupatou sou latè pou vin pote sekou. Peyi a ki te deja pa t an mezi kowòdone travay ONG yo vin pèdi kontwòl nèt. Dapre yon atik ki soti sous Entènèt nan “Egalité et Réconciliation”, an 2012, te gen plis pase 10,000 ONG ki t ap ferye an Ayiti.<sup>4</sup> Yo rive kapte anpil milya dola kòm don pou Ayiti. Men se yon ti kras sèlman ki rive nan peyi a pou pèmèt yon tièd imanité distribiye. Dapre Associated Press, se sèlman yon pousan nan kòb ki te ranmase nan epòk sa a ki rive nan men Leta ayisyen. Rès 99 % pase nan men ONG ak lòt ajans. Men gen anpil gagòt, gaspiyay, vòl ki fèt ak lajan sa a. Jounalis, sineyas

2. Implantation et Impact des Organisations Non Gouvernementales, cas Haiti, GRAMIR, 1989

3. Haiti, ONG 1995, Répertoire des ONG, Fondations et Associations, HAVA

4. Pourquoi les ONG sont un problème, Egalité./ et Reconciliation, janvye 2016.

realize plizyè dokiman tè ak repòtaj pou montre ki kalite piyaj yon seri òganizasyon entènasyonal ak ONG fè nan lajan ki te bay pou pèp ayisyen an apre tranbleman tè a. Sa ki pase a vin lage plis kritik, plis dout ak rejè sou ONG yo. Apre vag finansman pou tranbleman tè a fin pase, gen anpil ONG ki kite peyi a. Men gen kèk toujou ki rete, paske toujou gen katastwòf an Ayiti tankou kolera, sechrès e menm rapatriman fòse. Tranbleman tè a febli anpil ONG lokal ki te pèdi anpil mwayen ak manm pèsònèl yo nan trajedi sa a. Men gen yon bon kantite ki kontinye fonksyone kanmenm.

An janvye 2016, pèsòn pa ka di egzakteman konbyen ONG k ap ferye nan peyi Dayiti. Men sa ki sèten, ou jwenn yo tout kote, nan tout domèn, menm nan aktivite senp ki natirèlman ta dwe sou kont otorite lokal yo tankou paregzanp ranmase fatra nan yon katye, ede timoun ki fèk fèt gen batistè. Nan pwovens yo, depi w fin kite gran vil yo, espesyalman kapital la, li difisil pou pa jwenn yon ONG ki gen yon ti pwojè l ap fè nan domèn edikasyon, lasante, agrikilti, eksetera. Souvan ONG sa yo makònen avèk yon legliz e zèv sosyal y ap fè a se yon fason pou mennen fidèl bay legliz la.

### **Anpil konfizyon sou zafè ONG a**

Kisa ki se yon ONG menm? Li trè difisil pou jwenn yon definisyon klè pou dekri kisa yon ONG (ki vle di yon Òganizasyon Non Gouvènmanntal (ONG) ye, kit se an Ayiti kit se nan lòt peyi, tèlman yo touche anpil domèn. Onivo entènasyonal, yo konsidere kòm ONG tout asosiyasyon nan sosyete sivil la, ki pa Leta, ki pa yon pati politik, kèlkilanswa domèn kote li ap evolye a, kèlkilanswa nan sektè li yea tankou: asosiyasyon k ap defann dwa moun (fanm, timoun, andikape, migran eksetera), asosiyasyon k ap defann anviwonman, ki travay nan zafè ekonomi solidè, k ap goumen kont politik neyoliberal, k ap fè pwomosyon lakilti, ki bay èd imanite, eksetera. Gen kote, yomenm konsidere sendika yo, fondasyon antrepriz prive, asosiyasyon pwofesyonèl, asosiyasyon patwon nan sektè ONG a. Se poutèt sa, lè gen gwo rasanbleman entènasyonal sou yon sijè tankou reyinyon entènasyonal sou dwa

fanm, dwa timoun, dwa andikape, reyinyon entènasyonnal sou zafè anviwonman eksetera, nou wè yo mete anba labanyè ONG tout gwoup ki pa reprezante Leta e ki gen yon pawòl yo vle di sou koze k ap diskite a.

Men gen kote, yo pa mete gwoup sa yo nan mitan ONG. An jeneral, yo konsidere kòm ONG yon asosiyasyon, sa vle di yon regwoupman moun, ki bay tèt li kòm objektif pou l travay nan benefis yon lòt gwoup kivilnerab, ki viktim enjistis, oswa k ap soufri yon pwoblèm kèlkonk. Nan sans sa a, ONG a se yon asosiyasyon ki pa sipoze la pou travay nan enterè pwòp tèt pa l, nan benefis moun ki manm li, men ki la pou pote solidarite ak lòt gwoup ki gen pwoblèm oswa k ap travay pou yon kòz byen detèmine.

Anpil ONG pran nesans avèk yon bèl lentansyon, yon bèl motivasyon pou gen plis jistis sou tè a. Gen de lè se lafwa manm fondatè yo ki gide yo, gen de lè se angajman yo pou respè dwa moun, lòt fwa se sansimanite yo kòm moun ki fè yo revòlte kont yon sitiyasyon ki pa bon, ki fè yo deside mete ansanm pou monte yon òganizasyon. Malerezman, gen de lè nan mitan wout, ONG yo konn devye, yo kite gwo lide ak vizyon ki te gide manm fondatè yo pou pran yon seri wout ki pa ale ditou ak sa yo te pretann y ap fè. Souvan yo antre nan yon sistèm fonksyonman ki fè yo pèdi lòlòy yo, e pesonn pa konnen ankò kisa yo ye. *“Nan rapò ki genyen ant peyi endistriyalize yo ak peyi ki vin pòv yo, ONG yo defini aksyon yo dapre bezwen yo idantifye, men yo pa aji dapre yon analiz global yo fè sou kesyon soudevlopman an”*.<sup>5</sup>

An Ayiti, nou jwenn divès kalite ONG ki prezan sou teren an: ONG ki soti nan legliz, ONG ki soti nan mitan moun ki pa kwayan men ki revòlte devan yon seri enjistis sosyal, ONG ki fonde pou fè pwomosyon yon seri lide, valè eksetera. Pami ONG yo, genyen ki fèt nan peyi a, gen lòt ki soti aletranje e ki vin tabli kò yo sou teritwa a pou yon ti bout tan oswa pou yon tan ki pa deklare. Gen ONG ki bay tèt yo misyon pou travay sou kesyon ijans, kesyon imanite. Gen lòt ki di y ap fè devlopman : gen lòt ankò ki di yo

5. Implantation et Impact des Organisation non gouvernementales, GRAMIR, 1989

plis chita sou pledwaye, paske yo vle atake kòz pwoblèm yo pou chanje yo nan rasin. An jeneral, ONG yo pa gen yon sèl aspè vre nan aktivite yo.

Gen ONG ki byen estriktire, ki gen manm, plizyè enstans nan estrikti li k ap ba li direksyon. Gen lòt ki gen manm fondatè ak 2-3 grenn moun ki akonpaye l. An jeneral, lè moun sa yo koumanse granmoun, oswa pa kapab kenbe konpa a ankò, ONG a konn tou kraze, menm si li t ap fè yon bon travay. Kesyon estriktirasyon yon ONG pou l kapab dire, se yon gwo pwoblèm sa ye pou ONG Ayisyen yo.

Kèk fwa, plizyè ONG konn mete ansanm pou fè yon federasyon, yon asosiyasyon ONG, yon platfòm k ap travay sou yon sijè. An Ayiti, nou jwenn plizyè tantativ ONG yo te fè pou mete tèt yo ansanm tankou nan HAVA (Haitian Association of Voluntary Agencies). Federasyon ONG sa a pi devan ta pral chanje, paske asosiyasyon ameriken yo te kontwole li twòp. Apre sa, pral gen OPD (Oganizasyon pou Devlopman) ki pa dire. Nan jou sa yo (2016), an Ayiti gen omwen 2 platfòm ONG: CLIO (Cadre de Liaison Inter-ONG) ki regwoupe sitou ONG nan peyi Ewop yo ak yon lòt kowòdinasyon ki fèk parèt e ki regwoupe ONG ameriken yo. ONG natif natal yo pa gen yon asosiyasyon espesyal ki reprezante yo. Men plizyè nan yo enplike nan platfòm sou yon tèm, pafwa pou yon ti bout tan oswa pou pi lontan. Se konsa nou jwenn POHDH (Platfòm Haitien des Organisations de Droits Humains), GARR (Groupe d'Appui aux Rapatriés et aux Réfugiés), Plateforme Haitienne pour un Développement Alternatif (PAPDA), Konesans pour Sove Lavi (regroupement autour de la santé et du développement de l'enfant), Collectif Mines etc. Chak regwoupman sa yo gen dinamik pa yo ak fason yo estriktire. Yo gen tout kalite estati legal: asosiyasyon, fondasyon. Gen lòt ki rete nan enfòmèl, ki pa anrejistre.

Gen yon lwa sou ONG ki la depi finisman ane 1982. Se te yon premye tantativ Divalye pou kontwole aksyon ONG yo ki t ap multipliyè. Depi lane 90 yo konsa, gen deba k ap fèt pou vote yon nouvo lwa sou ONG yo. Malgre anpil reyinyon, nouvo lwa a sa a poko janm vote. Antretan, ONG kontinye pouse kou dyondyon

nan peyi a. Nan Ministè Planifikasyon ak Kowoperasyon ekstèn, gen yon inite ki sipoze okipe l de ONG, yo rele UCAONG (Unité de Coordination des ONG). Men an jeneral, inite sa a gen plis kontak ak gwo ONG entènasyonal yo e li pa kontwole vre sa ONG yo ap fè.

Akòz kritik k ap monte chak jou kont ONG yo an Ayiti, gen òganizasyon ki nòmalman se ONG, k ap fonksyone sou mòd ONG, men ki pa dakò pou rele tèt yo konsa. Sa rann koze ONG a pi flou toujou.

### **Ki diferans ki genyen an Ayiti ant yon ONG ak yon asosiyasyon ?**

Yon ONG se yon asosiyasyon, men tout asosiyasyon pa ONG. Moun kapab mete tèt yo ansanm pou fè asosiyasyon pou tout kalite bagay: yon pwoblèm ki afekte yo, yon kòz yo vle defann, yon lide yo vle fè pwomosyon pou li, yon sitiyasyon yo vle chanje, eksetera. Gen moun ki mete ansanm pou fè asosiyasyon pou defann pwòp enterè yo. Egzanp yon sendika, yon asosiyasyon patwon oswa pwofesyonèl. Gen lòt ki mete ansanm pou travay pou lòt moun ki pa manm asosiyasyon an. Kèlkilanswa objektif asosiyasyon an, li bezwen mwayen pou li fonksyone. Gen de lè se pwòp manm yo ki bay mwayen sa yo, gen de fwa asosiyasyon an al chache mwayen sa yobò kote Leta, bò kote sektè prive, nan men lòt asosiyasyon oswa nan fè pwòp aktivite pa yo.

An Ayiti, se sitou apati sous lajan yo gade yon asosiyasyon pou di si li se yon ONG oswa si li pa ONG. Poko janm gen yon lwa sou asosiyasyon epi lwa sou ONG a yon jan flou. Depi yon asosiyasyon resevwa lajan, sitou lè li soti lòt bò dlo, pou mennen aktivite, yo kalifye li de ONG. Eske depi yon gwoup resevwa lajan nan men lòt pou l mennen aktivite, se ONG li ye pou sa? Antouka, plis kòb la gwo, plis aktivite yo enpòtan epi gen yon karaktè pèmanan, se plis yo konsidere gwoup sa a kòm ONG.

Kèlkilanswa jan w pran li a, sa ki fè souvan diferans ant ONG ayisyen ak ONG etranje yo, se mwayen yo gen nan men yo pou fonksyone. An jeneral, ONG natif natal yo pa gen gwo mwayen e sa parèt aklè nan kantite machin, biwo yo posede,

gwosè aktivite y ap mennen e menm nan salè yo rive peye moun ki travay ak yo. ONG entènasyonal ki prezan sou teren yo parèt gen plis mwayen e yo ka mobilize plis moun pou fè gwo aktivite. Sepandan, gen kèk ti gwoup ONG etranje ki travay tou senp, nan mitan popilasyon an san yo pa gen gwo lajan.

Nan peyi yo rele devlope yo, ONG yo gen kòm mak fabrik òganizasyon ki pa gen gwo mwayen, ki pa peye gwo salè. Se pou sa, souvan ou jwenn lakay yo, moun k ap fè benévola, ki vin bay kout men san yo pa touche pou yon kòz yo kwè ladan. An Ayiti, se pa konsa bagay yo ye. Okontrè moun ki al travay nan ONG ap tann gwo salè, souvan ki pi wo pase sa yo peye nan Leta oswa nan prive, e yo pa fè benévola fasil. Se sa ki konn fè òganizasyon yo, plis y ap layite kò yo, se plis y ap pèdi sans rezon ki te ba yo nesans, paske yo vin genyen anpil fonksyonè e yo pa gen militan pou yon kòz.

A kote ONG nasyonal ak entènasyonal, nou gen tou an Ayiti sa yo rele Oganizasyon entènasyonal (OI oswa OE an Kreyòl). Yon OI se yon òganizasyon plizyè peyi mete ansanm pou kreye e ki dwe travay sou yon kesyon espesyal. Paregzanp, nou gen ajans Nasyon zini yo tankou UNICEF, OMS, FNUAP : nou gen OIM (Oganizasyon Entènasyon Migrasyon) ki se yon regwoupman peyi : OMC ki okipe zafè komès eksetera. Gen òganizasyon ki kouvri tout latè tankou UNCHR ki okipe zafè refijye. Gen òganizasyon entènasyonal ki regwoupe peyi nan yon rejyon tankou paregzanp PADF.

Anpil fwa sou teren an, gen gwo konfizyon tou ant OI, ONG etranje, ONG lokal ak asosiyasyon lokal ki pa fòseman yon ONG.

## **Wòl ONG yo nan ede konstri yon mouvman sosyal an Ayiti**

Gen plizyè moman nan lavi ONG yo an Ayiti. Soti nan ane 50 yo pou rive nan ane 70 yo, ONG ki te prezan an Ayiti yo te sitou travay nan kesyon imanite. Pa t gen vreman yon refleksyon sou rezon ki lakòz yon bann moun ap vin pi pòv chak jou nan peyi a. ONG sa yo pa t tèlman enterese nan zafè òganizasyon, sitou pandan peryòd sa a, peyi a t ap viv anba diktati ki te mete baboukèt

sou tout dwa moun genyen tankou dwa pou kreyeasosiyasyon oswa pou manm gwoupman, libète opinyon, libète sikilasyon, libète pou revandike, eksetera. Se anba chal moun te konn reyini avèk risk pou yo arete w, fèmen w nan prizon, disparèt ou kòm kamoken. Men apati ane 70 yo, avèk mouvman dwa moun ki t ap layite kò li toupatou sou latè ansanm ak mouvman teyoloji liberasyon tou nan Amerik Latin nan, Ayiti resevwa yon ti lòsyè nan van demokrasi ak libète ki t ap soufle a. Piti, piti, kèk òganizasyon koumanse boujonnen, espesyalman anba labanyè ONG legliz yo. Avèk nouvo oryantasyon Karitas (enstitisyon nan legliz katolik ki okipe zafè sosyal) te bay tèt, piti piti, ti gwoup peyizan koumanse boujonnen adwat agòch, yo reyini regilyèman pou yo diskite non sèlman de pwoblèm agrikilti, men de sa ki lakòz peyizan yo ap viv nan lamizè an Ayiti. Fòk nou di nan peryòd sa a, teyoloji liberasyon an te ede anpil, paske plizyè reskonsab Karitas yo se te moun ki te gen anmenm tan yon refleksyon sou pwoblèm sosyal yo. Se nan moman sa a yon seri òganizasyon peyizan tankou Mouvmman peyizan Papay (MPP), Tèt Ansanm nan Nòdwès ak plizyè lòt mouvman peyizan ankò vin boujonnen. Se nan moman sa a tou, plizyè mouvman jèn, mouvman ki rele tèt yo relèvman oswa devlopman koumanse pran jarèt tou.

7 fevriye 1986, diktati Divalye a tonbe. Baboukèt la tonbe, chenn yo kase. Anpil gwoup koumanse parèt nan tout domèn, tout kote. Mas popilè yo koumanse kreye pwòp òganizasyon pa yo nan katye pòv yo. Gen moun ki di pèp la ki te rete dèyè rido a vin parèt sou sèn nan epi li reklame pou yo teni kont de li. Li mande patisipasyon. Se nan moman sa a, yon seri sendika pral kreye tankou sendika enfimye, pwofesè, chofè, eksetera. Se nan peryòd sa a tou òganizasyon fanm yo koumanse pran jarèt pou pote revandikasyon fanm yo byen wo. Ti machann nan mache koumanse òganize kont taks mache. Moun nan katye popilè yo pral òganize yo pou mande pi bon kondisyon lavi, plis travay. Plizyè òganizasyon Defans Dwa Moun vin parèt. Menm nan sektè piblik la, nan antrepriz otonòm Leta yo tankou Teleko (ansyen antrepriz telefon), EDH (antrepriz elektirisite), APN (Otorite Pòtyè Nasyonal) pral gen sendika ki kreye. Òganizasyon sa yo pral jwe

yon gwo wòl nan fè grèv, bloke peyi a pou fòse nouvo dirijan yo pran men yo sou yon seri kesyon politik. Mo chanjman an sou bouch tout moun. Men nan milye ONG yo, anplwaye yo pa rive òganize tèt yo. Sendika nan faktori soutretans yo ki te koumanse parèt tèt yo, sibi anpil represyon. Detan òganizasyon yo ap boujonnen, nou wè plizyè ONG kreye tou, kèk fwa pou kore mouvman an, kèk fwa pou kontwole l, oswa pou detounen l.

Nan rapò li te fè sou sitiyasyon Jan Rabèl 2 lan apre masak ti peyizan yo nan mwa jiyè 1987, Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen (TKPA) te esplike kijan gen yon bann ONG ki vini sou teren an pou kreye nouvo gwoupman, sendika, fè ti pwojè ak yo, detan y ap lage vèni sou gwoupman Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen, epi dekouraje moun patisipe nan mòd òganizasyon konsa. *“Nan zòn Sen Lwidinò, se kowoperativ yo mete kanpe. Kowoperativ sa yo fòme gwoupman peyizan pa yo. Yo prete lajan epi yo ekzije moun yo fè pwopagann kont gwoupman yo. Yo okipe zafè kafe, kakawo, konfiti chadèk, komès..... Nan zòn Valè, Twa Rivyè ak nan zòn Chansòl, FIDA ap fòme G.P.A. (Gwoupman Peyizan Agrikòl). Yo ede gran nèg ki gen anpil tè fè plis rekòt. Yo fè wout pou kreye mwayen pou kontwole pèp la. Yo fè pwopagann tou kont gwoupman Tèt Kole yo. Miwopwojè retounen ankò nan zòn Mawoutye”.*<sup>6</sup>

Soti 1986, pou rive 1995, anpil òganizasyon ki te boujonnen nan sektè popilè a e ki te kòmanse montre yo gen yon nivo konsyans sou pwoblèm y ap viv, te sibi anpil represyon. Koudeta 30 septanm 1991 la te reprezante yon gwo kou pou yo. Gen yon seri gwoup ansanm avèk kèk ONG ki te konn akonpaye mouvman popilè a, ki tou kraze. Depi lè sa a, mouvman ki t ap revandike chanjman an, desounen, menm si ti gwoup adwat agòch kontinye fòme. Konsa, peyi a pa rive konstwi yon gwo mouvman sosyal solid. An jeneral, gwoup ki te kreye yo, kèlkilanswa domèn kote yo ye a, pa rive tabli gwo koneksyon antre yo, ni konstwi yon vizyon komen ki ta ka fè yo tounen yon gwo fòs. Yo rete gaye epi divize. Nan yon sèl ti kominote, gen dwa gen plizyè gwoupman fanm, plizyè gwoupman peyizan ki pa gen okenn kontak antre

6. 23 jiyè 1987-23 jiyè 1989, Sitiyasyon Peyizan Nòdwès yo 2 lane apre masak Janrabèl la, Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen, Federasyon Nòdwès, jiyè 1989

yo. Gen kèk tantativ ki fèt tankou, nan mouvman peyizan an, nan mouvman fanm nan pou rasanble. Men apre yon sèten tan, bagay sa yo vin frèt, yo pèdi tout nannan yo, epi yo disparèt oswa yo antre nan kalmi. Kèk fwa, koze lajan nan men ONG pou fè pwojè, pou finanse aktivite konn youn nan rezon ki fè òganizasyon yo pa ka rete soude ansanm youn ak lòt.

Nan peyi ewopeyen yo, lide charite a kenbe, malgre pwosesis sekularizasyon an te transfòme plizyè estrikti sosyete sa yo. Gen kritik ki wè nan sekularizasyon an yon konsèp Loksidan ki pote yon chay epistemolojik kòm « diskou rasyonnalite ak sekularizasyon sivilizasyon oksidantal la, ki enperyalis e ki pa refleksif » (Brown 2000:13). Konsepsyon sa a, ki gen limit li, te genyen konsekans sou jan yo wè entèvansyon imanité ak devlopman. Menm jan ak « pèspektiv peyi Nò yo sou dikotomi sakre ak sekilye » (Ver Beek 2000), relijyon te pase pou yon sistèm ki opoze ak pwogrè e devlopman. Men layisite, se pa senpman opoze relijyon, se yon kategori ki gen yon istwa konplèks (Hovland 2008). Lide sekularizasyon te vanse *men nan men* ak lide modènité, ki leplisouvan gen yon karaktè ekstrèmman etnosantre.

Dayè plizyè òganizasyon ki gen yon karaktè layik jounen jodia genyen yon istwa ki lye ak lafwa tou. Lakwa Wouj, pa egzanp,

se yon òganizasyon Henry Dunant, ki te youn kretyen konvenki, te fonde. Kwayans li te gen gwo enflyans sou travay imanite li tap fè a. Lòt òganizasyon, tankou Oxfam oubyen Amnesty International, te fonde tou sou prensip etik ak moral kretyen yo (Bradley 2011).

Malgre gwo prezans ONG relijyez nan monn imanite a, rasin relijyez yo raman opremye plan. Ver Beek (2000) pale de yon sèten « tabou » sou prezans ak enflyans relijyon nan òganizasyon imanite ak devlopman. Anfèt, rechèch syantifik yo fokalize sou kategori tankou klas, sèks, gwoup etnik ak « ras », men souvan yo bliye lafwa kòm gwo faktè idantite ak pozisyon moun yo nan sosyete a. Wòl lafwa enpòtan tou nan bay ak resevwa èd imanite.

Pigwo pwoblèm ak ONG konfesyonèl yo, sèke yo ap fè patipri nan sèvi moun menm legliz oubyen menm branch relijyez ak yo sèlman : oubyen pi mal : yo itilize mwayen yo jwenn yo pou yo fè pwomosyon relijyon yo. Sa montre ONG konfesyonèl yo pa profesyonèl menm jan ak lòt ONG yo. Kontrèman ak lòt motivasyon pou entèvansyon imanite ki ka ideyolojik oubyen kapitalis, souvan valè relijyez pa fin klè.

### **Apèsi sou istwa Relijyon nan peyi Dayiti**

Lè nou pale sou òganizasyon Legliz oubyen ONG konfesyonèl an Ayiti, fò nou pale sou enpak ak istwa relijyon enpòte yo tou. Kretyen yo, sou baz lafwa, te fè anpil dega nan peyi a. Kolon Espanyòl yo te konsidere Tayino yo tankou moun ki pa gen lafwa (Maldonado-Torres 2014). Sou menm baz la, kolon yo te eksplwate, vyole ak touye Endyen yo, nan yon premye tan, epi esklav afriken yo pi devan. Ansyen doktrin katolik ki rele « *extra ecclesiam nulla salus* » – se nan Legliz moun sove – jistifye esklavaj plizye milyon Afriken (Rey 1999). Legliz katolik te pwopriyete 75 % esklav nan Antiy Fransèz yo (Rey 1999). Sa vle di, legliz katolik te kanpe dèyè kolonizasyon an ki te yon sous anrichisman pou li. Detoutfason, li te ede fasone sistèm kolonyal la. Anplis de sa, legliz katolik te pèsekite moun ki gen lòt kwayans, tankou vodouyizan yo. Nan ane 1920 yo, epi zòn 1940, legliz katolik, an kolaborasyon ak gouvènman ayisyen, te fè sa yo rele yon

« kanpay kont sipèstisyon » ki te sible ak atake lafwa Vodou ak anpil vyolans (Ramsey 2005). Jounen jodi a, se pito nouvo legliz pwotestan yo ki ap mennen batay sa a. Nan ane 1960 yo, Duvalier te kanpe anfas Vatikan, li voye pè blan yo ale, epi li endijenize klèje katolik ayisyen an. Nan mouvman kont ladiktati Duvalier nan ane 1980 yo, Tilegliz yo te jwe yon wòl enpòtan. Alafen se te yon pè katolik – Jean Bertrand Aristide – ki te vin Prezidan peyi Dayiti.

Malgre istwa kolonyal legliz katolik, jounen jodi a nou pa ta dwe wè yon fòs kolonyal sèlman nan legliz ayisyen nan. Ayisyen yo fè legliz katolik tounen yon legliz natif natal. Jounen jodi a, pè yo se ayisyen, evèk yo se ayisyen. Lafwa katolik se yon pati enpòtan nan idantite ayisyen yo. Detoutfason, an Ayiti tankou nan tout lòt kontèks, relijyon fonkonsyone kòm zouti pou soumasyon tankou pou liberasyon. Menm jan tou, ONG konfesyonèl yo kapab abize pouvwa yo pou egzije moun konvèti oubyen pou fè diskriminasyon. Men yo kapab tou amelyore kondisyon materyèl ak espirityèl moun yo, ba yo sipò ak respè nan tèt ansanm. An Ayiti jounen jodi a, genyen de (2) dinamik ki ap egzèsè enflyans yo sou ONG : sekilarizasyon ak sanktifkasyon (Barnett ak Gross Stein 2012).

### **Konplèks Èd Entènasyonal la**

Relasyon peyi Dayiti ak èd entènasyonal gen yon tradisyon. François Duvalier te etabli relasyon sereant gouvènman ayisyen ak gouvènman Etazini nan lane 1960 pou gouvènman li a ka jwennplis revni. Nan ane 1970, 70 % bidjè gouvènman ayisyen an te sòti nan asistans finansyèl lòt peyi te pote (Ramachandran ak Waltz 2012). Jean-Claude Duvalier, apre, te entansifye envestisman etranje yo an Ayiti. Yon gwo pati envestisman sa yo te deklare kòm èd entènasyonal e te pase pa ONG entènasyonal yo. Nan lane ki vin apre yo, kantite òganizasyon kap entèveni nan zafè èd ak developman an Ayiti te ogmante. Jounen jodi a, gen plizyè òganizasyon nasyonal ak entènasyonal ki ap fonksyone an Ayiti. Apre tranblemanntè a, nan ane 2010, kantite sa a te ogmante pi plis toujou. Genyen estimasyon ki chifre ONG

sou teren an ant 10 mil ak 20 mil. Fòmèlman, ONG yo sipoze anrejistre nan « Unite de coordination des ONG » (UCAONG) Gouvènman ayisyen an te fonde nan lane 1989. Men an reyalyte, se sèlman yon minorite ONG ki ranpli fòmalye sa a.

Konsa menm, pa genyen yon chif egzak sou kontite ONG konfesyonèl yo. Jean-Jaques (2009), ki te panche li sou ONG konfesyonèl yo ak sou keksyon chanjman kominotè, te jwenn 127 ONG konfesyonèl sou 406 ki te enrejistre nan UCAONG. Sa vle di ke nan moman sa a, apeprè 1 ONG sou 3 gen yon afilyasyon ak lafwa. Malgre dominans kretyen an Ayiti, gen ONG tou ki lye ak islam, tankou Islamic Relief, oubyen relijyon jwif tankou American Jewish World Service.

ONG konfesyonèl yo entegre, yo menm tou, nan konplèks èd entènasyonal la ki se yon « rezo konplèks enstitisyon, moun, òganizasyon ak règleman ki konstitye aparèy kontanporen èd imanite (ak devlopman) an repons a katastròf » (Steinke 2016). Mo imanite a an Ayiti ka deziyen « yon òganizasyon espesyalize, yon gwoup amatè, konsa tou sa ka moun malonèt ki ap chèche eksplwate lamizè moun » (Etienne 2012:27). Se pa sèlman ONG ki fòme konplèks èd entènasyonal la ki responsab, sou ban akize yo nou jwenn tou: gouvènman nasyonal yo, òganizasyon entègouvènmantral, kontraktè prive, òganizasyon militè, donatè prive, donatè enstitisyonèl, konsòsyòm ak règleman entènasyonal yo. An Ayiti, se antite yo dèyè akwonim tankou CIRH (Commission Intérimaire pour la Reconstruction d'Haïti), BM (Banque mondiale), MINUSTAH (Mission des Nations unies pour la stabilisation en Haïti), FMI (Fonds monétaire international), ECHO (Service d'aide humanitaire et de protection civile de la Commission européenne), oubyen UN OCHA (Bureau de la coordination des affaires humanitaires des Nations unies).

### **Tranblemanntè a**

Atik sa a ekri nan kontèks tranblemanntè 12 janvye 2010 la. Katastwòf sa a te ogmante prezans entènasyonal la an Ayiti. Konsa li te mare peyi Dayiti pi rès nan konplèks èd entènasyonal. Entèvansyon Lakwawouj an Ayiti an 2010, pa egzanp, se te pi

gwo operasyon imantè òganizasyon sa a te mennen nan yon sèl peyi.

Nesite yo te parèt klè : Katastwòf la te tiye ant 217 mil ak 316 mil moun. Anplis, 90 % kay ak batiman piblik yo te kraze nan Leyogàn, kote episant tranblemanntè a te ye. 250 mil kay ak 30 mil espas komèsyal te afekte nan Pòtoprens, kapital la (Kazama ak Guo 2010). Chif Gouvènman ayisyen an endike ke 105 mil kay te kraze rapyetè a kote 188 mil ki te domaje seryezman<sup>1</sup>. Anpil lekòl, lopital, biwo sèvis piblik, te kraze. Anpil anplawye te mouri. Anviron 1,5 milyon moun te deplase al nan kan apre tranblemanntè a. Sa vle di apeprè 1 ayisien sou 6 te san kay, san konte kantite moun ki te deja nan lamizè san lojman apwopriye nan bidonvil yo avan tranblemanntè a. Nan vil Jakmèl, yon gwo pati nan kay ak batiman yo te kraze tou. Genyen estimasyon ki relate anviron 70 % kay yo te andomaje apre tranblemanntè a. Anplis de sa, moun ki te fèt andeyò, men ki te vin Pòtoprens pou cheche lavi, apre tranblemanntè a yo te tounen nan lakou yoandeyò paske pat gen mwayen pou yo rete nan kapital la. Plis pase 600 mil moun te kite Pòtoprens apre 12 janvyè (Jean-Baptiste 2012). Majorite moun sa yo te tounen nan kapital la sou 6 mwa (Bengtsson et al. 2011).

An total sitiyaasyon ki te prezante apre tranblemanntè a te yon defi inimaginab. Se te yon defi pou tout moun ki te ladann: pou gouvènman ayisyen, pou Misyon Nasyonzini pou estabilizasyon an Ayiti (MINUSTAH), pou ONG nasyonal ak entènasyonal, ak pou ayisyen yo anjeneral. Pami ONG entènasyonal ki te vini pou ede, sipòte oubyen sove Ayiti, te genyen anpil ONG konfesyonèl. Gen nan ONG sa yo ki te deja la an Ayiti, tankou Karitas ak Diakonie.

### **Karitas Jakmèl ak Diakonie Katastrophenhilfe**

Atik sa a baze sou yon travay etnografik ki te fèt ant ane 2011 ak ane 2013. Li enskri nan kontèks apre tranblemanntè a. Nan peryòd sa a, mwen te fè yon travay teren sou de (2) ONG nan

1. <http://www.lessonsfromhaiti.org/lessons-from-haiti/key-statistics/> Last visited January 17, 2016.

Jakmèl ki lye ak lafwa kretyen : Diakonie Katastrophenhilfe (DKH, Èd Imanitè Almay) ak Karitas Jakmèl. Nou ap jwenn ladann entèvyou ak benefisyè ONG konfesyonèl yo, ak anplawye ayisyen epi anplawye ekspatriye nan peyi Dayiti, epi anplawye egzekitif an Almay. Apre sa, kòm antropològ mwen te akonpaye anplwaye Karitas Jakmèl, epi menm jan pou Diakonie Katastrophenhilfe tou, men avèk mwens entansite. Mwen te vizite benefisyè kay yo, mwen te patisipe tou nan divès fòmasyon Karitas te ofri nan matyè ekonomik ak rediksyon risk ak dezaz. Apre sa, mwen te akonpaye klinik mobil kòminote andeyò yo, epi vizite sèvis legliz pa rapò ak Karitas.

Objektif travay sa a konsène jan lafwa ak estanda imanité pwofesyonèl te enflyanse pwojè ak kilti òganizasyonèl ONG yo, espesyalman pratik distribisyon benefis yo, epi pèsesyon anplawye ak benefisyè yo sou èd ak sipò òganizasyon sa yo.

Nan sans sa, jan lafwa te gide ak enspire travay yo, Karitas ak Diakonie te diferan nan plizyè fason. Yo se egzanp non sèlman pou ONG konfesyonèl yo, men tou pou tout ONG ki vle parèt diferan nan fonksyonman yo.

Nan kontèks rechèch sa a, *lafwa* vle di konfesyonrelijyez moun ki ap travay nan sektè imanité :sa anglobe relasyon òganizasyon yo, anplwaye yo ak legliz, san konte konsepsyon imanité yo, epi motivasyon yo pou ede lòt moun ki nan bezwen. Nan menm kontèks la, *pwofesjonalizasyon* vle di jan òganizasyon yo soumèt yo a regleman entènasyonal nan domèn asitans imanité tankou kòd kondwit Lakwawouj : konfòmite ak estanda biwokratik ak administratif enstitisyon donatè yo mande : ekspètiz anplwaye yo ak nivo edikasyon yo. Kòd konduit Lakwawouj pa egzanp te etabli nan ane 1994 sou inisyativ Lakwawouj Fransèz pou amelyore èd nan kontèks kriz imanité konplèks yo (Hilhorst 2005). Objektif li, se tabli yon estanda konpòtman ak règ konduit espesyal pou òganizasyon imanité yo. Prensip imanité esansyèl yo, se imanite, netralite, enpasyalite, endepandans.

Diakonie Katastrophenhilfe se prensipal òganizasyon imanité legliz pwotestan nan peyi Almay. Li gen pwojè nan 40 peyi. Karitas Jakmèl fè pati rezò Karitas Ayiti ki li menm se manm

Karitas Entènasyonal. Seksyon Jakmèl la se youn nan dis (10) Karitas depatmantal ki genyen an Ayiti. Li kouvri dyosèz Jakmèl la ak tout Depatman Sidès la.

Toulède ONG yo te gen pwojè anvan tankou apre tranblemanntè a nan vil Jakmèl ak lòt kote nan depatman an kòm Lavale, Benè, Lavano ak Montay Lavout. Rechèch la te fokis sou pwojè reyabilitasyon kay yo apre dega 12 Janvyè te fè. Konsa, Karitas ak Diakonie Katastrophenhilfe te bay kay pou moun tranblemanntè a te afekte. Kay Diakonie ak Karitas yo te pòy (25 mètr kare, an blòk), menm jan pou materyo ki te itilize yo. Diakonie te fè ak repare 2000 kay, Karitas – akòz de mank mwayen – te konstwi 157 kay nan menm peryòd la (ant 2010 ak 2013).

Nou ap raple rechèch sa a pa sou kalite kay yo, li konsène fason lafwa fè travay de (2) ONG yo diferan. Kesyon santral la, se ki diferans ki genyen ant yo menm ak lòt ONG ki pa genyen relasyon ak legliz.

Toulède ONG yo konekte ak gwo legliz kretyen: Karitas ak legliz katolik an Ayiti, Diakonie ak legliz pwotestan an Almay. Toulède nan gwo rezo entènasyonal : Karitas entegre nan Karitas Entènasyonal, ki se yon gwo rezo Karitas global ki bazenan Vatikan epi konekte byen sere ak legliz katolik. Diakonie fè pati ACT Alliance, yon rezo òganizasyon imanità ak devlopman pwotestan. Toulède òganizasyon yo te siyen kòd konduit estanda imanità Lakwawouj. Toulède travay ak yon manda imanità. Okontrè de Diakonie, Karitas gen anplis yon manda devlopman.

### **Karitas Jakmèl**

Fondamentalman, Karitas Jakmèl se yon òganizasyon lokal, yon òganizasyon natif natal, avèk ayisye sèlman ladann. Se Monseyè Guire Poulard, Evèk Jacmel, ki te fonde li nan lane 1988 apre dega siklòn Jilbè te fè nan Jakmèl. Sou 29 anplwaye nou konte an 2013, 3 te nan premye ekip la.

Tout moun nan ekip Karitas Jakmèl se kwayan aktif. Nephtalie Moreau<sup>2</sup>, anplawye Karitas nan seksyon kontabilite, deklare : « Se paske mwen se kretyèn, m ap travay nan enstitisyon an. Epi lè mwen fè l, mwen fè travay la ak tout kè m ». Majorite moun ki ap travay nan Karitas Jakmèl gen yon wòl aktif nan legliz la, pa egzanp nan gwoupman fanm, nan Karitas pawasyal, oubyen nan koral legliz. Se ajan pastoral yo ye. Dapre Pierre Estimé ki ap travay nan sektè agrikilti nan Karitas, « deviz la se travay pou fè moun vin pi moun. Ede moun yo grandi. Non sèlman grandi materyèlman, men grandi nan lafwa. Nan lafwa tou... pou w rekonèt... pou w kwè nan Bondye chak jou pi plis. Se sa Karitas ». Lafwa se yon siman enpòtan nan ekip la tou. Yo konsidere yo tankou fanmi nan Karitas. Gaelle Perelus, nan sektè sante, te konfime: « Nou fòme yon fanmi, se yon fanmi nou ye. Nou retwouve nou nan legliz la ».

Lafwa pa sèlman fonksyone kòm lyen ant anplwaye nan Karitas. Li konekte ekip la ak benefisyè yo tou. Tout 15 benefisyè pwojè kay Karitas mwen te entèvyouve yo te kwayan katolik. Te gen seremoni relijyez lè yo te ap inogire kay yo. Fòmasyon yo te toujou kòmanse ak lapriye. Sa pèmèt yon relasyon ki mwens yerachize. Malgre diferans klas ak sitiyasyon ekonomik yo, omwen nan lafwa anplwaye ak benefisyè te menm. Lafwa *pataje* fasilite echanj ant ekip yo ak benefisyè yo. Vwazinaj kiltirèl sa a, tradiksyon « cultural proximity » (Benthall 2012), enpòtan nan tout etap ed la : chwa moun yo, ankadreman, jesyon. Lefètke Karitas Jakmèl te la depi 1988 lese nou sipoze ke òganizasyon sa a se yon faktè estabilite nan kominote a. Karitas Jakmèl, kòm òganizasyon lokal, epi antanke yon òganizasyon legliz, gen yon responsabilite fas a popilasyon an.

Phillipe Louis-Simon, kowòdonatè sektè agrikilti, eksplike: « Nou menm nan Karitas, nou fè le maksimòm defò, pou nou kenbe diyite nou kòm yon enstitisyon legliz. Nou paka fè nenpòt ki bagay ». Nan menm tan, Karitas an Ayiti evite pote non ONG. Se yerachi Karitas Ayiti ki te pran dezisyon sa a : « Monseyè yo

2. Lotè chanje tout non yo.

ki responsab Karitas nan peyi Dayiti, pa vle yo rele Karitas ONG. Pou yo rele Karitas yon fondasyon. Fondasyon paske ONG yo, nan peyi Dayiti, yo pa toujou byen wè yo », dapre sa kowòdonatè pwogram nan Karitas Jakmèl la deklare. Dezisyon sa a, se pou make diferans ak ONG entranje. Menmsi onivo biwokratik, Karitas Jakmèl pa vrèman diferan ak lòt ONG yo, kowòdonatè a kontinye pou li di : « An reyalyte, nan relasyon nou avèk anpil entitasyon, yo trete nou menm jan avèk ONG. Sepandan nou menm, nou konnen nou se yon fondasyon katolik. Donk, lè yo trete nou menm jan avèk ONG, se nan rapò administratif ». Gen sèten estanda Karitas mete pou satisfè demann òganizasyon patnè ki ap finanse pwojè li yo. Nan seleksyon benefisyè yo, pa egzanp, donatè yo mande Karitas pa chwazi moun katolik sèlman. Anfèt, Karitas Jakmèl depann de sipò finansye lòt ONG entènasyonal ak òganizasyon donatè pou reyalize pa egzanp pwojè kay yo. Karitas Jakmèl, kòm òganizasyon lokal ayisyen, ap benyen nan mond pwofesyonèl ONG yo (Bornstein 2005). Pou Karitas Jakmèl, pwofesyonèl pa refere sèlman ak fòmasyon anplwaye yo, oubyen kapasite administratif yo (san konte pote swen medikal oubyen èd materyel). Karitas Jakmèl vle ede moun onivo spirityel tou, kòm ajans pastoral pou jan yo di li ede moun vin pi moun.

### **Diakonie Katastrophenhilfe**

Diakonie Katastrophenhilfe, lòt òganizasyon nan rechèch sa a, se yon òganizasyon pwotestan alman ki aktif onivo entènasyonal. Li ap dirije pwojè imanite nan 40 peyi tankou Afganistan, Kongo ak Endonezi. Li pote swen pou moun ki viktim katastwòf natirèl tankou siklòn, tsunami oubyen lòt katastwòf ki se rezilta aksyon moun tankou lagè, grangou ak depasman refijye. Se « Brot für die Welt » (Pen pou Lemonn), òganizasyon-sè Diakonie, ki etabli pwogram devlopman yo. Diakonie se yon òganizasyon entènasyonal. Baz li se Almay, biwo jeneral li Bèlen. Òganizasyon an fè entevansyon nan 40 peyi. Biwo an Ayiti agen yon ekip miksyon ayisyen avèk etranje yo rele ekspatriye.

Malgre lefètke òganizasyon sa a soti nan legliz pwotestan Almay, nan misyon Diakonie an Ayiti lafwa relijyez pa jwe yon wòl enpòtan: Kilti òganizasyonèl li pa chita sou lafwa menm jan avèk Karitas Jakmèl. Malgre anpil nan anplawye Diakonie yo te batize nan legliz, lè yo ansanm, yo pa afiche lafwa yo. Konsa se pa lafwa ki inifye ekip la. Te menm gen anplwaye ki te bay lafwa bwa long kenbe, espeyalman anplawye ekspatriye yo. Nan politik rekritman li an Ayiti, Diakonie te prefere moun ki pa montre twòp santiman relijyez nan travay yo. Okontrè, nan katye jeneral li an Almay, anplwaye yo sipoze manm yon legliz kreyen ki nan rezo *Arbeitsgemeinschaft Christlicher Kirchen*. La tou, òganizasyon an ekspriye idantite relijyez li pi klè. La a, gen lapriyè ak lòt seremoni relijyez, kòm eleman fiks, nan sèten aktivite tankou reyinyon jeneral yo. Chèfòganizasyon an se yon prèt ki rele Cornelia Füllkrug-Weitzel. Dimansyon relijyez Diakonie Almay laenskrì nan deklarasyon fondamental yo. Yo mete an pratik yon konsèp imanitékreyen ki pèmèt èd yo al jwenn tout kreyen vivan atravè lemonn. Menm jan ak Karitas, Diakonie fonde diyite imèn sou konsèp moun kòm « imago dei » (nou se imaj bondye) jan sa ekri nan Jenèz la.

Idantite relijyez sa a, ki enpòtan onivo katye jeneral la, an Almay, pa desann onivo entèvansyon yo an Ayiti. La a, etalaj relijyon te absan. Nan relasyon Diakonie ak benefisyè yo tou, relijyon pa yon « platform pou angajman » (Bradley 2011). Sa vle di, pa gen lapriyè oubyen lòt seremoni relijyez inogirasyon kay pa egzanp. Pou anplawye Diakonie Katastrophenhilfe, se estanda pwofesyonèl yoki eksplike absans mak lafwa nan pwojèki fèt andeyò Almay yo. Kòd Konduit Lakwawouj se « 10 kòmandman nou » nan pwojè yo, selon pawòlyon anplwaye katye jeneral la. Anndan kòd konduit sa a, se espesyalman prensip enpasyalite ak netralite ki retni kòm direktiv pou konpòtman Diakonie. Selon menm anplawye a, ekspresyon lafwa relijyez riske entèfere ak de (2) prensip yo. Kòm ONG konfesyonèl (faith-based organization), òganizasyon ki lye ak legliz Diakonie yo aplike yon « layisite fonksyonèl » (Ager and Ager 2011), oubyen estratejik. ONG sa

a aplike netralite relijyez kòm modèl nesesè nan kontèks kote konpòtman layik pase pou pi enpòtan ke lafwa.

### **Distribisyon kay yo**

Nou ka konsidere pratik distribitif yo kòm aksyon kote relasyon ak lafwa epi konpòtman pwofesyonèl òganizasyon ki enterese nou yo parèt aklè. Men, eske lafwa benefisyè yo te jwe yon wòl ? Eske òganizasyon yo te fè patipri ak youn ou lòt relijyon ? Kòman yo te fè chwa benefisyè yo ?

Pa rapò ak distribisyon èd yo apre katastwòf la, genyen de (2) faz : jou ak semèn apre tranblemanntè a, kòm faz ijans : faz rehabilitasyon ak rekonstriksyon an vini apre. Nan premye faz la, Diakonie ak Karitas te kòmanse fè entevansyon yo de (2) jou apre 12 Janvyè. Pou toulède òganizasyon yo - tankou pou tout lòt estrikti òganize apre 12 Janvyè an Ayiti - li te difisil anpil pou deplwaye tousuit yon aksyon sistematik, paske tout moun te viktim katastwòf la. « Bagay sa a te bay anpil pwoblèm. Imajine tout moun viktim. Imajine tout viktim sa yo... kiyès pou ou priyorize ? Donk se te yon sous konfli », dapre kowòdonatè pwogram Diakonie an. Menm jan an, kowòdonatè pwogram Karitas te raple nou « pat gen chwa : se tout moun ki nan bezwen, nou vin pat kapab distribye. Sa a te trè difisil pou nou. »

Konsa, òganizasyon yo pat kapab etabli yon yerachi nan bezwen yo, ki pèmèt yo priyorize moun ki afekte yo. Nan faz ijans lan, Karitas te pote « premye swen », epi dlo ak manje pou moun nan kan pwovizwa yo. Katye Jeneral Diakonie an, an Almay, te voye kit ak tant ki te rive 19 Janvyè.

Lè òganizasyon yo te antre nan faz rekonstriksyon an, yo te ranmase fon pou yo fè ak refè kay. An premye lye, yo te fè evalyasyon vilnerabilite ak nesesite pou idantifye moun ki bezwen kay. Se moun ki te pwopriyetè tè ki te rive resevwa kay nan men toulède òganizasyon yo, malgre lefètke lokatè yo se gwoup ki pi vilnerab la. Sa vle di, moun ki te rete nan yon kay ki te bati sou tè lawye - sa ki rele afèmaj lan -, kay li kraze, li pa kapab benefisye nouvo kay paske li pa pwopriyetè teren an.

Konsa pratik distribitif yo te chita endirèkteman sou inegalite nan sosyete ayisyèn nan.

Aprè Diakonie ak Karitas te idantifye pwopriyete ki nan bezwen yo, yo te etabli estanda ak kritè pou seleksyone benefisyè yo, tankou : si se yon sèl lakou, tay fanmi yo, kantite timoun ki gen mwens ke 5 an, kantite fanm ansent, kantite fanmi ak yon sèl paran, kantite andikape, epi kantite chomè.

Pou idantifye benefisyè yo Diakonie te kolabore ak otorite piblik yo. Yo te pran enfòmasyon nan men kazèk yo, ki se manm konsèy administrasyon seksyon kòminal yo. Karitas travay tou *men nan men* ak otorite lokal yo, pou jwenn benefisyè yo, anplis li te travay ak animatè yo, ak fasilite yo, onivo Karitas pawasyal yo. Estrikti pawasyal yo te fonksyone tankou yon rezo sipò apre tranblemanntè a. Karitas Jakmèl kouvri tout pawas la. Nan tout kwen zòn sa yo gen animatè ki fasilite entèvansyon òganizasyon an. Espesyalman nan zòn andeyò yo, leplisouvan legliz katolik se youn nan ra estrikti ki genyen. Karitas kòm òganizasyon pwofite de rezo sa a.

Anel Mercilus, youn nan benefisyè kay Karitas nan kòminote Lavano, te sonje kouman li rankontre ak yon reprezantan Karitas epi vin benefisyè :

Li pase desann bò kote m nan. Li poze kesyon. Se pou m pase pwojè a yon kote pou yo wè moun. M di non. E la a li vin tonbe lakay fisi la a. Men se yon moun mwen abitye ak li depi lontan wi. Li gade kay mwen. Li di bon ... m met non w sou pwojè a. [...]  
Yo vin fè yon tiraj o sò.

Se vre, anfas sitiyasyon ekonmik la ki te vin pi mal pou moun tranblemanntè a te afekte, te genyen anpil moun ki te merite yon kay akòz vilnerabilite yo. Konsa Diakonie te dwe kategorize moun ki te nan bezwen yo epi pran yon desizyon final sou ki moun ki dwe benefisyè.

Pandan ke nan Diakonie se reskonsab yo ki te chwazi benefisyè kay yo, Karitas te chwazi yon lòt metòd. Yo te fè yon tiraj osò, sa vle di yon lotri. Nan tout kòminote yo, yo te mete non tout moun ki idantifye kòm vilnerab nan yon panye epi

yon moun, sitou yon timoun, te tire non benefisyè yo. Konsa Karitas te evite enplike nan dezisyon final la. Benefisyè ki te genyen yo te entèprete sò yo kòm chans oubyen volonte Bondye. Konsa, Karitas te aplike yon metòd ki natif natal. Konsa genyen mwens soupson paske li pi difisil pou òganizasyon an fè fwod osinon patipri. Metòd lotri a te jwenn akò tout moun. Dapre Jude Duverseau, anplawye nan Karitas Jakmèl : « Tout moun dakò paske li fèt devan yo tout. Yo wè... Yo ap priye : Bondye, fè se mwen menm, fè se mwen menm. »

Te gen yon dezyèm fason pou ou benefisye yon kay : se Pè Jak, ki se chef Karitas Jakmèl, ak depite vil la ki se Kowòdonate Pwogram, ki ka chwazi moun pèsònèlman : « Men yon moun ki granmoun, yon moun ki andikape, ou wè kay li kraze efektivman, moun sa a, li pa patisipe nan lotri : moun sa a li gen priyorite li menm », dapre Pè Jak. Se moun sa yo vrèman ki plis nan sitiyaasyon ijans. Toulède metòd yo baze sou rasin Karitas genyen nan kòminote yo. Dènye metòd la espesyalman chita sou entegrite moral Karitas ki, nan ka sa a, pèsònifye ak Pè Jak ki pa selman chèf Karitas, men ki se pè pawasyal tou.

Konsènan enpasyalite nan praktik distribitif yo, li enpòtan pou nou gade afilyasyon relijye benefisyè yo. Tout benefisyè kay Diakonie ak Karitas Jakmèl ki te mansyone nan rechèch sa a te genyen lafwa katolik. Se yon faktè ki afekte Karitas kòm òganizasyon katolik tou dabò. Men fòk nou pa bliye kèk eleman. Premyèman, kòm faktè demografik Jakmèl ak kòminote ak seksyon kominal li yo, se yon zòn kote toujou genyen yon gwo majorite katolik (Édouard ak Faustin 2009). Dezyèmman, Ayiti se yon peyi santralize kote gouvènman an praktikman absan andeyò. Pou sa, pawas katolik andeyò yo, leplisouvan, se sèl gwo estrikti ki genyen. Se atravè estrikti pawasyal la Karitas pran enfòmasyon sou bezwen kòminote andeyò yo. Se sitou atravè estrikti sa a Karitas te rasanble benefisyè potansyèl yo. Lè anplawye Karitas yo te konfwonte ak obsèvasyon sa a, yo te deklare ke « nou menm, nou pa nan chwazi, chwazi reliyon moun, kòmkiwa si nou vini se katolik nou ye, kòmkiwa nou ta vini pou katolik espesyalman, non! [...] Gen nan moun yo ki pa

katolik. [...] Imajine ou vodouyizan nan bezwen, katolik nan bezwen, pwotestan nan bezwen. An nou sèvi yo tout ». Anplis, dapre yon sous nan Karitas, gen de lòt pwotestan ak vodouyizan patisipe nan aktivite legliz katolik. « Nou pa fè diskriminasyon », se deviz Karitas. Anplawye tankou Manouchka Beauchamp jistifye praktik distribitif yo antèm moral kretyen : « Si ou se kretyen, yon Vodouyizan vini [mande yon èd] ou pa sèvi li, li mouri, se ou menm ki pote chay la. » Sipòte moun ki pa katolik se yon prèv lafwa pou moun nan Karitas yo. Anplawye Karitas Jakmèl obsève règ sa a : « Nou pa ede moun paske yo katolik, men paske nou menm nou katolik ». Anplis atitid sa a staff Karitas la pataje, òganizasyon patnè ki sipòte Karitas finansyèman mande òganizasyon an pou li ede moun ki pa katolik tou.

Diakonie, bò kote pa li, pat pase pa yon rezo relijye pou li idantifye gwoup vilnerab yo. Nap raple nan pwojè deyò Almay yo, Diakonie pa mete tèt ansanm ak òganizasyon relijye yo. Diakonie te prefere kolabore ak òganizasyon lokal kòm KROS (Kowòdinasyon Rejyonal Oganizasyon Sidès) ak otorite lokal tankou kazèk yo pou li apwoche moun yo. Tankou pou Karitas, benefisyè yo te soti nan tout relijyon.

Kontrèman ak abitud Karitas ki fè lapriye ak seremoni relijye ak benefisyè yo, nan Diakonie benefisyè yo konpanse mank ekspresyon lafwa pa praktik distribitif li. Majorite benefisyè yo te wè èd yo te resevwa tankou yon gras Bondye. Anplawye Diakonie yo te pase pou estriman nan men Bondye nan je moun yo. Se te Bondye ki te fè anplawye ONG yo wè moun yo nan lamizè yo. Pou Wideline Josué, yon benefisyè : « Sa a, se travay Bondye. Se Bondye ki voye yo menm pou vin sove moun Ayiti. Paske lòt ou ap gade... Mwen menm, mwen te nan nesesite pou kay la. Mwen pat ka fè li. Yo ban mwen li. Se kèlkechoz. E mwen di Bondye mèsi. » Konsa, benefisyè yo te repanse aksyon teknik ONG a, epi yo bay evènman an yon sans nan lavi yo.

Men opinyon relijye yo pa te ekspriye sèlman nan lapriye oubyen lòt seremoni. Preske tout moun nou te entèvyouve yo, ki te viv katastwòf 12 Janvye 2010 la, te bay tranblemanntè a yon eksplikasyon relijye. Te genyen kèk ki te eksplike pozisyon

yo ak labib, tankou benefisyè Karitas sa a: « Paske Bondye, nan labib, te pale de sa tou. Yo di, lè Bondye genyen pou li retounen chèche patizan li yo, twonpèt gen pou sonnen, epi ap gen gwo tranblemanntè. » Genyen lòt ki ap di ke pou fòs katastrof sa a, se sèlman Bondye ki ka responsab. Genyen lòt ankò ki panse se chans Bondye bay pou moun fè repantans. Te genyen diskisyon sitou ant katolik ak pwotestan pou konnen si tranblemanntè a te yon zam nan men Bondye pou pini ayisyen. Antouka, majorite moun yo te eksprime yon gwo konfyans nan sa ki rele providans divin, tankou benefisyè Diakonie sa a : « Mwen di Mèt la mwen sou kont ou. Ou mete mwen la, mwen konnen tout sak fèt la a, se pouvwa ou. [...] Wi, mwen di Jezi : men mwen, ka mwen sou kont ou, pran men mwen nan men ou. Mwen pa gen lòt moun poum rele, ou menm sèl map rele. » Benefisyè toulède òganizasyon yo te eksprime lafwa yo nan fason sa a. Sa vle di lafwa moun ki ap resevwa sipò yo enpòtan pou *rezondèt* ONG yo, menm si kilti òganizasyonèl kèk nan ONG sa yo pa baze sou lafwa.

Lafwa pat sèl baz idantifikasyon pou moun ki ap travay pou ONG konfesyonèl yo. Benthall (2012) konstate relijyon se sèlman « yon makè resanblans ak diferans » ki siyale idantite moun nan entèvansyon imanité yo. Karitas se yon ONG ki entegre totalman nan lavi moun yo, nan sosyete a ak sikonstans politik yo.

Yon denominatè komen anplwaye ONG konfesyonèl yo, sèke yo ap fonksyone nan domèn « imanité ». Anplwaye entènasyonal yo ki ap vwayaje soti nan yon ijans ale nan yon lòt, Pandolfi (2011) dekri yo tankou yon « oligachi mobil ». Ekspatriye Diakonie yo tou te pataje eksperyans sèten kriz imanité konplèks. Gen de lè, idantite anplwaye entènasyonal sa yo konstwi sou baz diferans ak anplwaye nasyonal yo ki ta pase pou mwen konpetan. Anplis de sa, te genyen anplwaye entènasyonal ki montre yon atitud patènalis, menm rasis, anfas kolèg ayisyen yo. Nan Diakonie, sa a te yon gwo sous konfli an 2013. Ekip Diakonie nan peryod ankèt sa a pat genyen inite, ni nan lafwa, ni nan visyon imanité, ni menm nan travay yo. Anplis, Diakonie se yon òganizasyon etranje ki sere-kole ak limit manda imantè li a enpoze li. Se pou manda sa yo di yo te sispann kolabore ak KROS paske òganizasyon lokal

sa a te pase pou yon òganizasyon politik ki kanpe anfas otorite lokal yo tankou pouvw majistra vil Jakmèl la. Se nan non manda imanité sa a tou, yo di yo pa afiche idantite relijyez yo.

### **Konklizyon**

Atik sa a te vle montre ONG konfesyonèl nou te abòde yo pa omojèn. Toulède òganizasyon yo te vrèman diferan nan fason lafwa te motive yo nan travay yo ak enfliyanse pratik yo. Pou Karitas Jakmèl, lafwa katolik te yon eleman endispansab nan idantite ak kilti òganizasyonèl li. Lafwa se te baz entèvansyon imanité bò kote pa yo. Nan ka Diakonie an Ayiti, lafwa pate jwe yon wòl evidan nan entèvansyon yo : òganizasyon sa a te bay lafwa kòd long kenbe nan aksyon li sou teren an, malgre li depann de legliz pwotestan Almay ki konsèvatè nan sa ki konsène idantite relijyez li sou teritwa alman an.

Nan praktik distribitif yo, de (2) òganizasyon yo pa te montre anpil diferans sof nan fason yo chwazi benefisyè yo. Toulède sèvi ak lide vilnerabilite kòm baz pou seleksyone benefisyè potansyèl yo. Diakonie te fè anplwaye egzekitif yo chwazi (yerachize) moun yo selon degre vilnerabilite yo. Karitas tou senpleman fè yon lotri (yon tirajòs) pou chwazi benefisyè yo.

Lafwa ak pwofesyonelis pa an kontradiksyon. Toulède karakteristik sa yoantre nan kilti òganizasyonèl Karitas ak Diakonie, enpòtans yo varye selon nivo entèvansyon yo ki konn diferan. Pandan nan Katye jeneral Almay la Diakonie ensiste sou idantite relijyez li, li te evite yo asosye aksyon li an Ayiti ak lafwa oubyen legliz. Nan raple kòd konduit yo se 10 komandman Lakwawouj yo, yo souliye pwofesyonelisyo.

Men se pa sèlman lafwa ki soutni idantite ak pratik pwofesyonèl moun ONG nou ap pale yo. Gen lòt faktè ki te enpòtan tou sou teren an. Diakonie ak Karitas pat genyen menm kondisyon pou antre nan zòn entèvansyon yo apre tranblemanntè a. Karitas kòm òganizasyon toujou manke fon pou reyalize pwojè kay yo. Bò kote Diakonie lajan pate yon pwoblèm. An total òganizasyon alman an te genyen 16,5 milyon ewo disponib pou pwojè an Ayiti apre tranblemanntè a. Se pou

sa tou yo te rive konstwi anpil kay. Yon lòt faktè enpòtan, se te diferans nan manda entèvansyon (2) òganizasyon yo. Diakonie te kontinyèlman rete nan limit manda imanite pa li a. Aksyon òganizasyon sa a pat dwe twò relijyez, li pat dwe twò angaje nan devlopman, ni li pat dwe twò entegre nan vi lokal latankou òganizasyon de baz yo.

Diakonie kòm òganizasyon legliz pwotestan Almay, ki antre an Ayiti tankouyon òganizasyon etranje, pa ka fè menm aksyon ak Karitas ki se yon òganizasyon ayisyen natif natal. Se tou pou evite paralèl ak epok kolonyal la, lè nou sonje wòl tèrib òganizasyon kretyen yo te jwe nan sa yo rele « misyon sivilizasyon » kolonyal la. Òganizasyon imanite entènasyonal tankou Diakonie, ki ap fè entèvansyon nan yon peyi eksperyans kolonyal la afekte, tankou Ayiti, dwe pi pridan, pi konsyan nan konpòtman ak pozisyon yo afiche. Yo pa wè yon òganizasyon lokal tankou Karitas Jakmèl kòm yon menas pou souverènte ak oto-detèminasyon peyi a jan yo gen tandans fè pou yon òganizasyon entènasyonal. Se pou sa dirijan Karitas yo pa vle pou yo rele Karitas ONG. Sa esplike limit Diakonie ba tèt li ak prekasyon li pran.

Nonpòt ki jan, kit òganizasyon yo mete fòkis yo nan lafwa kit yo mete an pratik yon layisite estratejik, benefisyè yo, moun ki pi enpòtan nan mòd entèvansyon sa yo, entèprete aksyon imanite yo avèk linèt lafwa. Konsa benefisyè yo reyentegre sèten apwòch imanite, kit yo teknik, kit yo konvivial, nan lavi pwofàn yo.

## Bibliyografi

- Adams, Vincanne 2013. *Markets of Sorrow, Labors of Faith. New Orleans in the Wake of Katrina*. Durham: Duke University Press.
- Ager, Alastair and Joey Ager 2011. « Faith and the Discourse of Secular Humanitarianism », *Journal of Refugee Studies* Vol. 24(3): 456-472.
- Asad, Talal 2003. *Formations of the Secular. Christianity, Islam, Modernity*. Stanford: Stanford University Press.

- Barnett, Michael and Janice Gross Stein (Eds.) 2012. *Sacred Aid. Faith and Humanitarianism*. New York: Oxford University Press.
- Bengtsson Linus et al. 2011. « Improved Response to Disasters and Outbreaks by Tracking Population Movements with Mobile Phone Network Data: A Post-Earthquake Geospatial Study in Haiti », *PLoS Med.* Vol. 8(8): 1-9.
- Benthall, Jonathan 2012. « Cultural Proximity and the Conjunction of Islam with Modern Humanitarianism. » In: Barnett, Michael and Janice Gross Stein (Eds.) 2012. *Sacred Aid. Faith and Humanitarianism*. New York: Oxford University Press, 65-89.
- 2011. « Islamic humanitarianism in adversarial context ». In: Bornstein, Erica and Peter Redfield (Eds.) 2011. *Forces of Compassion. Humanitarianism between Ethics and Politics*. Santa Fe: School for Advanced Research Press. 99-122.
- Binder, Andrea 2013. « Is the Humanitarian Failure in Haiti a System Failure? », *International Development Policy / Revue internationale de politique de développement* [Online], 4.3 | 2013. DOI : 10.4000/poldev.1625
- Bornstein, Erica 2005. *The spirit of development. Protestant NGOs, Morality, and Economics in Zimbabwe*. Stanford: Stanford University Press.
- Bornstein, Erica and Peter Redfield (Eds.) 2011. *Forces of Compassion. Humanitarianism between Ethics and Politics*. Santa Fe: School for Advanced Research Press.
- Bradley, Tamsin 2011. *Religion and Gender in the Developing World. Faith-Based Organizations and Feminism in India*. London: I.B. Taurus.
- Brown, Wendy 2009. « Introduction ». Asad, Talal et al. 2009. *Is critique secular? blasphemy, injury, and free speech*. Berkeley: University of California Press. 7-19.
- Clarke, Gerard and Michael Jennings 2008. *Development, Civil Society and Faith-Based Organizations. Bridging the Sacred and the Secular*. Hampshire: Palgrave Macmillan.

- Édouard, Roberson and Charles Daly Faustin 2009. *Une société parallèle: la vocation du peuple? Essai sur le dédoublement de la société haïtienne*. Paris: L'Harmattan.
- Etienne, Yolette 2012. « Haiti and Catastrophes. Lessons Not Learned », In: Schuller, Mark and Pablo Morales (Eds.) 2012. *Tectonic Shifts. Haiti since the Earthquake*. Boulder: Kumarian Press. 27-32.
- Golbeck, Christoph 2010. « Diakonie ». In: Anheier/Toepler 2010. *International Encyclopedia of Civil Society* 2. Berlin: Springer. 603-604.
- Habermas, Jürgen 2008. « Die Dialektik der Säkularisierung », *Blätter für deutsche und internationale Politik*. 4/2008. 33-46.
- Hefferan, Tara 2007. *Twinning Faith and Development: Catholic Parish Partnering in the US and Haiti*. Bloomfield, CT: Kumarian Press, Inc.
- Hilhorst, Dorothea 2005. « Dead letter of living document? Ten years of the Code of Conduct for disaster relief ». *Disasters*. Vol. 29(4): 351-369.
- Hovland, Ingie 2008. « Who's Afraid of Religion? Tensions between 'Mission' and 'Development' in the Norwegian Mission Society », In: Clarke, Gerard and Michael Jennings 2008. *Development, Civil Society and Faith-Based Organizations. Bridging the Sacred and the Secular*. Hampshire: Palgrave Macmillan. 171-186.
- Jean-Baptiste, Chenet 2012. « Haiti's Earthquake. A Further Insult to Peasants' Lives », In: Schuller, Mark and Pablo Morales (Eds.) 2012. *Tectonic Shifts. Haiti since the Earthquake*. Boulder: Kumarian Press. 97-100.
- Jean-Jacques, Jean Elissaint 2009. *Faith-based Organizations and Community Change in Haiti*. Masters Thesis submitted to the University of California, Davis, USA.
- Kazama, Yoriko and Tao Guo 2010. « House damage assessment based on supervised learning method: case study on Haiti », *Proc. SPIE* 7830, Image and Signal Processing for Remote Sensing XVI.

- Lwijis, Janil 2009. *Ki gouvènman ou ye ?* Port-au-Prince : Asosyasyon Inivèsitè ak Inivèsitèz Desalinyen.
- Maldonado-Torres, Nelson 2014. « Religion, Conquest, and Race in the Foundations of the Modern/ Colonial World », *Journal of the American Academy of Religion*. Vol. 82(3): 636–665.
- Pandolfi, Mariella 2011. « Humanitarianism and Its Discontents », In: Bornstein, Erica and Peter Redfield (Eds.) 2011. *Forces of Compassion. Humanitarianism between Ethics and Politics*. Santa Fe: School for Advanced Research Press. 227-248.
- Ramachandran, Vijaya and Julie Walz 2012. « Haiti: Where Has All the Money Gone? » *CGD Policy Paper* 004. Washington, D.C.: Center for Global Development. <http://www.cgdev.org/content/publications/detail/1426185>
- Ramsey, Kate 2005. « Prohibition, persecution, performance. Anthropology and the penalization of vodou in mid-20th-century ». *Gradhiva. Revue d'Anthropologie et d'histoire des arts*. 165-179.
- Rey, Terry 1999. *Our Lady of Class Struggle: The Cult of the Virgin Mary in Haiti*. Trenton and Asmara: Africa World Press.
- Schuller, Mark 2012. *Killing with Kindness: Haiti, International Aid, and NGOs*. New Brunswick: Rutgers University Press.
- Steinke, Andrea 2016. *Faith in Humanitarianism. The Study of Two Faith-Based Organizations in Post-Earthquake Haiti*. Doctoral Thesis submitted to Freie Universität, Berlin, Germany.
- Taylor, Charles 2007. *A secular age*. Cambridge: Harvard University Press.
- Ver Beek, Kurt A. 2000. « Spirituality: A development taboo », *Development in Practice*. Vol. 10(1): 31-43.



# Lojik èd : pwojè ak odit an Ayiti

Scott Freeman  
American University

Pandan rechèch mwen yo, anpil moun, nan mòn kote m pase an Ayiti, mande m : « ki pwojè ou genyen pou nou ? » Paske mwen se yon blan, anpil moun pran mwen pou yon gwo responsab nan ONG. Yo pa ka imajine mwen se yon antwopològ. Nan vil kou nan mòn, fanm tankou gason, timoun kou granmoun, tout ap pale m de pwojè. An fèt, mo « pwojè » nan bouch tout moun. Epi tou, ONG nan zòn yo te gen menm enterè ak moun yo: jwenn pwojè. Men pwojè bay yon lòt benefis pou ONG yo. Pou ONG ak òganizasyon kominotè yo, enterè yo gen nan pwojè se jwenn fon pou fè òganizasyon yo fonksyone.

Plis mwen tande pawòl sou pwojè, plis mwen vin konsyan de enpòtans *pwojè* genyen an Ayiti. Men reyalite pwojè rive pi lwen ke Ayiti : se yon konsèp mondyal. Pwojè se yon gwo mòso nan sa yo rele kilti administratif (contemporary administrative culture). Pwojè gen syans pa li, li gen pwòp filyè ak karyè pwofesyonèl pa li. Pa egzanp, lekòl biznis gen Metrizz (MS) nan jesyon pwojè. Anons pou direktè pwojè, kowòdinatè pwojè, administratè pwojè, fè kenken sou rezo sosyal *Devex* ki espesyalize nan devlopman. Eksplozyon ki gen nan domèn nan kreye nouvo pwofesyon ak nouvo pozisyon. An fèt, toupatou nan mond lan, nan òganizasyon yo ak nan biznis yo, zafè pwojè a ap vale teren.

Nan atik sa a, m vle ale pi lwen ke kesyon ONG yo. Mwen prefe pale de yon fòm finansyè ki ka ede nou konprann sitiyaasyon Ayiti a. Jodi a, devlopman pase pa yon dispozitif administratif ki rele pwojè. Moun ki travay nan domèn èd imanite pale de travay yo nan lide pwojè, e benefisyè yo konsyan de limit fom èd sa a. Yon « pwojè », se yon dispozitif administratif ki pa enplike sèlman ONG, Leta ak miltinasyonal : sa konsène tou lyen ant donatè, soutretan, nan tout fòm ak tout nivo, epi benefisyè yo. Pwojè, nan sans sa a, vin parèt kou yon asanblaj ki ta sanble yon aktè aparantye ki enplike nan pwosesis ak pratik devlopman an.

Papye sa a pral egzamine èd nan domèn anviwònman atravè yon analiz kritik sou kesyon konsèvasyon sòl ak relasyon kesyon sa a genyen ak dispozitif yo rele pwojè a. Mwen pral montre kòman pratik inefikas nan domèn konsèvasyon sòl an Ayiti vin miltipliye akòzyo depann de pwojè. Premyèman, nou pral wè kisa ki yon pwojè. Apre sa, mwen pral analize sak yon pwojè ak fason yo evalye yo, kijan pwojè enflyanse estrateji ak oryantasyon bò kote moun tankou òganizasyon nan mòn yo. Nap rezève yon dènye moman pou nou evalye kòman ribrik viziblite nan odit pwojè yo enflyanse aktè yo nan fason pwojè a dewoule. Nan kad travay la, mwen fè ipotèz ke pwojè obeya yon lojik ki chanje fòm èd pran e ki miltipliye inegalite nan mòn peyi Dayiti. Rechèch pou atik sa a fèt nan lane 2012, epi nan lòt vizit nan lane 2015. Pandan vizit sa yo, baz mwen te nan depatman Sid la. Mwen t ap obsève 2 kote : nan Leje, yon lokalite kote yon inisyativ devlopman baze : lòt zòn nan se Dabòn, nan Leyogàn. Nan Dabòn mwen fokalize sou plizyè pwojè konsèvasyon sòl ke ONG asosye ak yon inisyativ pi laj. Apwòch mwen itilize a baze sou obsèvasyon patisipant : mwen chita pale ak donatè, travayè ONG, agwonòm, epi plantè yo tou.

### **ONG ak Pwojè an Ayiti**

« Envazyon » ONG an Ayiti chanje pèsèpsyon moun genyen de peyi a. Pandan lontan, kominote entènasyonal la konsidere Ayiti kòm « peyi ki pi pòv nan emisfè nò a », men sa gen lè chanje : kounye a, nou plis tande yo pale de « Ayiti, peyi 10 000 ONG ».

Nan lane 1980 yo, Etazini te bezwen lage èd sou rejim Duvalier a. Yo te fè sa sitou atravè Òganizasyon Volontè Prive yo (« Private Voluntary Organizations », an angle). Ak òganizasyon sa yo ki pa nan Leta, kominote entènasyonal la te gen plis kontwòl sou èd enstitisyon pa yo te bay, paske se pa te gouvènman an ki te ap pran desizyon ni jere èd yo. Mòd jesyon sa a, se pa pou gouvènman Ayisyen an sèlman yo fè li. Modèl neyoliberal ki ap domine nan lemond redwi kapasite Leta yo pou yo investi nan sèvis sosyal tankou edikasyon ak lasante. Rediksyon sa yo ak apliksyon plan ajisteman estriktirèl yo (« structural adjustment », an anglè) ouvri yon brèch pou òganizasyon ki pa nan Leta yo fofile (Leys 1996).

Dapre kèk analiz kritik, ONG yo reprezante yon gouvènman pèp la pa chwazi (Lwijijs, 1993). Apre tout refòm neyoliberal yo, ONG se repons a bezwen popilasyon yo. Nou tandè depi kèk tan, « Ayiti ouvri pou biznis » (« Haiti is open for business », an anglè), men depi lontan oryantasyon estrateji èd entènasyonal yo ouvè peyi a tankou yon mache. Nan sistèm sa a, èd yo pa pase nan men gouvènman Ayisyen an. Nan sistèm sa a, repons yo depaman ak bezwen yo (Schuller 2012 : Schuller 2009). Apre tranblemanntè a, modèl sa ki mache san Leta, san pèp, fè repons a bezwen yo tounen yon lòt dezas (Katz 2013). Si nou byen gade travay ONG yo anvan ak apre tranblemanntè a, nou wè yon neglijan sistematik kote sèvis yo pa satisfè bezwen yo. Poutan, menmsi benefis yo pa ale jwenn « benefisyè » yo, anplwaye ONG yo toujou touche salè yo. Mòd pratik sa yo kreye yon sistèm èd ki ogmante inegalite nan sosyete a (Schuller 2009). Absans Leta a ak èd ki bay nan patipri, kreye yon gwo bezwen (pou pwojè) nan zòn rural yo. Men, jwenn pwojè se yonn, jwenn rezilta se de.

### « Pwojè » nan kouran akademik yo

An Ayiti tankou lòt kote, sa a yo rele devlopman jounen jodi a sanble yon makòn pwojè. Pwojè se yon zouti administratif ki gen limit tanporèl, finansyè, akespasyal li. Albert Hirschman ekri yon kritik klasik sou pwojè. Kritik sa a pa gade pwojè nan fòm li, men sitou fason endistri devlopman an mete konfyans

nan pwojè. Hirschman (2014 [1967]) gade fason senplis moun ki travay nan èd konprann pwojè. Imaj « men envizib » ki ap gide a dekri kòman konsepsyon ak ekzekisyon pwojè devlopman parèt « *san defi*, paske travay jerans lan sanble pi fasil, pi senp ke li ye an reyalitye » (2014 [1967]: 12). Pou kontinye nan liy Hirschman te koumanse trase a, nou wè pwojè gen yon kalite ki kache : reyalitye a senplifye, e pwodui yon « inyorans ». Fòm pwojè a ouvri yon pèspektiv ki fasilite planifikasyon ak evalyasyon.

Judith Tandler (1977) fè analiz endistri èd la nan yon sans pi laj. Li gade kòman pwojè gen lavi ak pwòp lojik li, e sa prezaje « Teyori Aktè Rezo » TAR (Network Actor Theory an angle) ane 2000 yo (Mosse 2005 : Lewis and Mosse 2006 : Latour 2005). Tandler di ke rezilta konkrè (*output*) yon pwojè gen relasyon ak tip pwojè a. Poutèt sa a, yo seleksyone pwojè sou baz rezilta yo ap tann.

David Mosse, ki baze travay li sou analiz Bruno Latour (1996), pwopoze yon platfòm pou konprann *tout* aktè yo nan kontèks aktyalizasyon pwojè yo. Pou Mosse, li enpòtan pou nou konsidere kòman gwoup aktè yo kreye lyen ant yo : konsidere yon « tradiksyon » ki mete ansanm tout aktè yo anba yon istwa ou yon diskou komen. Konsa, istwa sa a kenbe divès gwoup aktè ansanm nan yon menm rezo. Menm jan an, Anna Tsing kontribiye ak lide ke « yon pwojè se yon diskou enstitisyonnalize ki gen konsekans sosyal ak materyèl » (2001 : 04). Pwojè antan ke gwoup aktè divès rive kenbe, atravè yon istwa, tradiksyon, oswa yon diskou. Pèspektiv sa a ede nou konprann kòman lòt aktè rive travay nan lojik biwokrasi pwojè a.

Egzijans sistèm pwojè a vin yon reyalitye lè ONG itilize « logframes » (yon zouti *konsepsyonnel* kouran nan ONG), fè evalyasyon, e pwodui finalman yon rapò sou travay ki fèt. Men se odit la ak evalyasyon an ki ka fè yon pwojè vin yon « siksè ». San « benediksyon » odit la, bayè yo pèdi konfyans nan ONG yo akòganizasyon debaz yo, e sa ka anpecheòganizasyon yo jwen plis finansman. Evalyasyon an pa chita sou jan yo òganize kontabilite finansmanyò, men pito se soulojik odit finansye a. Tout moun kitravay nan domèn èd rekonèt sa, ni moun ONG yo

ni benefisyè yo. Konsa, odit ap enflyanse aksyon benefisyè yo ak moun ONG yo, jiskaske nou rive fè zafè odit sa a rantre nan nanm moun yo, sa ki te vle di : kreye yon *kilti odit* (Strathern 2000 : Power 1997). *Kilti odit* fè referans a efè sosyal, pa teknik ak prensip evalyasyon an, yon evalyasyon finansyè ki an menm tan lwen mond kontabilite finansyè a (Cris Shore 2008). Rasin odit finansyè a kreye yon pakèt pratik sosyal ki ranmase kontabilite finansyè a ak kesyon etik. Pratik odit la gen pwòp metòd li, e an deyò pwosedi odit yo, okenn lòt lojik pa admisib. Anndan pratik sa yo gen dinamik pouvwa ki fòme yon seri relasyon : « yon odit se esansyèlman yon relasyon pouvwa ant moun ki egzamine a ak moun ki objè obsèvasyon an » (Shore and Wright 2000 : 558). Nan analiz entèvansyon agwo-anviwonman an Ayiti, odit la gen enflyans tout bon vre sou planifikasyon, aplikasyon ak evalyasyon.

### Magouy Odit la

Odit gen yon limit nan tan ak lespas : konsa odit gen kèk obligasyon ki ka kraze objektif konsèvasyon sòl yo. Nan mòn debwaze ak degrade nan peyi Dayiti, ONG konstwi kanal kontou depi nan lane 1950 yo. Kanal kontou se yon estrikti ki fèt nan kontou yon mòn, e ki antoure ak pyebwa. Kanal kontou yo se yon nòm ki defini kijan pou kanal ak ti mi dwe fèt nan pant mòn yo. Objektif kanal kontou, se pou kenbe sòl la. Malerezman, estrikti yo pa rive atenn objektif sa a nan zòn Sid peyi a. Itilize o nivo mondyal kòm estrateji konsèvasyon sòl, kanal yo dwe ralanti sòl ak dlo, e pyebwa ki plante nan kanal yo dwe kenbe yo. Kanal kontou, se pa yon fenomèn nèf an Ayiti, e konsa yo pa sòti nan lojik pwojè a. Apre yon pwojè pilòt UNESCO te reyalize Ayiti an 1946 (youn nan premye pwojè UNESCO nan mond lan), degradasyon sòl vin konsidere kòm youn nan pi gwo pwoblèm pou Ayiti (Watras 2010). Kòm rezilta, kontwòl ewozyon vin tounen yon entèvansyon kle pou pwojè ekstansyon agrikòl. Entèvansyon sa yo baze sou lide ke plantè yo responsab degradasyon sòl la, e solisyon pou pwoblèm yo rive nan valiz ekspè entènasyonal agrikòl yo (Pretty and Shah 1997). Pou Ekspè yo, sa yo te bay plantè yo fè a

se pa li yo fè. Apre kèlke ane, kanal yo vin disparèt, preske kòmsi yo pat la ditou. Olye yo pran yon pèspektiv alontèm, evalyasyon an gade sèlman konstriksyon kanal yo. Sa vle di, si yo konstwi, pwojè a se yon reyisit. Men depi entwodiksyon kanal kontou yo, pa gen anpil plantè ki chwazi konsève estrikti yo apre yo fèt (Erasmus 1952 : White 1992). Malgre aksyon plantè yo, e malgre plizyè agwonòm ki pa dakò ak sistèm sa a, kanal kontou kontinye miltipliye nan zòn rural yo.

Jude<sup>1</sup>, yon agwonòm ki travay ak yon òganizasyon debaz nan zòn Sid la, mete aksan sou fason kanal kontou rive « reyisi » gras a rapò finansyè. Jude te Prezidan Òganizasyon pou Devlopman Leje (ODL), yon òganizasyon kominotè ki travay nan agrikilti akkonstrikasyon. Antan ke agwonòm, Jude konn jere plizyè pwojè pou ODL. Òganizasyon sa a genyen pèsònèl administratif, de (2) agwonòm ak yon pòt pawòl. ODL te ekri e jwenn finansman yon pwojè nan ONI (Òganizasyon Nasyonzi) pou konstwi kanal kontou nan kek mòn nan zòn rural Leje. Nan 2012, ODL fè yon pwojè mi beton pou ONI. Apre sa, yon moun ONI di Jude yo pral gen yon konkou pou pwojè anviwonman nan Leje. Nan kontèks devlopman Ayiti, ODL bezwen pwojè nan men donatè yo pou kontinye travay yo. Nan kad sa a, ODL bezwen pwojè li yo « reyisi » pou li kapab kontinye jwenn plis pwojè. Konsa, òganizasyon an ap kontinye mache, e moun ki ap travay ladan ap gen plis travay.

ODL te peye yon ti òganizasyon plantè ki rete nan Leje pou fè travay kanal kontou yo. Gwoup plantè yo t ap fouye kanal ak plante pyebwa ki ka kenbe kanal yo. Jude te gen espwa ke travay plante ak konstrikasyon kanal yo tap fè yo jwenn yon pwojè kap reyisi, e konsa ONI t ap wè pwojè a reyisi, li t ap bay plis fon, e sa t ap louvri posibilite pou plis pwojè. Jude dekri estrikti pèyman an konsa : Nan yon premye tan , « yo ba w 50 %, nan yon lot tan 40 %, e lè pwojè a fini yo bay 10 % ki rete a. » 10 % an ap itilize pou kouvri kelke dèt epèmèt òganizasyon an fonksyone annatandan yo jwen yon lòt pwojè.

1. Tout non ak kote ki site nan atik sa se non envante pou pwoteje idantite moun yo

Pwojè ODL la pat pase kòm Jude te prevwa li a. Apre twa (3) mwa, pwojè a rive nan limit li, yon reprezantan ONI vini pou evalye travay ODL la. Plizye ti pyebwa ki te plante te mouri paske nan ete 2012 te gen yon gwo sechrès. Depi reprezantan ONI wè pyebwa ki mouri, li di ODL pat konplete tèm pwojè a. Li di Jude, « fok nou wè pyebwa yo ». Donk ONI refize bay dènye 10 % finansman ke ODL te dwe resevwa a. Men, Jude te bezwen 10 % sa a : nan ekzekisyon pwojè a, Jude ak ODL akimile dèt nan kominote a. Nan yon jefò pou reklame dènye 10 % a, Jude te vle replante pyebwa pou pemetevalyasyon an reyisi.

Jude te envite mwen patisipe nan replante pyebwa ak li menm e 2 lòt manm ekip li a. Li enpòtan pou nou konprann ki objektif travay sa a. An verite, plantè ak mèt tè yo preske absan pandan jounen sa a. Pandan apremidi a nan vizit nou, nou fè travay la preske poukont nou. Malgre Jude di li deja pale ak lidè kominote a, nou pat wè anpil patisipasyon (dezotwa moun vini pale avèk nou, e youn rete pou li ede nou plante kèk ti pyebwa). Kèk rezidan te pwofite de okazyon pou pale avèk nou. Chak moun Leje ki pale ak nou kritike sitiyasyon an. Yon granmoun fanm vini di nou ke lontan, moun pat pèmèt bèt manje tout ti pyebwa yo. Nou te wè sa nan premye chan nou vizite a : mèt tè a pat abite nan kominote a e tout moun itilize tè a pou elvaj. Konsa, bèt yo manje ti pyebwa ke Jude ak ekip li a te plante nan kanal kontou yo. Dam lan di nou tou, nou tap wont si nou t ap desann bò larivyè a, paske nou t ap wè kote moun koupe pye fwi pou fè chabon.

Moun t ap pase obsève nou, Jude te pwofite di yo ke yo dwe pwoteje ti pyebwa nou t ap plante yo. Men, li pat di sa nan yon objektif anviwonmantal. Jude di ke pyebwa t ap ede sòl la, se agiman prensipalpou pwojè a. Nan plizyè lòt konvèsasyon, Jude pale sou enterè l nan ede plantè riral yo, men nan ka sa a, li te plis pale sou reyisit pwojè a, yon efò ki pat bezwen angajman plantè yo, ni lavi alontèm kanal yo. Nan moman sa a, Jude espere kiltive senpati moun yo pou kontinye pwojè a e pwòp travay li.

Nan pwochen jou yo, li parèt pi evidan travay nou motive pa reyisit pwojè a, e pa nan solisyon ewozyon sòl la alontèm. Nou monte nan machin Jude e kondwi sou wout pou rive yon lòt zòn

nan Leje. Nou rive jwenn Ti Danyèl, ki te Prezidan asosyasyon plantè soutretan pou fouye kanal yo. Apre yon trajè 20 minit, nou rive bò yon lekòl nasyonal ki te nan yon tèt mòn. Nan mòn sa a, byen lwen, nou ka wè kanal ke nou replante yè yo. Anba, liy kanal la fè yon demi-sèk nan mitan yon chan ouvri. Nou kite ti pyebwa nan tèt yo, e fè ti desann anba ak dezoutwa ti pyebwa alafwa, e itilize manchèt pou fouye ak plante. Pandan nou tap pran yon ti poz, Jude eksplike nou ke nou ap plante ti pyebwa sou bò reprezantan bayè fon yo ka wè pwogrè yo. Li di ekip nou an ak ekip Ti Danyèl la pa bezwen chache yon kouvèti total, men « konsantre nan tè vizib bò lari a ». Pou ekip Ti Danyèl la, li di pou yo sèlman kontwole zòn bò lari a. Efò replante pyebwa sa a pa òganize nan yon objektif enpak anvivonmantal, men pou n rive ak yon evalyasyon reyisi pou pwojè a.

Apre plizyè apèl ONI Jude finalman motive organizasyon an pou re-evalye travay la. Nan mwa sektanm, Jude rele m ak bon nouvèl. Lè evalyatè ONI yo (Ayisyen ak etranje) wè ti pyebwa yo, yo di pwojè a reyisi. Konsa, yo bay Jude ak organizasyon li an dènye 10 % ki te rete pou pwojè a. Pou pwojè kanal la, pyebwa plante pou fè yon travay senbolik, pou egziste pa prensipalman pou konsèvasyon, men pou kontinwite pwojè a. Pyebwa pa bezwen rete plis pase kèlke mwa pou rive reyisi. Men malerezman pou Jude, nan kòmansman tout pyebwa yo pa konpòte yo jan yo te dwe konpòte, epi yo tou mouri. Pyebwa ki vizib, ki vivan, rive « pale » pou tout lòt pyebwa pwojè a (Callon 1986 : Latour 2005), e vin reprezante reyisit pwojè a. Pyebwa ki pa vizib, ki lwen lari ou ki mouri yo, vin disparèt nan yon sans. Ti pyebwa ki mouri ka montre kondisyon sechrès, yon mank jesyon. Men pyebwa ki vivan epi vizib yo pale ak yon vwa pi fò, e pou sa, tout dout te mete sou kote.

Miltiplikasyon kanal kontou pat fèt paske yo konsève sòl, men paske yo « reyisi » kòm pwojè. Peryòd finansman an ka kout pou pwojè a (pwojè Jude rive 3 mwa). Men nan peryòd sa a, estrikti kanal fèt byen vit, e gen yon enpak ki vizib. Nan tout sa, se plantè nan zòn nan ki fè travay koupe tè a pou kanal yo. Yo touche yon ti kòb pou fè travay sa a. Travay pou fouye kanal yo fasil pou

kontwòl (konbyen moun yo peye nan pwojè sa a), sa ki pemèt viziblité ak kontwòl finansye yo posib. Kantite pyebwa ki plante, kanal ki fouye, e moun kap travay pemèt yo mezire pwojè a. Viziblité ak transfòmasyon aktivite yo bay yon fòm finansye ki fasil. Konsa, kanal la rive nan yon sètèn fason jwenn plis fon pou pwojè a. Reyisit pwojè a enpòtan pou òganizasyon kap travay la. Ajans ki bay lajan an (ONI) wè nan kanal yo ak pyebwa yo yon reyisit, sa ki pemèt yo debouse fon pwojè a pou satisfè donatè yo. Kanal yo pwodwi siksè tou pou ODL, òganizasyon an dwe pwodwi pwojè ki mache si yo vle jwenn plis pwojè e kontinye kòm òganizasyon. Tip evalyasyon sa a chanje fason pwojè a konsevwa epi avanse entèvansyon ki vizib, men petèt pa efikas.

### Moman evalyasyon an

Moman evalyasyon an montre wòl, motivasyon ki vini ak enterè ki fasilite reyisit. Nan kad sa a, nou wè toupatou nan lemond baze sou pwojè, e fason ke pwosesis evalyasyon an kreye kèk pratik pou fasilite reyisit, epi an menm tan kache eksepsyon. Wòl « ekspè » ak « benefisyè » vin konkretize nan pwosesis verifikasyon an. Analiz aksyon aktè yo nan yon kilti odit (Strathern 2000 : Power 1997) pemèt nou konprann kòman agwonòm, plantè, ak anplwaye ONG pa oryante sou konsèvasyon anviwonman an, men sou konsèp pwojè devlopman *oditab*. Objektif konsèvasyon an vin segondè.

Inisyativ Kòt Ayiti a (IKA) se yon inisyativ ak plizyè òganizasyon ki travay nan domèn degradasyon anviwonman ak rediksyon povrete. Nan inisyativ sa a, donatè Ewopeyen yo bay fon ONI, ki pemèt yo fè kontra ak ONG, ak asosyasyon kominotè yo. Fon an chanje men depi bayè fon an ak òganizasyon kontraktè, òganizasyon sou-kontraktè fini ak pwojè a, evalyasyon ak rapò a ale piwo nan konsèy direksyon. Ladann IKA, ATAD (Asosyasyon Travayè Damòn) kontrakte pa yon ONG entènasyonal, International Relief Organization (IRO). IRO kontrakte ATAD pou peye manm kominote a pou konstwi yon seri mi nan lide pou fè yon chan demonstrasyon ki tap montre konsèvasyon sòl ak lot estrateji agrikòl. Lebel, prezidan ATAD,

yon prezidan dinamik e motive, travay nan pwojè a ak komite ekzekitif òganizasyon an. Yon plantè li menm, Lebèl te pran kontak ant ONG e asosyasyon an. IRO kontrakte ATAD atravè yon agwonòm IRO ki panse ATAD ta ka fè yon bon travay ak yon pwojè agwo-anviwònman. Nan chèn èd, ONI, IRO, e ATAD gen yon enterè nan evalyasyon travay ATAD la. ATAD gen enterè fè travay li byen pou jwenn plis konfyans ak posibilite pou plis pwojè. Agwonòm IRO yo te jere travay ATAD la, e ONU te jere travay IRO pou bay rapò donatè Ewopeyen an. Yon evalyasyon reyisi pwojè a ta nan enterè chak aktè nan chèn èd la.

Enterè sa yo se kle nan moman evalyasyon an. Yon evalyasyon pwojè ATAD te fèt yon maten nan ete 2012. Bonè chak jou nan mòn Damòn, moun chaje bèt, gwoup plantè ale fouye pistach, oubyen travay nan jaden nan mòn. Jou sa a, apre plantè yo ale travay nan tè a, yon machin blan janbe rivyè Damòn lan, ki nan moman sa pat gen anpil dlo. M tap chanje bèt ak yon zanmi nan zòn nan. Lè nou rive bo rivyè a, yon moun di nou ke gen yon aktivite ATAD ki ap fèt. Mwen rive bò yon ti pepinyè ATAD. An fas pepinyè a te gen yon bandwòl ki endike tout aktè kap fè travay la: ATAD, IRO, ak IHC. Machin blan an kanpe bò pepinyè a. Nelson (ki se yon moun ATAD fòme) ak papa l te kanpe bò machin nan. Nelson di kèk blan ak kèk Ayisyen vin vizite yo. Li mande: « Kòman yo rele òganizasyon ki bay lajan ? » Mwen te reponn: « Bayè fon ? » Li te di « Wi ! »

Pandan tan sa a, yon lòt gwoup desann nan pepinyè a: yon administratè Ameriken, 2 agwonòm IRO Ayisyen, yon agwonòm Ayisyen ONI ak yon administratè Ewopeyen ONI. Yo vin obsève ak evalye travay pepinyè ak mi ATAD te konstwi an. Mwen rekonèt yo paske mwen te pase yon tan avèk yo nan biwo. Nou ri lè nou kwaze andeyò biwo IKA a : antwopològ sou teren travay li ak travayè ONG ki t ap evalye.

Apre sa, 2 gwoup fòme an fas pepinyè a. Yon gwoup tap pale Kreyòl, senk (5) moun ATAD, lòt gwoup la, bò machin lan, te ap pale Franse, vizite yo, ak twa blan yo. Zafè lang isit se kle: vizite etranje yo ak agwonòm yo tap pale franse, pandan plantè Ayisyen yo tap pale Kreyòl. Administratè ONI an, Manuel, kòmanse poze

moun IRO yo kesyon. Malgre Manuel te rete Ayiti depi kèlke lane, li pat pale Kreyòl. Ak yon ti kaye nan men li, Manuel mande Leonel (yon chèf agwonòm IRO) an Franse poukisa IRO chwazi espas sa a pou pwojè a. Leonel esplike ke gen yon lòt agwonòm IRO ki te vizite espas sa anpil fwa e li te deside fè travay la nan espas sa a. Manuel pran nòt, e li kontinye poze Leonel kesyon: Kiyès ki patisipe? Èske ATAD travay ak manm leta? Leonel (ki travay nan biwo IRO, men pa nan zòn nan) reponn: « Wi, otorite lokal yo patisipe nan pwojè a. » Manuel te ekri repons lan, e nou kontinye mache. Pou chak kesyon, Manuel ekri repons, ki reprezante yon pèfòmans nan evalyasyon an, oubyen yon « teyat ».

Kounye a, 2 group yo reyini mache rive kote ATAD konstwi mi beton lan ravin nan. Pandan nou ap mache, Manuel te vle konnen plis sou yon aktivite katografi kominotè ki fèt nan kominote a depi kèk mwa. Leonel di ke IRO toujou gen kat la. Manuel kanpe Sandra, yon administratè Ameriken, e di l ke li dwe mete katografi a an rapò ak pwojè a, menmsi pa gen rapò ant yo. Manuel kontinye mande detay : « Èske lot òganizasyon nan zòn nan patisipe nan travay la? » Leonel ak Sandra di ke sèl òganizasyon ofisyèl nan zòn nan, se ATAD ak yon lòt. Men Lebèl di : « Non, gen anpil lòt òganizasyon. » Manuel, kounye a, vin kesyone Lebèl dirèkteman, li mande li : kijan lòt òganizasyon sa yo? Lebèl di ke manm nan lòt gwoup yo resevwa opòtinite pou travay nan pwojè a nan fouye oubyen netwaye espas.

Nan jan li ap poze kesyon yo, Manuel fè anpil efò pou li konprann repons yo e pou li verifye aspè sa ki ap di yo. Malgre patisipasyon Leta ak kominote a pat fasil pou wè, li poze kesyon sou sa, epi li anrejistre li jan li ye a.

Rasin mo odit soti nan *audire*, mo laten ki vle di « tande » (Shore and Wright 2000). Nan egzanp anwo a, tande vin yon evènman piblik, yon pwosesis long epi konplèks. Li vin yon bagay ke nou ka tande, sa ta vle di li vin lizib (Scott 1998). Nan pwosesis sa a, nou riske pa tande oubyen wè tout bagay, e sèten aspè pwojè a vin kache. Nan « rityèl verifikasyon » sa a (Power 1997), kèk objè vin vizib, kèk lòt rete envizib. Nan moman sa yo,

aktè a, jan Latour konprann li, vin yon aktè nan sans teyat : li jwe wòl yo ba li, li preske itilize yon ekriti. Men nan kèk pwen, aktè yo re-ekri tèks la, konsa, fason ke odit fèt vin tounen yon fabrikasyon, fabrikasyon sa vin tounen yon pèfòmans vizib.

Gwoup evalyasyon an kontinye vanse sou wout la, li rive nan yon ravin ki gen mi beton : kèk baryè ATAD konstwi pou anpechedlo ale ak tè a. Gwoup la kanpe pou egzamine premye mi an ki deja kraze. Lebèl tounen bay gwoup la eksplikasyon. Li di : anfèt, mi sa te fè travay li byen nan 2 premye gwo lapli yo, men li kraze lè siklòn Sandi rive. De (2) chèf agwonòm, Aubè (ONI) ak Leonel (IRO), egzamine mi an, yo chak bay yon konsèy sou kòman konstriksyon mi yo ka amelyore. Apre sa, gwoup la kontinye monte mòn, vin pi lwen ravin nan. Men Aubè ak Leonel kanpe nan ravin kote gen 2 mi ki pat kraze. Aubè montre Manuel kòman mi an toujou byen kanpe, epi li egziye Manuel pou li fè foto mi sa yo. Manuel fè konsa : li pran foto yon mi djanm, ki pa kraze, antanke testaman pwojè a. Mi anba a, ki kraze, malgre li pi vizib bò lari a, pa antre nan evalyasyon an. Nan plas li, foto mi byen kanpe a pase pou prèv reyisit pwojè a.

Apre yo fin obsève espas pwojè a, apre konsèy ekspè yo, gwoup agwonòm, travayè ONG, ak plantè, jwenn kèk remèsiman. Apre Lebèl ak evalyatè yo te fin pwononse remèsiman pa yo, Franswa, KAZÈK (Konsèy Administrasyon Seksyon Kominal) lokal la, te rive pale. Franswa tap travay pa sèlman kòm KAZÈK, men li tap travay tou pou lòt ONG anba menm inisyativ IKA nan zòn nan. Men pawol li mache ak sak tap di yo. Menmsi anplwayè IRO di ke moun Leta te patisipe nan pwojè yo, Franswa di : « yo pa janm pa janm envite m. » Diskou li a te kraze rityèl fòmèl lan kote tout gwoup yo te di mès. Gen kèk lòt moun ki te vreman pa alèz. Lebèl eseye kanpe li anpil fwa. Lebèl kòmanse kanpe li nan yon fason janti, men anfen, li di Franswa : « Ou pale twòp ! » Franswa kontinye kanmenm. Mwen tap gade Aubè, ki tap ri. Malgre Aubè konnen Franswa depi lontan, *je dou* li fè (Geertz 1994) montre nou ke nan moman sa a li pat alèz ditou. Finalman, Aubè fini enteraksyon an : « Ok, ann ale. » Dousman, tout moun kòmanse desann ravin nan pou ale nan machin yo.

Motivasyon Franswa an pat klè. Li fè referans ak pozisyon li kòm ofisyèl leta a. Men an menm tan, li tap travay pou yon lòt ONG nan zòn nan. Kèlkeswa motivasyon li genyen, diskou li a mete yon limyè epi fòkis atansyon an sou bagay ki pa vizib nan evalyasyon an. Li sòlve posiblite ke menmsi ATAD ak IRO di yo gen patisipasyon Leta ak lòt òganizasyon, petèt sa te yon manti. Epitou, Franswa mete aksan sou posiblite ke lòt moun ak aktè nan kominote a ka pa dakò ak pwojè a, ke kominote a se pa yon gwoup omojèn, anfèt yo se yon gwoup aktè ki ka benefisye nan yon fason inegal. Apre Franswa te fini ak diskou li a, pat gen kesyon ditou. Aubè eseye inyore pawòl Franswa yo, li detounen atansyon an e kòmanse deplase gwoup la. Mete an kesyon estrikti ak ekriti oto-evalyasyon an te kraze nan yon lòt moman tou. Leonel ak Sandra, kòm reprezantan IRO, te reponn ak sètitud kesyon Manuel yo sou patisipasyon Leta ak òganizasyon yo. Men repons yo pat tèlman korèk. Pawòl mi kraze a, divèjans ant aktè yo, deranje senaryo « reyisit » la (wè Callon 1986). Nan moman evalyasyon sa yo, resi « reyisit » a maske pèfòmans reyèl la.

Nan odit, moman sa yo patisipe nan konpozisyon yon pèfòmans, - yon « rityèl verifikasyon » ki akonpaye odit la (Power 1997). Pèfòmans sa yo itilize ak ranfòse wòl èd entènasyonal la defini. Aktivite yo egzije kèk wòl : oditè yo, moun ki resevwa odit la, « ekspè » ak « plantè sans konesans ». Tankou Butler (1990) ekri, nan pèfòmans yo, moun ki ap « fè » aksyon an jwenn fòm nan tou « fèt ». Konsa, pèfòmans la jwe wòl diferans ant moun ki oditè ak moun ki resevwa odit la. Plantè ak agwonòm fè travay konstwi ak rann kategori sa yo pi solid. Aubè ak Leonel, ekspè yo, bay peyizan yo lekti pa yo sou kesyon agwonomi, epitou ranfòse pozisyon pa yo anvè plantè yo. Manuel, oditè a, kesyone ak dokimante odit la, e li plis fè lekòtrè ke jwe wòl li kòm « obsèvatè enpasyal ». Men estrikti ak ekriti pèfòmans lan deranje nan anpil moman, sa ki pèmèt negosyasyon. Yon ofisyèl Leta, ki pa kontan ak pwojè a, atire atansyon sou majinalizasyon li, epi li poze kesyon sou kwayans pawòl ak aksyon yo ak sou veritab « patisipasyon Leta ». Ekriti, jan mwen konprann li an, fè aktè ak

pèsonaj bezwen pale: Leonel ak Sandra dwe reponn kesyon sou patisipasyon ak konfyans, menm si yo pa korèk.

Malgre vizit se yon moman kout nan tan evalyasyon an, li peze lou nan rapò a. Gen yon foki sou sa ki vizib, pa ekzanp sa yon foto oswa yon enskripsyon fè kwè. Rapò a swete jwen enfòmasyon sou pwosesisyon moman. Lè viziblite vin pi enpòtan, kesyon an se « kisa viziblite kache » (Strathern 2000). Pwosesis ak objè ki vin vizib kache lòt pwosesis ak lòt objè. Bagay ki pa « reyisi » oubyen ki konplèks, yo rejte yo nan yon « chèche reyisit ». Power (1994) di ke odit tounen kontwòl sou kontwòl : odit asire kalite sistèm kontwòl, olye kalite operasyon prensipal la. Pandan aparèy devlopman an ap kouvri Ayiti, kilti odit vini tou. Christian Vannier (2010) souliye reyalyte sa a : òganizasyon debaz yo an Ayiti vin odite depizanplis, nan yon efò pou retire politik nan òganizasyon sa yo. Nan moman sa yo, nou wè kòman odit ak enterè nan « pwojè reyisi » pwodwi ekriti ak pwosesis ki kache reyalyte entèraksyon yo.

## Konklizyon

Panse devlopman an tèm pwojè, se yon matris enpòtan pou konprann fonksyonman ONG: Egzamine relasyon ant travay ONG ak donatè yo kòm USAID (Schuller 2012), moun ki resevwa sèvis ONG yo ak anplwayè ONG yo menm (Lewis 2008, Fechter and Hindman 2011, Schuller 2012) : analiz « pwojè a », kòm yon aspè enpòtan « devlopman », konstwi sou baz fondasyon etid ONG yo. Analiz sa a ouvri ankadreman analitik pou konsidere kijan aparèy biwokrasi èd vin gen yon efè pwofon nan atitud ak aksyon nan mòn Ayiti yo. Epi tou, « pwojè a » se fason plizyè Ayisyen konprann sistèm èd la.klasifikasyon sa a pèmèt nou konprann kijan èd la, sou fòm sèvis sosyal an Ayiti, selektif e pa efikas. Pwojè se pa sèlman yon fòm òganizasyon administratif, se *lavi* ONG yo (Freeman and Schuller ND).

An Ayiti kou lòt kote, multiplikasyon ONG, ak enpinite nan fason lajan èd mal depanse, enspire òganizasyon « veye yo », ansanm ak gwo apèlpou kontablite. Men apèl sa yo liye ak kontablite finansye. Si nou swiv etimoloji *kontablite*, nan mo

*kontab*, nou wè ke odit vle kontwole lajan ki depanse. Kòm rezilta, enterè pou bay verite sou kijan lajan itilize te kreye metòd evalyasyon kontab ak repòtab. Poutan, efè pi konplèks konsèvasyon ak devlopman yo disparèt.

Nan travay sa a, ki se yon kontribisyon antwopolojik sou etid ONG, nou montre dinamik ki fòme kontèks èd la. Itilizasyon pwojè ONG ak òganizasyon kominotè yo fè, taktik evalyasyon kesyonab pètèt ranseye sou yon gwoup aktè ki ap defann enterè espesifik. Malgre sa a, aktè yo bezwen travay nan yon estrikti èd pi laj. Jude, ki negosye estrikti evalyasyon ONI pou fè yon pwojè « reyisi », rekonèt limit travay li. Kèk mwa apre fen pwojè a, pandan nou ap manje, Jude di mwen li gen anpil fristrasyon sou kijan finansman èd la estriktire. Preferans li se pou travay ansanm ak plantè yo ak mèt tè yo pou devlope pwogram entegre pou travay nan agrikilti ak konsèvasyon sòl. Depi lè sa a, li te kòmanse yon lòt inisyativ ki bay chak plantè konsèy endividalize - yon entèkansyon a lontan ke yo vrèman renmen. Men pou rive jwenn posibilite sa a, li te bezwen jwe jwèt pwojè a.

Èd vin wout prensipal finansman pwojè yo. Menmsi plantè, travayè ONG, ak reprezantan òganizasyon èd yo pa dakò ak sistèm nan, nan yon kontèks ki manke resous, yo tout oblije jwe nan sistèm pwojè a.

## Travay site

- Butler, Judith. 1990. *Gender Trouble: Feminism and the Subversion of Identity*. New York: Routledge.
- Callon, Michel. 1986. "Some Elements of a Sociology of Translation: Domestication of the Scallops and the Fishermen." In *Power, Action and Belief: A New Sociology of Knowledge?*, edited by John Law, 196–223. London: Routledge.
- Collier, Stephen J., and Aihwa Ong. 2005. "Global Assemblages, Anthropological Problems." In *Global Assemblages: Technology, Politics, and Ethics as Anthropological Problems*, edited by Stephen Collier and Aihwa Ong, 3–21. Malden, MA: Blackwell.

- Erasmus, Charles John. 1952. "Agricultural Changes in Haiti: Patterns of Resistance and Acceptance." *Human Organization* 11 (4): 20-26.
- Fechter, Anne-Meike, and Heather Hindman. 2011. *Inside the Everyday Lives of Development Workers: The Challenges and Futures of Aidland*. Sterling, VA: Kumarian Press.
- Freeman, Scott, and Mark Schuller. ND. "Markets of Aid: The Visibility and Commodification of NGO Projects in Haiti"
- Geertz, Clifford. 1994. "Thick Description: Toward an Interpretive Theory of Culture." *Readings in the Philosophy of Social Science*, 213-31.
- Hirschman, Albert O. 1967. *Development Projects Observed*. Brookings Institution Press.
- Katz, Jonathan M. 2013. *The Big Truck That Went by: How the World Came to Save Haiti and Left behind a Disaster*. Macmillan.
- Latour, Bruno. 1996. *Aramis, Or, the Love of Technology*. Vol. 1996. Harvard University Press Cambridge, MA.
- . 2005. *Reassembling the Social: An Introduction to Actor-Network-Theory*. Vol. 1. Oxford University Press.
- Lewis, David. 2008. "Using Life Histories in Social Policy Research: The Case of Third Sector/public Sector Boundary Crossing." *Journal of Social Policy* 37 (04): 559-78.
- Lewis, David, and David Mosse. 2006. *Development Brokers and Translators: The Ethnography of Aid and Agencies*. Kumarian Press.
- Leys, Colin. 1996. "The Rise & Fall of Development Theory." *Indiana University Press*.
- Lwiji, J. 1993. *Entè OPD: Kalfou Pwojè*. Bibliothèque nationale d'Haïti. <http://books.google.com/books?id=LeYMHAAACAAJ>.
- Mosse, David. 2005. *Cultivating Development: An Ethnography of Aid Policy and Practice*. Ed. Pluto Press, London.
- Ong, Aihwa, and Stephen J. Collier. 2008. *Global Assemblages: Technology, Politics, and Ethics as Anthropological Problems*. John Wiley & Sons.
- Power, Michael. 1994. *The Audit Explosion*. Demos.

- . 1997. *The Audit Society: Rituals of Verification*. Oxford: Oxford University Press.
- Pretty, Jules N., and Parmesh Shah. 1997. "Making Soil and Water Conservation Sustainable: From Coercion and Control to Partnerships and Participation." *Land Degradation & Development* 8 (1): 39-58.
- Schuller, Mark. 2009. "Gluing Globalization: NGOs as Intermediaries in Haiti." *Polar: Political and Legal Anthropology Review* 32 (1): 84-104.
- . 2012. *Killing with Kindness: Haiti, International Aid, and NGOs*. Rutgers University Press.
- Scott, James C. 1998. *Seeing like a State: How Certain Schemes to Improve the Human Condition Have Failed*. New Haven: Yale University Press.
- Shore, Chris, and Susan Wright. 2000. "Coercive Accountability." In *Audit Cultures: Anthropological Studies in Accountability, Ethics, and the Academy*, edited by Marilyn Strathern, 57-89. Routledge.
- Shore, Cris. 2008. "Audit Culture and Illiberal Governance Universities and the Politics of Accountability." *Anthropological Theory* 8 (3): 278-98.
- Strathern, Marilyn. 2000. *Audit Cultures: Anthropological Studies in Accountability, Ethics and the Academy*. Routledge.
- Tendler, Judith. 1977. *Inside Foreign Aid*. Johns Hopkins University Press.
- Tsing, Anna. 2001. "Nature in the Making." *New Directions in Anthropology and Environment: Intersections*, 4.
- Vannier, Christian N. 2010. "Audit Culture and Grassroots Participation in Rural Haitian Development." *PoLAR: Political and Legal Anthropology Review* 33 (2): 282-305.
- Watras, Joseph. 2010. "UNESCO's Programme of Fundamental Education, 1946-1959." *History of Education* 39 (2): 219-37.
- White, T Anderson. 1992. *Peasant Initiative for Soil Conservation: Case Studies of Recent Technical and Social Innovations from Maissade, Haiti*. Environmental and Natural Resources Policy and Training Project.



# Manèv nan domèn politik la : Sipòte lit la atravè finasman chanjman sosyal

Julia Schöneberg (Inivèsite Kassel),  
[jm.schoeneberg@gmail.com](mailto:jm.schoeneberg@gmail.com)  
Tradiksyon: Trovania Delille

## Rezime

Atik sa ap eksplore espas relasyon devlopman pwojè non-politik Nò-Sid yo nan direksyon finasman mouvman sosyal yo. Li pwopoze yon teyori « devlopman kòm-politik », tankou ak ki mouvman sosyal lokal ONG Entènasyon yo met tèt ansanm nan lit rezistans yo.

## Entwodiksyon

**P**atenarya nan pwojè devlopman non-politik yo, malgre yon deseni diskisyon kritik (Fowler 2000 : Maxwell/Ridell 1998 : Lewis 1998, Lister 1999), rete yon konsèp ki mande atansyon. Sepandan lide deyè patenarya a « grandi deplizanpli tankou yon fo reprezantasyon pouvwa ONG peyi nò yo » (Pearce 2000 : 25). Malgre plizyè tantativ pou yon patenarya kote relasyon ant pati yo egalego, relasyon nan pwojè devlopman yo toujou tonbe nan pyèj patènalis ak kowoptasyon. (Schöneberg 2016)

Yon altènativ, sitou konsènan yon nouvo politik devlopman, se sipòte mouvman sosyal yo. Depi anvan vire nan syèk jodi

a, Edwards (1999) te mande chanje modèl èd tradisyonèl lan nan yon konsèp ki pran baz li nan solidarite ak kowoperasyon Entènasyonal. Li te imajine yon « sikonskripsyon pou chanjman » ki ta enkli yon rezo aktè ak enstitisyon transnasyonal ki ap goumen ansanm pou yon amelyorasyon kondisyon vi kont povrete ak inegalite. Sistèm èd la deja en plas- li ta nayif pou mande eliminasyon britsoukou li. Sepandan, nou ka panse ak altènatif ki ka pèmèt transfòmasyon finansman pwojè devlopman yo an finansman chanjman sosyal dirab, pou fòmasyon alyans ki baze sou solidarite e non pa sou lacharite (Pearce 2000 : 27).

Nan rapò sa, nou ap etidye relasyon kote ONG Entènasyonal sipòte gwoup aktè sosyete sivil ayisyen an ki ap batay pou genyen yon vwa nan espas sivil ak politik yo e ki ap mande pou gouvènman an pran responsabilite li. Ayiti patikilyèman apwopriye pou yon tèt eksplorasyon, an rezon de yon kilti òganizasyon ak solidarite ki vivan nan kominote li yo e ki kontinye pwospere. Rapò sa ap diskite posibilite sipòte rezistans lokal yo epi analize pwoblèm ak limit angajman ajan ekstèn yo nan konba politik lokal yo. Nou ka identifye gwo konfwontasyon ant lojik mouvman ak oganizasyon yo.

Rechèch teren an te fèt ant lane 2012 ak 2014. Avèk obsèvasyon, entèvyou naratif tankou gwoup diskisyon ak staf entènasyonal ONG yo, aktivis yo, chèf kominote ak gwoup de baz yo, yon koleksyon done te rive monte. E plis enfòmasyon te ajoute avèk entèvyou ki te fèt ak aktè nou te chwazinan lane 2016.

Avèk yon teyori finansman, konklizyon sou chanjman sosyal la founi yon baz pou yon nouvo politik entèraksyon ant ONG ak moun yo di y'ap sipòte yo.

## **Pwopoze yon Teyori Devlopman-kom-Politik**

Apati lide ki te pwoklame devlopman te yon echèk ak nesite elabore yon diferan fòm angajman pou rezoud pwoblèm inegalite ak povrete yo, Lekèl Pòs-Devlopman an te vinn jwenn kèk enpòtans nan diskisyon akademik lan depi premye lane 1990 yo. Gen sèten ekriven radikal post-devlopman (Sachs 1992) ki rejte ide devlopman an konplètman paske konsèp la, tankou Wolfgang

Sachs pwoklame, « kanpe tankou yon rin nan peyizaj entèlektiyèl lan » e « lè a rive yo ekri nekroloji li » (*ibid.* : 1).

Olye yo chèche nouvo definisyon, tankou apwòch ki kouvri yon devlopman altènatif, pwomotè tankou Escobar (1995), sigjere konstriksyon yon altènatif a sistèm devlopman an menm. Li eksplike kòman gwoup sosyete sivil yo, òganizasyon debaz ak tout gwoup ki englobe anba tèm mouvman sosyal la, kapab fòme altènatif a devlopman an. Fas a echèk nan sistèm èd la, Escobar konsidere ke gwoup sa yo ka konstwi nouvo estrikti sosyal atravè aksyon sosyal. Yo ta dwe baze sou konsepsyon diferan menm jan ak altènatif « ekonomi an (solidarite ak resipwosite olye de yon *Homo Oeconomicus* ak mache mondyal), politik lan (demokrasi dirèk olye otorite santralize) tankou konesans (sistèm konesans tradisyonèl olye yon syans modèn) » (Ziai 2007 : 5). Pwopozisyon Pòs-Devlopman yo te sijè yon seri kritik, youn nan yo pwopoze senp kritik san founi kijan pou fè konstriksyon an. Nan lane 2000 yo, kèk otè pran sa an kont e te eseye trase konsèp pratik pou ede fè aksyon. Dilèm evidan an se wòl ekstèn yo, sètadi aktè Lwès yo, paske se jisteman sa Pòs-Devlopman rejte. Se nan kontèks sa a McKinnon (2007) pwopoze yon angajman pou « devlopman-kòm-politik ». Aktè lokal yo selektivman angaje nan entèraksyon tankou konfrontasyon politik ak enstitisyon yo nan endistri devlopman an, patikilyèman ak ONG Entènasyonal yo (McKinnon 2007 : 779). Objektif la se depase yon entèraksyon non-politik, teknik nan pwojè devlopman tradisyonèl yo (Ferguson 2003) tankou sipote lit aktè lokal yo nan envitasyon yon chanjman sosyal. Konviksyon kache a, sèk li pa nesesèman e konplètman kesyone koperasyon ak aktè entènasyonal yo, men pi enpòtan an se klarifye « kiyès ki ta sipoze envite ki moun a patisipe » (McGregor 2009 : 1697) nan pwosesis chanjman sa yo.

Devan pwopozisyon sa a ak aksan Escobar mete sou wòl mouvman sosyal yo ak gwoup sosyete sivil yo, yon definisyon tèm tankou sosyete sivil ak aksyon sosyal neesesè, espesyalman paske se de konsèp ki avantou gen plizyè definisyon ki pa toujou klè.

Leitner et al. (2008) defini aksyon sosyal antanke « fòm opozisyon moun ak gwoup òganize, ak degre fòmalitye ki varye,

pou pouse yon chanjman sosyal ki ap defye nòm ejemonik yo » (*ibid.*: 157-158). Konsèp « sosyete sivil » la pa limite a yon sèl definisyon e li te sèvi kòm yon ekspresyon vid toutfwa ranpli ak divès sans ki pafwa kreye kontradiksyon. Pearce (2000: 34) avèti ke nou pa dwe konfonnen yon abònman nòmatif ak yon deskripsyon anpirik. « Sosyete sivil » la pa dwe tounnen non yon lòt pwojè devlopman. Annefè, yo ta dwe trete tèm sa a ak swen, « istorikman, konseptyèlman ak relasyonèlman » (Bebbington et al. 2008: 6). Nan deba jeneral la sosyete sivil la te jwenn de (2) tip enkadreman. Premyeman li te sèvi kòm jistifikasyon neyoliberalis lan pou reprezante yon « wòl redwi Leta a (dezèmman kòm) yon apwòch pòs-Marxis/pòs-estriktirèl ki mete aksan an sou potansyèl transfòmasyon mouvman sosyal yo » (*ibid.*). Whaites (2000: 131-134) endike ke sipò sosyete sivil la, pandan kapasite leta a tonbe nan neglijan, ap agrave pwoblèm yo, paske leta a rete fèb, e sa ap pwolonje depandans entèvansyon ekstèn yo. Annefè, gwoup lokal yo pap goumen pou bati yon estrikti paralèl a leta a, yo pito chèche angaje avèk li e mande li pran responsab li. Nan refleksyon sou devlopman-kòm-politik neglijan leta a pa gen plas li. Tantativ yon finansman chanjman sosyal dwe « evite oswa kontounne sosyete sivil la oswa andomaje leta a » (*ibid.*: 135). Suzy Castor, chèf enstiti rechèch Ayisyen an CRESFED ki baze nan Pòtoprens, transmèt ke « devlopman an Ayiti ta dwe asire kondisyon pou Ayisyen aji an tan ke sitwayen e ba yo mwayen ekzès sitwayèn yo ». Nan yon panse pi pwofon, lye teyori mouvman sosyal ak nosyon sitwayèn a pwente vè yon mobilizasyon « sitwayen yo tankou aktè byen enfòm angaje nan yon rezo politik dinamik atravè sit lokal ak global yo » (Leach/Scoones 2007:3).

Nan seskyon ki ap swiv la mwen fè yon bwèf prezantasyon òganizasyon mouvman sosyal yo ak sosyete sivil an Ayiti.

### **Mouvman sosyal an Ayiti**

Ayiti gen yon long tradisyon òganizasyon Gwoup, aksyon sosyal, solidarite ak rezistans ki parèt sou divès fòm nan zòn rural (Smith 2001, Bell 2013a) ak nan zòn iben yo, tankou nan kapital

la, Pòtoprens (Schuller 2012). Aksyon *mawonaj* la, sete yonfaz enpòtan nan revolisyon Ayisyèn lan, se rasin istorik aksyon kolektif Ayisyen ki founi yon baz pou òganizasyon gwoup yo. Tou dabò, mawonaj la reprezante yon fòm òganize revolisyon esklav Ayisyen an. Mo kreyòl *mawonaj* la signifye « liberasyon » (Trentmann 2003 : 82). Kèlke gwoup esklav te chape kite plantasyon yo e te ale fonde abitasyon ak kominote sosyal nan mòn yo pou siviv lwen kondisyon represif lòd kolonyal la. Fòm rezistans sa a kontinye sèvi tankou yon « ekspresyon rezistans popilè » (ibid.) jounen jodi a nan lit pou emansipasyon yo.

Dapre estimasyon yo, anviwon 60 a 80 pousan popilasyon Ayiti a se peyizan. (Bell 2013b : 14). Mouvman peyizan yo se potomitan òganizasyon popilè (Mwasaru 2005 : 123). De (2) nan yo ki gen plis enflyans se *MPP* (Mouvman Peyizan Papaye) ak *Tèt Kole* (Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen). Yo chèche alyans ak gwoup travayè, etidyan oubyen mobilizasyon fanm yo (ibid.) pou ankouraje yon chanjman sosyal. Yon pati fondasyon enstitisyonèl Tout chanjman sosyal tradisyonèlman pran rasin *nangwoupman* (òganizasyon gwoup kominotè) ak *kombit* (travay kominotè) ki efektif jiska prezan (Schöneberg 2016). Retrospektivman, mouvman sosyal la sanble te genyen yon peryòd patikilyèman dinamik nan dènye jou rèy pouvwa rejim Duvalier yo (Mwasaru 2005 : 123), pou lite elimine diktati a e tabli yon estrikti demokratik. Malerezman, tout enpilsyon, angouman ak efori lit la pase san siksè.

Ayiti te sijè (oubyen sib) entèvansyon ekstèn sou divès fòm depi kèk syèk. Rezilta entèvansyon ONG Entènasyonal deseni pase yo se depolitizasyon. Pwosesis sa remonte a peryòd rèy Duvalier yo tonbe ak ogmantasyon vag lajan pou devlopman an ki te swiv li a. Aprezan, pi fò lit gwoup nan mouvman sosyal la (tankou sa fanm yo, travayè yo, peyizan yo ak gwoup etidyan yo) rete nan domèn fèmèn pwojè devlopman yo. Se pa sèlman akòz estrikti sistèm devlopman an menm, men se rezilta yon eritaj istorik tou. Aprè chit rejim opresif la, gwoup yo ki te oparavan trè politik te totalman deplase atansyon yo. Yo sispann konsantre sou angajman « nan batay kont [opresyon] an, men [...] [chanje]

pou devlopman » (Abigail 2014). Lefèt Ayiti te kontinye vin pi pòv, « plizyè nan gwoup sa yo te vini konsantre sou dwa ak jistis [...] e te santi bezwen pou antre nan plizyè pwojè oryante sou devlopman, pou kominote yo a » (*ibid.*).

« Repiblik ONG a » ak estrikti li yo, règ tankou restriksyon li yo te detounen atansyon moun nan angajman pase ak gouvènman an. [...] Yo gen lenpresyon sa pa vo lapenn e yo prefere met presyon sou ONG yo [ak] [...] kontente yo ak [...] ti charite sa yo paske li sanble pi aksesib pase yon chanjman ki ta pi gwo (*ibid.*).

Sa a lakòz yon mantalite teknik ki fòme anba estrikti pwojè yo tankou fasòn ONG yo ap travay e transfòme ansyen mouvman gwoup sosyal yo nan pi piti ONG, ki lakòz neglijan yon potansyèl radikal. Nan ka òganizasyon peyizan yo, yon gwo pati ajanda yo a te lit pou dwa tè ak souverènte alimantè : konsa olye fè demand politik, yo te santi yo bezwen fè konpetisyon nan lit pou ranfòse pwojè nan enterè kominote yo a. Men, jan nou te deja demontre (Schöneberg 2016) sa a pat ede nan yon amelyorasyon dirab fas a kondisyon difisil majorite pèp la ap konfronte: olye li mete pèp la an chaj pwosesis chanjman an, li redwi li a yon wòl pasif. Toutfwa, Schuller (2012) avanse ke evidans mouvman sosyal Ayisyen an kontinye ekziste, ta dwe mennen a yon re-evalyasyon politik èd ak devlopman an tankou koperasyon nan tout ka. Donatè yo dwe fè, kritikman evalye ak anplwaye, yon « je kiltirèlman sansib » (*ibid.*) kenpòt si gwoup obye enstitisyon yo ap chèche sipòte a, nan enterè angajman sivik la oubyen nan enterè pa yo a.

### **Etid yon ka : Gwoup Dwa Moun (GDM)**

Nan lane pase yo, yo te dekouvri gwo richès min ineksplwate, an patikilye lò, an Ayiti (Eurasiaminerals 2015). Depi lè sa a, konpayi miltinasyonal yo resevwa yon kantite lisans eksplorasyon pou te kòmanse analize e pran echantyon zòn yo. Nan yon repòtaj Ayiti Kale Je (Haiti Grassroots Watch) te revele ke omwen 15 pousan teritwa Ayisyen yo deja anba « lisans rechèch, eksplorasyon ak eksplwatasyon [...] anba kontwol konpayi US ak Canadyen »

(Ayiti Kale Je 2012). Manm kominote yo kritike ke yo te atribiyè pèmi yo « anba tab, san sipèvizyon ak avi kominote yo » (Ayiti Kale Je 2013). Yo pè pou « gouvènman an pa ouvri yon piyaj sistematik sou peyi a » (*ibid.*). Te gen efò ki te fèt pou kreye lwa sou rafine min peyi a nan entansyon pou atire envestisè etranje. Dapre Bank Mondyal, min yo « enpòtan pou rediksyon povrete a e pwomote devlopman ekonomik an Ayiti » (CN Weekly News 2015). Sosyolog ak istoryen Ayisyen Alex Dupuy, ki kont deklarasyon sa a, konfime enkyetid ki genyen nan popilasyon an. Dapre li, « istorikman, envestisman etranje pa gen enpak pozitif sou popilasyon Ayisyen an an jeneral » (Ayiti Kale Je 2015). Li agimante ke « nòmalmman yon pati manm elit Ayisyen an jwenn avantaj ladan li, leta a pran pati pa li, e apre tout pwofi yo ale nan konpayi a » (*ibid.*)

Dapre li, patikilyèman

peyizan yo gen rezon pou yo mefye nenpòt ki pwopozisyon envestisman etranje an Ayiti, paske yo konnen byen kijan pwojè pase yo te fini. Yo la pou envesti pou tèt yo, pa pou peyi a, pa pou peyizan yo. Yo apropriye tè peyizan yo, e konsa kite yo san sèl mwayen yo genyen pou viv la. Alò, pouki peyizan yo ta dwe fè yo konfyansgouvènman santral la nan Pòtoprins, oubyen nenpòt ki lòt moun ? (*ibid.*).

An repons a devlopman rapid nan sektè min la, kèk aktè sosyete sivil la, kòmanse fè mobilizasyon e plede pou yon lwa sou eksplwatasyon min ki « pran an konsiderasyon [...] dwa pèp la pou yo resevwa bon konsiltasyon e rekonpans an rapò a [...] itilizasyon tè yo a, sou kontwòl polisyon an, sou enpo, e transparans sou sa ki konsène zòn min yo » (The Guardian 2014).

*Gwoup Dwa Moun* lan se yon kowalisasyon plizyè òganizasyon sosyete sivil Ayisyen ki baze nan kapital Ayiti a, Pòtoprens, e te fonde an 2012. Rezo a gen yon asanble jeneral ki reyini chak mwa. Li konpoze de delege ki sòti nan dis (10) depatman yo. Anplis de sa li genyen yon kowodinasyon teknik, ki gen de (2) kowodinatè ki òganize travay kotidyen sou teren an ansanm ak mobilizatè depatmantal yo. Objektik kowalisasyon an se

edike kominote ki afekte yo sou konsekans min yo nan senk sektè: anviwonman, dlo, travay, agrikilti ak tè, e nan menm efò a pouse pou yon transparans nasyonal ansanm ak yon deba sou tèmin nan (GDM 2016).

Yon bi klè, se antre an kominikasyon ak asosyasyon lokal yo nan depatman an ki afekte pa aktivite min yo, asiste yo ak enfòmasyon tankou ogmante sansibilizasyon an ak asire tout bagay an konfòmite avèk respè dwa moun yo (Ayiti Kale Je 2013). Pou rezon sa a, *gwoup* la konprann enpòtans yon rezo edikatè ak mobilizasyon nan kominote yo (GDM 2016).

Depi kreyasyon li an 2012, GDM ap byen evolye. Lòt òganizasyon sosyete sivil aktif nan rezo a. *Gwoup* la enstale li antan ke yon aktè enpòtan nan peyi a pou defans yon eksplwatasyon min yo ki jis. Pami aktivite yo, nou ka site patisipasyon nan konferans, tankou echanj ak aktivis peyi Amerik Latin yo ki afekte pa aktivite min yo e ki gen eksperyans mobilizasyon. Nan mwa Me 2016, GDM òganize yon konferans entènasyonal nan Pòtoprens kote delege onz (11) peyi te diskite ak echanje sou pwoblèm min ak devlopman an. Manm *gwoup* la te vizite plizyè kominote pou rekòlte fè e yo te etabli yon kolaborasyon ak medya altènatif pou pataje e distribiye enfòmasyon. Potomitan aktivite yo se sansibilizasyon nan kominote yo. Yo òganize Reyinyon non kominote a, *konferans deba*, pou sansibilizasyon ak edikasyon sou efè aktivite min yo, men tou sou dwa manm kominote yo ka mande. Enstriman enpòtan ki pèmèt fasilite travay la se ekspozisyon foto, rapò atravè estasyon radyo kominote a menm jan ak atelye.

Aktyèlman aktivite konpani min yo kanpe akòz yo ap tann yon refòm lwa sou min ki ta dwe fèt dapre yon plan Bank Mondyal la te pwodui an 2014. Sitiyasyon an karakterize pa yon « blackawout sou enfòmasyon » (Happel/Schuller 2016). Ni senatè ni popilasyon nan zòn ki afekte yo pa gen aksè ak enfòmasyon kredib konsènan akò eksplorasyon, pèmi eksplwatasyon oubyen sou negosyasyon aksè tè a. Leta Ayisyen an, ki soufri yon feblès kwonik, enkapab reponn ak obligasyon li genyen pou pwoteje dwa ak enterè sitwayen li yo. Sipèvisyon souaktivite konpayi yo

manke serye : ansyen direktè biwo min yo, Dieusel Anglade, trè klè lè li di : « Gouvènman an pa ba nou mwayen nou bezwen pou pèmèt nou sipèvize konpani yo » (*ibid.*). Yon lòt aspè enkyetan nan konstelasyon sa a, se enstabilite konsènan iregilarite nan pwochen eleksyon presidansyèl yo an Oktòb 2016.

Pwoblèm sa yo poze yon kontèks kote aksyon mouvman sosyal yo parèt nesèsè. Annefè, se yon moman desizif. Peyi tankou Angola, Nigeria oubyen Soudan bay egzanp trajik yon « malediksyon resous » ki ilistre ke « san yon gouvènans enklizif ak patisipatif, [yon abondans] [...] resous minrè ka trè vit transfòme an yon malediksyon » (*ibid.*). De (2) ONG entènasyonal ki gen yon apwòch pwogresif te rekonèt sa a. Pou pwoteje moun mwen entèwoje yo mwen pap bay non ONG yo. Seksyon ki ap swiv nan tèks sa montre tantativ yo pran pou sipòte lit GDM lan pou dwa ak jistis e finansman chanjman sosyal olye de devlopman nan fòm tradisyonèl li a.

### **Tantativ finansman chanjman sosyal :**

#### **Enplikasyon CDC ak AOEP**

Komite Devlopman Kreyen (CDC) ak Òganizasyon Ameriken pou Fini ak Povrete (AOEP) se de (2) ONG Ameriken ki sipoze ap swiv yon apwòch pwogresif odela modèl devlopman tradisyonèl lan nan aktivite entèkansyon yo. Tou de (2) te sipòte aktivite GDM lè li te kòmanse. CDC anpatikilye te founi yon bon valè lajan nan finansman an. Toutfwa, malgre relasyon ak entèraksyon sou tou de (2) bò yo te baze sou bon entansyon ak tolerans, te gen kèk desepsyon konsènan reyalyte entèraksyon yo.

Kòm nou ka imajine, pou debouse lajan finansman yo, yon pwopozisyon pwojè bezwen sou papye e yon diskisyon bezwen fèt. Nan kòmansman entèraksyon ak CDC, te gen yon pwopozisyon ki te fèt ki te prezante twa (3) faz diferan. Premye faz la sòti Avril 2013 rive Jen 2013 te rezève pou rasanble enfòmasyon. Daprè dokiman pwojè a, nan fen faz rechèch la yon dokiman te sipoze sou pye pou founi yon baz pou lòt aktivite. Nan dezyèm faz la, sòti Jiyè 2013 rive Desanm 2013, plan an te pou devlope zouti ak etabli yon rezo. Anfen, twazyèm faz la ki sòti Janvyè 2014 rive

Mas 2015 te sipoze fè plas pou sansibilizasyon ak mobilizasyon nan kominote ki afekte yo. Tout faz yo fòmile rezilta trè spesifik, pwofi yo tankou enpak yo. Montan total sibvansyon CDC founi a te ekivo 200 000 US\$. Anplis de sa, AOEP te bay enpe lajan toupou finansman an. Toutfwa, depi kòmansman finansman an, an Avril 2013, kowoperasyon an ant ONG Entènasyonal yo ak *Gwoup* te jwenn gro difikilte.

Yon enfòmateur *Gwoup* dekri lajan kòm pwoblèm prensipal la. Li di pou itilize fon yo, *Gwoup* la te oblije ekri yon pwopozisyon detaye, tankou deskripsyon fèt anlè a. Se la kolizyon ant reyalite mouvman sosyal yo ak pa aktè sistèm devlopman an vin evidan. Nan zye pòtpawòl la yon pwopozisyon detaye konsa reponn a lojik pwojè yo olye de reyalite mouvman an. Kòm mouvman an bezwen mache ak devlopman ki rezilte nan aksyon gouvènman an oubyen konpani min yo, plan kronolojik ki te etabli nan twa (3) faz pwojè a pa t' posib nan praktik la. Byenke reprezantan lokal la reyalize pwopozisyon an ka poze, nan zye enfòmateur GDM nan li te parèt ke reprezantan an pa te gen ase plas pou negosye avèk kowòdinatè li a. La, pwoblèm ki parèt la se nan responsabilite ki soti anlè a.

Nan yon entèvyou 2016 avèk Robenson, yon manm MODEP, nan yon evalyasyon difikilte liste pi wo yo, li kritike espesyalman mekanis biwokratik ak teknokratik li obsève yo nan kowoperasyon ak CDC. Nan zye li, CDC travay respektivman dapre yon metòd òganizasyon a met ansanm, sa vle di yo pa wè kontèks la ak reyalite sosyal ak politik n'ap viv yo. [...] Yo senpleman repete sa ki ekri nan kad lojik la, men sa pa toujou posib. Se nan nati ONG Entènasyonal yo, yo pa ka echape li, yo bezwen rete biwokratik pou yo ka kalifye pou finansman.

An 2014 CDC sispann founi sipò finansye li. GDM kontinye jwenn yon sibvansyon anyèl nan men AOEP ki ekivo 50 000 US\$. Dapre yon enfòmateur *gwoup* la, koperasyon avèk AOEP fonksyone pi byen pase sa CDC a, e sitou gras konsiltan ki sou plas yo. Toutfwa, li pa kwè òganizasyon an swiv menm etik travay la nan katye jeneral Ameriken yo.

GDM rankontre difikilte non sèlman avèk patnè finansman yo men anndan rezo a tou. Manm gwoup la pa omojèn. Pandan kèk nan yo ap opere nan estrikti ONG a antan ke anplwaye k'ap touche, rès la konpoze de aktivis ak volontè. Sa a lakòz dezakò sou tan patisasyon ki nesèsè ak konpansasyon. Li te vinn yon pwoblèm lè lajan an komanse antre. Nan espwa rezoud sa, yo angaje yon kowòdinatè ekstèn, ki ta dwe resevwa yon salè : rès manm yo, toutfwa, pap resevwa anyen. Yon manm *Gwoup* la te dekri sa a kòm yon *mantalite devlopman*. Pwojè yo toujou pote pwomès lajan, opòtinite jenere revni, espesyalman nan yon peyi kote majorite popilasyon an dezespereman pòv. Lajan ka fasilman tounen yon motivasyon prensipal pou jwenn yon mouvman ak multipliyè estrikti nan objektif pou jenere plis opòtinite. Sa pa te sèlman yon pwoblèm ak GDM nan menm, men ak mobilizasyon popilasyon an nan depatman yo ki baze sou konsyans ak konbit olye de benefis finansyè li. Mouvman sosyal yo an konpetisyon ak gwo ONG Entènasyonal yo, ki lakòz Entoksikasyon relasyon sosyal nan kominote yo (Robenson 2016).

### Konklizyon

Analiz pi wo a montre ke tantativ finansman chanjman sosyal yo sijè ja pote danje kowoptasyon ak depolitizasyon - efè negatif yo teyori devlopman-kòm-politik la te mansyone a.

Nan ane 2013 la, AOEP te defini yon estrateji pou peyi Ayiti ki gen pou objektif final ranfòse mouvman sosyal Ayisyen an nan tout fòm li nan lit pou jistis sosyal ak ekonomik lan. Nan yon entèvyou 2016, potpawòl AOEP a realize ke, malgre AOEP a te finance plizyè aktivite ki te ka sanble kòm yon kontribisyon nan objektif sa a, jiska jodi a rezilta yo pa klè. Pòtpawòl la pozekesyon si finansman an, annefè, ranfòse òganizasyon yo kòm previ, si li senpleman kenbe estatikwo a, oubyen, pi grav, si li afebli reseptè yo. Annefè, AOEP te sipòte òganizasyon ki pandan kolaborasyon an te tonbe apa akòz lit pouvwa entèn yo. Sa ka remonte a konfli anndan òganizasyon an, ki oparavan t'ap opere san finansman ekstèn, lè li kòmanse resevwa finansman an. Anplis, kèk gwoup te kòmanse mete siksè òganizasyon yo a, sa vle di akizisyon

kontinyèl finansman ekstèn yo, devan akonplisman objektif pi laj pou mouvman sosyal la.

Lè nou konsidere tout efè negatif yo ki vini ak finansman ekstèn dekri pi wo a, sa ka mennen a konklizyon ke yon chanjman sosyal pa direktteman finansab. Oubyen petèt nou bezwen diferansye plis anvan nou sipòte « mouvman sosyal la ». Sa ki parèt tankou aspè pi enpòtan an se devlopman kapasite yo nan tout mouvman sosyal la tankou devlopman òganizasyon yo menm nan. Kapasite sa yo enkli posibilite bati baz la, fòmile epi swiv yon ajanda tankou kapasite konstwi alyans. Nan ka finansman an, nou te ka diferansye ant yon finansman operasyonèl, finansman salè yo ak finansman aktivite patikilye, kote yon pati ka pote plis efè sekondè pase lòt.

Nan sans sa a konstriksyon yon modèl alyans ak twa (3) bò ka prouve fezab. Nou ka konsidere kowoperasyon GDM lan ak Depatman Jistis Global (DJG) lan nan yon inivèsite Ameriken tankou yon egzanp. DJG sipòte gwoup la nan koleksyon enfòmasyon sou negosyasyon a jou yo. Dapre Robenson, sa espesyèlman enpòtan depi gouvènman Ayisyen an niye sosyete sivil Ayisyen an aksè enfòmasyon sa yo men li toujou pare pataje yo ak etranje yo. Yon rezilta kolaborasyon sa a se mizanplas yon panèl enspeksyon ki sipèvize aktivite Bank Mondyal lan nan yon nouvo redaksyon lwa sou min nan ak prepare yon odyans devan Komisyon Intèameriken Dwa Moun yo. Anplis, yon etid te mennen pou evalye enpak eksplwatasyon min nan vyolasyon anviwonman an ak dwa moun yo. Manm kominote nan depatman yo te resevwa yon fòmasyon pou yo kapab kontwole kalite ak kantite dlo nan vilaj yo a. Pwochen pwojè kolaborasyon an se yon etid sou dlo nan yon kominote ki trouve nan yon sit min pa lwen Kap-Ayisyen. Yon karaktè enpòtan nan kolaborasyon DJG-GDM an, se lefèt ke yon relasyon finansèl pa ekziste e poutèt sa li pa an danje tonbe nan dezagremman biwokrasi ak technokrasi ki nòmalman mennen a relasyon patènalis ak kowoptasyon ki entegre nan finansman Nòd-Sid la. Relasyon mansyone pi wo a baze sou solidarite ak echanj konesans. Entelektiyèl DJG yo gen aksè a lòt rezo pou kanpay ak enfliyan ke aktivis Ayisyen yo pa ta genyen otreman.

Kanmenm, enfòmasyon yo deklare ke kolaborasyon sa a pa ta yon siksè si GDM pa te gen finansman operasyonèl debaz AOEP founi a. Aspè ki enpòtan isit la sèke, AOEP pa dirèkteman angaje nan ajanda ak pwosesis kolaborasyon DJG-GDM an, toutfwa finansman an pèmèt GDM rete otonòm. San finansman sa a, se pa sèten GDM ta jwenn kapasite travay ak yon kò ekstèn tankou Depatman Jistis Global la, oubyen gen kapasite pou li rete otonòm e reziste fas ak pwosesis kowoptasyon ak enstrimantalizasyon an.

Apèsi sa yo fè nou tounen sou demann devlopman-kòm-politik nou te eksplike pi wo a. Annefè, sanble chanjman sosyal, pa finansab. Gen twòp enkonvenyan inevitab ki anpeche yon pwosesis chanjman dirab e jis. Men, yon repolitizasyon pwoblèm povrete ak inegalite a atou pri nesèsè. Yon ankadreman teknik senpleman repwodi yon depandans. Nan limyè Ajanda 2030 lan, nou byen konnen ke povrete ak inegalite se pwoblèm global ki pa limite li a sèten zòn jeografik. Souvan, gen yon apèl pou yon mouvman sosyal global. Jefò nan direksyon sa a deja fèt atravè pwomosyon pwogram pou yon edikasyon sitwayèn mondyal. Robenson mande yon demokratizasyon sistèm ONG yo. Nan zye pa li, nan kontèks entènasyonal aktyèl la, ONG yo jwe yon wòl enpòtan nan chèche konsantman sosyal ak bati yon alyans miltinasyonal ki pa yon enstriman leta oubyen gouvènman yo. Sepandan li fondamantalman konvenki ke pi gwo defi « pou yon mouvman entènasyonal ki ap batay pou yon transfòmasyon sosyete yo se sistèm mondyal la ki baze sou polarizasyon rich ak pòv ». Petèt yon twa (3) bò alyans tankou sa dekri ak egzanp AOEP, DJG ak GDM lan, ka bay yon chemen pou pi devan, ki konsantre sou bati konesans ak yon rezo lòbi e non pa sou finansman. Li vin klè ke kesyon debaz la se sistèm finansman entènasyonal la tankou pwogram ONG yo, sa vle di oryantasyon sou yon pwojè lojik ki fondamantalman an kontradiksyon avèk fondasyon ak reyalite mouvman sosyal yo. Pou li ka angaje nan yon finansman chanjman sosyal tankou sa nou fèk pwopoze a, ONG Entènasyonal yo dwe eksplòre chimen ki pa pran an kont lojik sistèm èd la e refòm lojik entèn yo a (biwokratik ak teknik). AOEP angaje li nan pwosesis refòm konsa. Lòt rechèch

ap bezwen evalye rezilta li ak analize espas ki disponib pou yon liberasyon konsa nan lojik finansman ki etabli yo.

## Bibliyografi

- Ayiti Kale Je 2012: <http://haitigrassrootswatch.squarespace.com/haiti-grassroots-watch-engli/2012/5/30/gold-rush-in-haiti.html>
- Ayiti Kale Je 2013: <http://haitigrassrootswatch.squarespace.com/haiti-grassroots-watch-engli/2013/8/1/haitian-grassroots-groups-wary-of-attractive-mining-law.html>
- Ayiti Kale Je 2015: [http://haitigrassrootswatch.squarespace.com/18\\_history\\_eng](http://haitigrassrootswatch.squarespace.com/18_history_eng)
- Bebbington Anthony J., Samuel Hickey, Diana C. Mitlin 2008: *Can NGOs make a Difference ? The Challenge of Development Alternatives*, London: ZED Books.
- Bell, Beverly 2013a: *Fault Lines. Views across Haiti's Divide*, Ithaca: Cornell University Press.
- Bell, Beverly 2013b : *Harvesting Justice. Transforming Food, Land, and Agricultural Systems in the Americas*, New Orleans: Other Worlds.
- CN Weekly News 2015: <http://www.cnweeklynews.com/mining-is-crucial-to-reduce-poverty-in-haiti>
- Edwards, Michael 1999: *Future Postive: international cooperation in the twenty-first century*, London: Earthscan.
- Escobar, Arturo 1995: *Encountering Development. The Making and Unmaking of the Third World*, Princeton: Princeton University Press.
- Eurasiaminerals 2015: <http://www.eurasianminerals.com/s/haiti.asp>
- Ferguson, James 2003: *The Anti-politics Machine. "Development", Depoliticization and Bureaucratic Power in Lesotho*, Minneapolis: University of Minnesota Press.
- Fowler, Alan 2000: « Beyond Partnership: Getting Real about NGO Relationships in the Aid System » *IDS Bulletin* 31 (3): pp. 1–13.
- Happel, Ellie and Mark Schuller 2016: Preventing the next disaster in Haiti.

- [http://www.huffingtonpost.com/mark-schuller/preventing-the-next-disas\\_b\\_8961378.html](http://www.huffingtonpost.com/mark-schuller/preventing-the-next-disas_b_8961378.html)
- Leach, Melissa and Ian Scoones 2007: « Mobilising Citizens: Social Movements and the Politics of Knowledge », *Working Paper 276*, Institute of Development Studies.
- Leitner, Helga, Eric Sheppard, Kristin M. Sziarto 2008: « The spatialities of contentious Politics », *Trans Inst Br Geogr 33*: pp. 157-172.
- Lewis, David 1998: « Partnership as Process: Building an Institutional Ethnography of an Inter-agency Aquaculture Project in Bangladesh », in: *Development as Process: Concepts and Methods for Working with Complexity*, edited by D. Mosse, J. Farrington and A. Rew (éds.), pp. 94-111. London: Routledge.
- Lister, Sarah 1999: « Power in Partnerships? An Analysis of an NGO's Relationships with its Partners », *CVO International Working Paper 5*. London: Centre for Civil Society, LSE.
- Maxwell, Simon, and Roger Ridell 1998: « Conditionality or Contract: Perspectives on Partnership for Development » *Journal of International Development 10*: pp. 257-268.
- McGregor, Andrew 2009: « New Possibilities? Shifts in Post-Development Theory and Practice », *Geography Compass 3* (5): pp. 1688-1702.
- McKinnon, Katharine 2007: « Postdevelopment, Professionalism, and the Politics of Participation », *Annals of the Association of American Geographers*, 97 (4): pp. 772-785.
- Mwasaru, Mwambi 2005: « Beyond Approaches and Models: Reflections on Rights and Social Movements in Kenya, Haiti and the Philippines », *IDS Bulletin 35* (1): pp. 120-128.
- Pearce, Jenny 2000: « Development, NGOs, and civil society: the debate and its future », in: Deborah Eade (éd.): *Development, NGOs and Civil Society. Selected Essays from Development in Practice*, Oxford: Oxfam GB, pp. 15-44.
- Sachs, Wolfgang (éd.) 1992: *The Development Dictionary. A Guide to Knowledge as Power*. London: Zed Books.

- Schöneberg, Julia (à venir 2016): *Making Development Political. NGOs as Agents for Alternatives to Development*, Baden-Baden: Nomos.
- Schuller, Mark 2007: « Haiti's 200-Year Ménage-à-trois: Globalization, the State, and Civil Society », *Caribbean Studies* Vol. 35 (1): pp. 141-179
- Schuller, Mark 2012: « Genetically modified organizations? Understanding & Supporting Civil Society in Urban Haiti », *The Journal of Haitian Studies* 18 (1): pp. 50-73.
- Smith, Jennie M. 2001: *When the Hands Are Many: Community Organization and Social Change in Rural Haiti*. Ithaca, NY: Cornell University Press.
- The Guardian 2014: <http://www.theguardian.com/global-development/poverty-matters/2014/jan/21/haiti-untapped-mining-resources-benefit-poor>.
- Trentmann, Claudia 2003: *Mète Tèt Ansanm. Sozialkapital in ländlichen Gebieten Haitis*, Dissertation am Fachbereich Sozial- und Kulturwissenschaften Universität Gießen.
- Whaites, Alan 2000: « Let's get civil society straight », in: Deborah Eade (éd.): *Development, NGOs and Civil Society. Selected Essays from Development in Practice*, Oxford: Oxfam GB, pp. 124-142.
- Ziai, Aram 2007: « Development discourse and its critics: an introduction to Post-Development », in: Aram Ziai (éd.), *Exploring Post-development. Theory and practice, problems and perspectives*, New York: Routledge.

# Fè ONG : yon nouvo gramè ONG

Mark Schuller  
Associate Professor Anthropology  
and Center for Nonprofit and NGO Studies  
Northern Illinois University

12 janvyè te lokazyon pou yon nouvo envazyon ONG ki gen karakteristik imanité. ONG yo te kanalize prèske tout 16 milya dola ajans entènasyonal yo te pwomèt pou « èd ». Kòmantatè yo pat senpman pale de « envazyon ONG », genyen ki te koumanse pale de « repiblik ONG » oubyen « okipasyon imanité ». Nan dokimanmàn ki pote non *Asistans Mòtèl*, Raoul Peck (2013) te sèvi ak mo « diktati èd », yon fòm èd ki vyolan epi ki avèg. Yon lane apre « goudougoudou » (jan Ayisyen rele tranblemanntè a), ou te deja jwenn grafiti kap di « aba tout ONG ». Kèk kritik te jwenn bourad lè Ricardo Seitenfus (2015) te pibliye nan Edisyon Inivèsite Leta Ayiti tradiksyon franse liv li : *L'échec de l'aide internationale en Haïti*, epi lè yon jounal etazinyen te pibliye yon atik ki detaye yon « eskandal » avèk Lakwa Wouj Etazini (Elliot & Sullivan, 2015).

Men tou, 12 janvyè te lokazyon pou yon nouvo « solidarite » avèk Ayiti, epi pou emèjans nouvo mouvman sosyal an Ayiti. Fòs Refleksyon ak Aksyon sou Koze Kay an Ayiti (FRAKKA) te pran nesans, epi annapre Kolektif Lojman : Komisyon Fanm Viktim pou Viktim (KOFATIV) te vin pi vizib : yon mobilizasyon ki rele « Je Nan Je » te koumanse parèt nan 2012 : Bri Kouri Nouvèl Gaye te lanse : Kolektif Jistis Men te leve kanpe : yon mobilizasyon pou

mete fen avèk pwojè touristik nan lilavach te òganize : Mouvmman Patriyotik Demokratik Popilè (MPDP) ki te regwoupe yon seri òganizasyon degòch, e latriye. Nouvo enstitisyon sa yo rejwenn sa Jane Regan (2003) rele « ONG altènatif » ki te la deja. Apre fristrasyon eksperyans 12 janvyè a, yon santiman anti-ONG, nan liy Janil Lwiji (1993, 2009), vin ase pwisan. Kidonk, asosyasyon sa yo te refize rele tèt yo « ONG », menm pa « ONG altènatif ». Reyalyte sa a poze yon seri kesyon sou kisa yon ONG ye. Sa montre akèl limit konsèp la.

Atik sa, se yon jefò pou ale pi lwen nan dyalog sa a. Anfèt se limit konsèp sa a toupatou, non sèlman nan peyi Dayiti. Nan yon koleksyon resan, kèlkechèchè feminis te eseye demaske « fòm ONG » a (Bernal & Grewal, 2014). Eksperyans an Ayiti nan mouvmman aprè 12 janvyè kreye yon lòt chemen. Olye yon non, pètèt nou ka konprann ONG yo pi byen antanke vèb. Olye nou mande kisa (oubyen kiyès) ONG yo ye, nou ap mande kisa ONG yo fè? Atik sa a pral eksplòre kesyon sa a.

### **Difikilte konsepyèl**

Youn nan pwoblèm nan diskisyon sou ONG, se jan konsèp la defini. Gen 2 kondisyon: premye a, fòk se yon òganizasyon. Dezyèm lan, fòk li pa nan gouvènman, ki vle di se yon definisyon pa negasyon. Plizye otè pale sou enstabilite nan diskisyon sa a (e.g., Bernal & Grewal, 2014 : Fisher, 1997). Enstabilite sa a sèvi kèk enterè, nan jwe wòl ideyolojik yo. Pou Bill Clinton, diferans ki genyen ant yon gwoupman katye ak yon òganizasyon tankou World Vision, ki gen yon bidjè anyèl yon demi-milya dola epi ki ap travay nanyonventèn peyi, pa enpòtan. Nan lane 2009, lè Bill Clinton vini Anvwaye Espesyal pou Nasyon zini an Ayiti, li lage yon chif ki vin repete souvan : Ayiti gen 10 000 ONG. Clinton pa di kijan li rive jwenn chif sa a, epi li pa bay definisyon l sou ONG nonplis. Definisyon konsèp la gen yon dimansyon politik ak ideyolojik: èske se vre tout ONG pa la pou ranmase lajan e pa la pou fè politik? Èske tout ONG pa nan gouvènman vre?

Youn nan dènye tèks Janil Lwiji te ekri demanti pawòl ki ta vle fè kwè « ONG pa nan gouvènman ». Nan *ONG: Ki Gouvènman*

*Ou Yè?* (2009), Lwisjis eksplike klèman wòl ONG yo jwe nan gouvènans, nan gouvènman menm. Gen gwo ONG, sitou saki baze Etazini tankou CARE, ki resevwa preske tout kòb yo nan men Leta ameriken. Gen yon kouran kritik nan etid ki fèt sou ONG ki poze menm kesyon an yon lòt jan: èske yon enstans merite yon epitèt òganizasyon *NON* gouvènmantal si yo pa gen preske okenn otonomi? Si yo tou senpman egzekite pwojè yon Leta defini epi finanse (e.g., Étienne, 1997 : Gill, 1997 : Petras, 1997 : Vincent, 2006 : Wallace, 2003)? Sauveur Pierre Etienne (1997) te wè nan ONG yo « fer de lance » sistèm enperyalis la. Antanke zouti ideyolojik, etikèt « *non* gouvènmantal » etabli fwontyè ant sa ki « bon » (ONG) ak sa ki « move » (Leta). Gen yon konsepsyon neyoliberal ki deyè apròch binè sa a, e li gen defansè pa li : pami yo, politològ, ajans entènasyonal, ak ekonomis pou devlopman.

Yon lòt rezon konsèp ONG parèt flou, se paske li anglobe ensans ki nan devlopman, pote sekou, fè pledwari, epi sipòte mouvman sosyal yo. Konfizyon sa a parèt depi kòmansman estrikti ONG a egziste : Charnovitz (2002) te fè yon tradiksyon rezime atik ki pibliye nan lane 1997 nan yon jounal ki trete kesyon jiridik. Atik sa a te sibler wòl pledwari ONG yo te koumanse jwe depi mi-dizwityèm syèk, sa yo rele « syèk limyè » a oubyen « epòk revolisyonè » a. Konsepsyon sa a repete nan yon liv pi resan (Davies, 2014), kote otè a te nome mouvman entènasyonal kont lesklavaj youn nan premye ONG. Nan liv etnografik li sou Etazini nan koumansman dizwityèm syèk, politològ franse Alexis de Tocqueville (1981) te klèman sitiye « asosyasyon volontè » yo kòm fondasyon pou « demokrasi ». Òganizasyon tankou CARE toujou sèvi ak tit « asosyasyon volontè » nan yon jwèt lengwistik pou asosye travay li ak « demokrasi » oubyen ak « sosyete sivil ». Se menm konsèp pledwari Nasyonzini itilize lè li bay espas pou ONG nan atik 71 chat li : Nasyonzini rekonnèt ONG yo ka bay Leta ak Nasyonzini limenm « konsiltasyon ». Sonje nan lane 1945, lè Nasyonzini te fonde, pifò popilasyon mondyal la te kolonize: se te gouvènman Wayòm Ini, Lafrans, Espay, Labèljik, Pòtigal, Peyi Ba, ak lòt peyi Ewopeyen ki te reprezante preske tout nasyon

Lafrik, Lazidisid ak Lazidisidès. Pifò peyi nan Karayib la te koloni alepòk sa a tou.

Touswit apre, nan lane 1948, Nasyonzini te bay tèt li misyon pou fè sa li te rele « devlopman ». Ayiti te parèt kou yon chan eksperimentasyon pou nouvo pwojè « devlopman » an. Nan Lavalè Mabyal, nan yon lokalite Kochon Gra, UNESCO (selil Nasyonzini pou fè Edikasyon, Lasyans, ak Kilti) te louvri premye pwojè li an Ayiti, youn nan 3 premye peyi eksperimentasyon sa te ap fèt nan mond lan. Nan ideyoloji kouran sa a (wè atik Vaval, nan revni sa a), se Leta ki ta dwe pi byen plase pou fè « devlopman ». Malgre sa a, plizyè nan premye ONG ki te parèt nan peyi a te meteavèk Legliz pou pote sekou imanité, sitou apre Siklòn Hazel nan lane 1954. Men jiskaskè diktati Divalye a te fini, kantite ONG te limite. Sa pral chanje, sitou apre politik neyoliberal te koumanse pran jarèt nan enstitisyon « devlopman » sa yo, tankou Nasyonzini, USAID, Bank Mondyal epi FMI. Se fasil pou bliye sa, sitou apre « envazyon » ONG (Etienne 1997), men « devlopman » pa sèl misyon ONG.

### ONG-izasyon

Yon lòt bò, diferans ant yon ONG ak yon mouvman sosyal pa toujou klè. Menm jan ak fwontyè ant ONG ak Leta, glisman sa a sèvi enterè patikilye ak pozisyon politik. An prensip, lide a fòmile konsa: mouvman sosyal = bon : ONG = move. Sous nan kritik ki pi fewòs sou ONG ta merite tit ONG. Yo gen yon latrize koze an komen avèk ONG : yo gen yon estati non-pwofi, yon konsèy administrasyon k ap pran desizyon, anpil gen yon biwo santral.

Si yon konsèp twò rijid, epi li gen yon latrize kondisyon ki dwe reyini vle pa vle, li fasil pou li de-konstwi. Men si nou chèche fason konsèp yo sanble youn ak lòt, menm jan ak moun ki soti nan menm fanmi, nou kapab wè resanblans yo epi gen yon definisyon pi elastik, pi fleksib. Konsa nou kapab fè kèk konparezon itil. Se sa Ludwig Wittgenstein, nan travay lengwistik li, rele « relasyon famiyal », yon chemen pou soti nan yon kriz definisyon (Wittgenstein, 2001)

Pou chèchè ki plase nan mouvman sosyal yo, youn nan pi gwo danje se biwokratizasyon. Se yon preyokipasyon lagòch depi omwens Lenin (1922), epi Rosa Luxembourg anvan (1900). Lè yon sendika enpoze li, li riske reprezante yon lòt pwisans, yon reyaksyon. Lidèchip yon sendika dwe panse estrikti ak pèmanans sendika a li menm, ki riske reprezante yon blokaj lespri militans ak chanjman radikal. Fòk sendika a gen yon trezò, yon ti kòb, pou fonksyone. Militan ki patisipe nan « nouvo » mouvman sosyal (apre lane 1960 yo, epi ki pa nesesèman milite nan lit klas) pran leson biwokratizasyon sa a oserye, epi ba li yon nouvo non, « ONG-izasyon » (Choudry & Kapoor, 2013 : Edelman, 2005). Sa vle di, yon mouvman sosyal riske tounen yon ONG : yon estrikti ki anpeche chanjman radikal nan antrave patisipasyon orizontal. Mouvman feminis yo, nan « dezyèm vag » lane 1970 yo, te veye ONG-izasyon (Alvarez, 1999 : Lang, 2000). Kritik sa a rive jwenn yon pozisyon pi radikal nan yon konferans 2004 INCITE! Women of Color against Violence (fanm nwa kont vyolans) ki tounen yon ouvraj kolektif an 2007, avèk yon tit senp: *Revolisyon an pap jwenn finansman*<sup>1</sup> (INCITE! Women of Color Against Violence, 2007). Liv sa a pale sou yon « konplèks non-pwofi-endistriyèl »<sup>2</sup> ki tap rejwenn yon kritik radikal Maksis tankou Petras (1997) ak Lwijis. Konplèks non-pwofi-endistriyèl laanpeche chanjman radikal pou plizyè rezon: premyèman, se paske fondasyon ki finanse ONG resevwa yon benefis pou bay charite, kidonk se yon blanchiman lajan pou gwo kapitalis yo : dezyèmman, fondasyon yo finanse yon chanjman toupiti epi ki limite : twazyèmman, lajan yo bay ONG yo se pretèks pou yo kontwole òganizasyon debaz ak mouvman sosyal ki reprezante yon menas pou *statu quo* a, pou sistèm kapitalis anplas la. Koleksyon sa a propozete solisyon pou pwoteje otonomi epi lespri radikal mouvman sosyal yo, tankou mete plis pouvwa nan men volontè yo, mande kotizasyon pou manm, yon estrateji klè pou kominikasyon, yon

1. Tit sa a wete chapo devan yon chante Gil Scott Heron ki di “Revolisyon nan pap vin Televize”

2. Konsèp sa a kontinye nan liy kritik kont sa a ansyèn prezidan Eisenhower rele “konplèks militaro-endistriyèl”

transparans totalkapital, epi yon vijilans pèmanan. Liv sa a merite tradwi an kreyòl : li ta ka fasilite solidarite ant yon mouvman radikal pwogresis entè-seksyonalis feminis pou fanm nwa ak lòt ras ki ap sibi dominasyon rasis epi mouvman ayisyèn yo. Liv sa a enspire yon nouvo mouvman ki monte nan 2014 « Black Lives Matter » (lavi nwa enpòtan)<sup>3</sup>, apre yon zak vyolans Leta rasis nan Ferguson, Missouri.

### **Eksperyans Ayiti : « fè ONG »**

Pou yon peyi yo rele « Repiblik ONG », Ayiti gen anpil eksperyans kritik avèk ONG. Nan rèss atik sa a, mwen ap eksplòre yon nouvo granmè sou ONG: Nou dwe panse li kòm yon vèb olye yon non. Rele yon òganizasyon-debaz « ONG », se youn nan pi gwo jouman ou ka fè li. Menmsi yon gwoup ki fè pati yon mouvman sosyal pa rekonnèt tèt li kòm yon ONG, aksyon yo poze yo kapab sanble aksyon ONG. Atik Schöneberg la, nan nimewo Revi *Chantiers* sa a, analize yon nouvo òganizasyon ki parèt apre 12 janvye ki te eseye kenbe bon wout militans, malgre sipò yo jwenn nan kèk ONG etranje.

### **Pwojè**

Pi gwo akizasyon pou òganizasyon popilè yo, omwenssa mwen te pote solidarite ak yo apre 12 janvye, se rele ONG. Nan mitan yon òganizasyon, kritik la vin yon vèb : « Ou ap fè ONG ». Nan imajinè gwoup militan sa a, kisa yon ONG fè? Dabò ONG viv sou sa k rele « pwojè » (wè atik Scott Freemanlan pou plis detay). Yon pwojè, se yon machandiz pou vann bayè de fon lòt bò pou l sipòte ti òganizasyon sa a avèk yon tikòb. Yon pwojè gen yon pwoblematik, yon objektif, yon popilasyon sib, endikatè pou evalyasyon, yon tan defini pou li reyalize, epi sitou yon bidjè.

Bidjè a reflete priyorite òganizasyon an: kisa ki pi enpòtan? Kisa ki bezwen lajan? Sa ki parèt pi danjere nan mitan yon òganizasyon militan, se yon « jès » oubyen yon « gratifikasyon », kote kèk lidè oubyen militan resevwa yon kantite lajan pou travay yo

3. Mouvman sa a anfèt te pran nesans apre sasinay Trayvon Martin nan 2012.

tap fè benevòlman. Yon bò, gratifikasyon an ede kèk nan militan jwenn yon fason pou kenbe nan batay yo ap mennen. Li difisil pou kontinye lit la san manje – *sak vid pa kanpe* – epitou lajan an ta sipoze reprezante yon minimòm kont-a-rann ak transparans. Travay pou reponn ak imel, mete Facebook ajou, rele enstitisyon, resevwa moun, prepare trak pou distribye, e latrkiye, pou di l yon lòt fason, fonksyonman enstitisyonèl yo, difisil men fòk li fèt pou travay koze a ap vanse. Yon « gratifikasyon », se yon motivasyon pou asire travay la ap fèt.

Men yon lòt bò, chwa pou kiyès ki ap resevwa « gratifikasyon » an fasil pou divize yon gwoup si pa gen ase fon pou tout moun jwenn yon ti pòs. Gratifikasyon an kreye yon yerachi kote moun kiap jwenn vin lidè defakto. Se sa ki fèt nan plizyè òganizasyon mwen site deja. Yon divizyon vin kreye ant manm fondatè ak nouvo manm : se posib gen kèk nouvo « elit » ki parèt yon sipèsta apre li vin gen yon pòs pèmanan, ki kreye divizyon nan mitan menm manm fondatè nan yon sèl òganizasyon. Vitès envestisman an kapab gen enpak sou ki nivo divizyon ka kreye. You òganizasyon ki pat gen estaf, ni pwòp lokal pa l – li te pataje yon biwo avèk plizyè lòt nan menm kouran politik – te jwenn yon gwo sibvansyon etranje, kèk milyon dola. Poutèt ti òganizasyon an pat gen gwo mwayen pou jere yon pwojè, bayè de fon an te chwazi yon ONG entèmedyè epi menm angaje yon « jesyonnnè » pou travay nan biwo a. Biwo a vin gwo, epi li anplwaye plizyè estaf. Nan 2 mwa, divizyon nan mitan òganizasyon an te parèt aklè. Òganizasyon sa a te sispann kolabore avèk lòt gwoup nan sektè a, epi menm kase lyen li te gen avèk ansyèn patnè li yo. Rapidman, manm òganizasyon vin kliyan : tout te gen yon dosye ak fòm pou siyen. Sispisyon sou kòb ki te resevwa tounen yon menas pou dirijan yo, ki te blije kite peyi a.

Yon lòt pwoblèm ak lojik pwojè, sèke li pa koresponn ak kalandriye mouvman an. Chanjman radikal pap ka fèt nan yon 6 mwa. Pa egzanp, peyi a pap koupe fache ak gwo pwojè touris, pap loje tout sitwayen, epi pap kapab anpeche tout zak vyolans ki ap fèt sou fanm, nan 6 mwa. Menm bagay avèk revolizyon sosyalis, oubyen kako, oubyen toulède, ki rann pi difisil lè militan

yo depann de pwojè pou kichòy. Se vre, nou kapab ekri kèk endikatè pou evalye yon ti pwogrè.

Yon pwojè gen yon tan pou l fini. Nan fen pwojè a, fòk yon rapò ekri epi rive nan men bayè de fon yo, epi pafwa yon evalyasyon. Aksyon sa yo pran tan, epi fèmen òganizasyon an nan biwokrasi. Sa te fèt anndan yon mouvman ki parèt pou defann dwa moun apre 12 janvyè. Moun ki te kreye espas la te aji kòm yon direktè. Pou li, sa k pi enpòtan, se mete dosye li nan lòd. Li pat gen tan pou ale sou teren si popilasyon an te gen yon ijans. Oframezi, enstans sa a te pèdi kontak avèk teren an. Pezape li menm kanpe rankont Asanble Jeneral. Se manm Komite Kowòdinasyon an ki pran plas li, pale nan radyo, ekri lèt, ale nan rankont. Yo chak te resevwa yon « gratifikasyon ». Moun ki premye benefisyè yo, moun ki konsidere tèt yo militan, vin tounen machann pwojè. Si moun lan depann de gratifikasyon pou voye timoun li lekòl, li pap fasil pou l refize sibvansyon si bayè de fon enpoze yon seri kondisyon oubyen gen yon estrateji ki pa koresponn ak politik òganizasyon an.

Mo « mouvman » an gen ladan l « mouv » – ki vle di, « woule », « deplase », « soti yon kote rive yon lòt ». Nan yon batay solda yo pap janm chita. Se pran pozisyon, fè avans, fè aryè. Tout sa a depann de fòs gwoup konbatan yo, de kondisyon ak anviwonman batay la. Nan yon batay sosyal, se menm bagay. Yon mouvman dwe wè pozisyon li epi reyaji vit parapò a kondisyon ki devan l. Yon mouvman ki jwenn yon ti sipò nan men yon ONG entènasyonal pou fè tèt bagay nan yon moman oblije fè bagay sa a, menmsi kondisyon sa yo te chanje. Menmsi manm yo vin pa dakò ak estrateji a. Menmsi yon lòt priyorite prezante. Se nan negosyasyon mouvman sa a kapab rive defann nouvo estrateji oubyen priyorite, men nesesite sa a montre aklè 2 makfabrik diferan: yon mouvman dwe woule : yon pwojèdwe gen plan an. Yon mouvman mwen te site anwo prèske kraze nèt akòz fenomèn sa a : yon ONG entènasyonal pa te vle chanje estrateji pa l, menm apre reyalyte teren an te chanje. Sa ki pi rèd, ONG sa a te fè yon alyans avèk yon bayè de fon ki te vle òganize yon platfòm sou

koze a san konsilte mouvman Ayisyen ki te sipoze « patnè » li. Plizyè moun te kite mouvman sa a alè sa a.

### Entèmedyè

Apa pwojè, kisa ONG konn fè? Yo jwe wòl entèmedyè, yo fè medyasyon / reprezantasyon. Enstans mwen fenk site yo pran pozisyon piblik nan konferans pou laprès pou koze yo ap defann. Yo pale pou benefisyè yo. Sa vle di, yo kreye yon pon ant popilasyon an – kit se yon katye popilè, yon bidonvil, manm sendika, moun ki rete nan tèl lokalite, yon kan pou deplase, yon idantite tankou fanm, fanm ansent, fanm viktim vyolans, etidyan, oubyen moun andikape – ak yon lòt gwoup ki enterese kolabore, bay lajan, pote solidarite, e latrkiye. Sitou depi gwoup sila a soti nan yon lòt peyi, epi manm li pa pale menm lang ak popilasyon an, yon ONG jwe wòl « tradiksyon » an. Tradiksyon an kapab nan yon sans literal – tankou tradwi pawòl angle oubyen alman pou moun ki pale kreyòl, e vise vèsa – men tou li kapab tradwi « pwoblèm » oubyen « reyalyte » pou enstans lòtbò ki kapab fè yon jès avèk li. Pa egzanp, yon gwoup dwa moun lòt bò tankou Amnesty International bezwen repòtaj òganizasyon ki sou teren an, men se Amnesty ki kapab defini « aksyon » yo konn poze, pou sitwayen ki kore li kapab pran aksyon sa a. Si yon gwoup vle vizite Ayiti nan lide li ap pote solidarite, li bezwen yon gid, yon moun kikapab fè tout aranjman yo pou li – chwazi lokal, chwazi moun ki pou pale – epi yon moun ki ap tradwi. Nan sans sa a, ONG yo kreye kèk opòtinite. Si kontak la reyisi fè moun lòtbò kontan – oubyen ensite yo pou yo aji – ONG lokal la jwenn akolad epi li gen yon kapital kredibilite.

Men nan ka sa a, se moun lòtbò ki ap toujou pale pou Ayiti sou koze espesifik, tankou min, lojman, eleksyon, oubyen « èd » ak rezilta èd. Detanzantan ONG entènasyonal kapab fè pledwari pou Ayiti òganize kèk evenman nan kapital yo, tankou Wachintonn, Briksèl, oubyen Lond. ONG entènasyonal ki gen kontak ak ONG Ayisyen an gen kapital kredibilite tou anvè depite ak lòt ONG nan peyi pa yo. Kontak entèmedyè sa yo kapab pwofitab pou toude (2) ONG yo. Men an reyalyte, echanj la reflète inegalite ki genyen

anndan ekonomi mondyal la. Kredi epi pouvwa – aksè ak moun kap pran desizyon yo tankou senatè, estaf pou komite lejislatif yo, moun ki travay nan Depatman Deta oubyen moun kapab travay pou Bank Mondyal ak lòt òganis entènasyonal yo – rantre nan ONG « patnè » entènasyonal yo. Se yo ki ap defini ajennda nan Wachintonn oubyen lòt sant pouvwa yo. Se yo ki siblè ki « patnè » Ayisyen ki ap vini nan sant desizyon sa yo, ki reflekte ajennda pa yo. Se vre, moun nan – se pa yon òganizasyon men pito yon moun ki travay anndan òganizasyon yo – te gen yon viza, yon vwayaj, pran kontak, epi petèt yon *per diem* pou vwayaj la. Men se yon prim ki ale nan menm lojik « gratifikasyon an » ki riske divize òganizasyon an. Epi reprezantan ayisyèn / ayisyen an ap jwenn menm difikilte pou kontakte lòt ONG entènasyonal: menm blokaj langaj, teknoloji, e latrèye. Pou moun kapab pran pouvwa tankou depite yo, sa ap pi rèd toujou. Anje viza peyi Nò yo – sitou Etazini – rann li difisil pou nenpòt kiyès pou reprezante Ayiti. Kidonk, ann jeneral, se yon senk moun konsa ki pale nan Wachintonn pi souvan (mwon pa okouran detay yo pou Ewòp, men ONG Ewopeyen gen pi plis « patnè » ann Ayiti). Sa yo gen an komen, sèke yo tout nan « klas ONG » (wè Schuller, 2015 epi Louis, volim sa a): yo tout pwofesyonèl, yo gen yon vizibilite, yo kapab byen pale franse epi kèk ladan angle. Fenomèn sa a eskli pifò ayisyen, notàmmansa ki nan òganizasyon debaz yo, epi konsa limite pèspektiv yo.

Yon lòt travay ONG yo fè, se reprezante. ONG reprezante yon popilasyon nan ekri « aksyon » petisyon, sit-in, manifestasyon, konferans laprès, nòt pou laprès, oubyen yon pwojè devlopman osinon imanité. Nan atik, nan rapò pou bayè de fon yo, nan trak ki distribiye, ONG pale sou yon tèl non. Gade pozisyon sa yo : « pèp la di li pa dakò ». « Fanm yo di se twòp atò ». « Peyizan yo pa kapab ankò ». Pozisyon pa nesesèman parèt nan yon medya ofisyèl. Gade nan mi Pòtoprens, depi omwens 2003, lèmwon koumanse rete la, anpil (petèt menm pifò) mi nan lari te gen grafiti. Se yon mak pou demontre yon prezans : « ipokrit debloke peyi a » : « Goudougoudou mande chanjman ». Gen kèk ki siyen : « Fomibaz di entèl... », « Aba Bawon di... ». Chak group prodwi yon

pwopozisyon oubyen yon rapò pwojè, men se menm reflèks la. Yo ap defini epi ankadre kisa ki pwoblèm, kisa ki priyorite, kisa ki solisyon. Pa egzanp, pwoblèm debwazman : solisyon an, se plante pyebwa. Sa ki parèt nòmal, men nan definisyon ni pwoblèm ni solisyon gen yon latriye pwoblèm ki pa poze, tankou refòm agrè, epi solisyon ki pa touche tankou peye lekòl pou rann moun pa bezwen koupe pyebwa. Epi nan reprezantasyon pwoblèm nan, se sèlman kantite pyebwa ki ap plante. Kit yo pouse epi grandi pou 2zan, 3zan, 5kan, kit yo mouri nan kèk mwa, sa pa konsène ONG a. Rapò a reprezante reyalite a, menm jan yon sit-in oubyen yon kanpay sansibilizasyon reprezante revandikasyon « pèp » (oubyen popilasyon sib) la.

Yon aksyon ki lye avèk tout sa, se pran pozisyon. ONG pozisyon yo konsa: « tèl ONG angaje nan lit kont SIDA... e ou menm ? » Oubyen « tèl mouvman sosyal mande anilasyon total dèt ekstèn ». Oubyen « tèl enstans ap egziye Leta pran responsabilite li nan fè respekte dwa fanm ». Oubyen « tèl regwoupman raple konstitisyon di tout moun gen dwa ak yon bon kay pou li rete », oubyen ale lekòl, e latriye. Pran pozisyon, se yon fason pou atire atansyon moun nan popilasyon an, ki vle di, sansibilizasyon. Sansibilizasyon sa a, se yon fason pou bay sitwayen yo opòtinite pou angaje nan lit la, epi bay yo zouti pou rantre nan konba a. Men tou, pran pozisyon, se yon opòtinite pou atire atansyon bayè de fon oubyen ONG entènasyonal « patnè » yo. Pran pozisyon, se afiche angajman nan yon chan batay. Epi, si yon ONG entènasyonal enterese nan batay sa a, li ka rejwenn òganizasyon an. Se menm lojik nan ONG ki swadizan nan devlopman. Yo di, si w enterese travay nan SIDA, vin rejwenn nou. Vyolans ki ap fèt sou fanm, vin rejwenn nou. Alfabetizasyon, vin rejwenn nou. Oubyen se kòm yon gato ki ap koupe : CARE pran tèl zòn : CRS entèveni nan yon lòt zòn. Konsa, ONG yo vin yon « Leta anndan Leta ». Nan pran pozisyon, ONG a oblije site chif, bay agiman pou jistifye entèvansyon li. Li sèvi ak medya pou sansibilize moun yo sou enpòtans pwoblèm yo. Pran pozisyon se yon fason pou jistifye tèt li, pou montre jefò ki fèt, montre bèl foto aksyon, montre konbyen fwa li ale devan Palman, konbyen moun ki te pran lari,

konbyen moun ki te siyen yon petisyon. Prèv sa a sèvi kòm yon lajan, yon mwayen echanj nan langaj maksis, yon komodite nan yon mache « moral » entènasyonal (James, 2010). Pozisyon sa yo vin yon etap enpòtan nan kontinuite fonksyonman enstans sa a.

### Pou fini

Tout sa fè pati enstitisyonalizasyon yon mouvman, pou asire kontinyite travay la. Si travay mouvman, se woule, travay ONG, se enstitisyonnalize.

An rezime, « fè ONG » se kisa ?

- › Fè pwojè
- › Fè medyasyon
- › Repezante
- › Pran pozisyon

Atik sa ka sèvi pou yon refleksyon ak yon oto-kritik nan mitan enstans ki tap eseye fè chanjman epi ki jwenn yon opòtinite pou sipò oubyen solidarite lòt bò. Se twò fasil pou lage yon akizasyon « ONG » oubyen « ONG-izasyon » – epi li twò fasil tou pou rejete akizasyon sa a. Reflèks pou rejte tit ONG ka fè enstans yo sispann entèwoje, kesyone, epi kritike aksyon yo poze. Men si nou konsantre sou aksyon ONG yo poze, sa mande yon vijilans epi yon koreksyon sou wout yon « praksis » ki pi korèk parapò a misyon enstans lan te bay tèt li.

**Mark Schuller** Associate Professor Anthropology  
and Center for Nonprofit and NGO Studies  
Northern Illinois University

### Bibliyografi

- Alvarez, S. E. (1999). Advocating Feminism: The Latin American Feminist NGO 'Boom'. *International Feminist Journal of Politics*, 1(2), 181-209.
- Bernal, V., & Grewal, I. (Eds.). (2014). *Theorizing NGOs: States, Feminisms, and Neoliberalism*. Durham: Duke University Press.

- Charnovitz, S. (2002). Les ONG : Deux Siècles et Demi de Mobilisation. *L'Economie Politique*, 13(1), 6-21.
- Choudry, A., & Kapoor, D. (2013). *NGOization: Complicity, Contradictions, and Prospects*. London: Zed Books.
- Davies, T. (2014). *NGOs: a New History of Transnational Civil Society*. New York: Oxford University Press.
- de Tocqueville, A. (1981 (1835)). *De la démocratie en Amérique I*. Paris: Flammarion.
- Edelman, M. (2005). When Networks Don't Work: the Rise and Fall and Rise of Civil Society Initiatives in Central America. In J. C. Nash (Ed.), *Social Movements: an Anthropological Reader* (pp. 29-45). Malden, MA: Blackwell Publishing.
- Elliot, J., & Sullivan, L. (2015). How the Red Cross Raised Half a Billion Dollars for Haiti and Built Six Homes. New York: ProPublica and NPR.
- Étienne, S. P. (1997). *Haiti : L'Invasion des ONG*. Port-au-Prince, Haiti: Centre de Recherche Sociale et de Formation Economique pour le Développement.
- Fisher, W. (1997). Doing Good? The Politics and Antipolitics of NGO Practices. *Annual Reviews in Anthropology*, 26, 439 - 464.
- Gill, L. (1997). Power Lines: the Political Context of Nongovernmental Organization (NGO) Activity in El Alto, Bolivia. *Journal of Latin American Anthropology*, 2(2), 144-169.
- INCITE! Women of Color Against Violence (Ed.). (2007). *The Revolution Will Not Be Funded: Beyond the Non-Profit Industrial Complex*. Cambridge, MA: South End Press.
- James, E. C. (2010). *Democratic Insecurities: Violence, Trauma, and Intervention in Haiti*. Berkeley: University of California Press.
- Lang, S. (2000). The NGO-ization of feminism. In B. G. Smith (Ed.), *Global Feminisms Since 1945* (pp. 290-304). London: Routledge.

- Lénine, V. I. (1922). Projet de thèses sur le rôle et les tâches des syndicats dans les conditions de la nouvelle politique économique. *Pravda*, 12.
- Luxemburg, R. (1900). *Réforme social ou révolution?* <http://www.les7duquebec.com/trouvailles/220249/>.
- Lwiji, J. (1993). *Entè OPD: Kalfou Pwojè*. Pòtoprens : Imprimeur II.
- Lwiji, J. (2009). *ONG : Ki gouvènman ou ye?* Pòtoprens : Asosyasyon Inivèsite ak Inivèsitè Desalinyèn - ASID.
- Peck, R. (Writer). (2013). *Assistance Mortelle*. In R. Peck (Producer) : Arte France.
- Petras, J. (1997). Imperialism and NGOs in Latin America. *Monthly Review*, 49(7), 10-17.
- Regan, J. (2003). ONG "altènatif" - zanmi oswa ennmi lit radikal? (pp. 13). Port-au-Prince : Institute Culturel Karl Leveque.
- Schuller, M. (2015). *Cette Charité qui Tue : Haïti, l'Aide Internationale, et les ONG*. Port-au-Prince : Éditions Université d'État d'Haïti.
- Seitenfus, R. (2015). *l'échec de l'aide internationale à Haïti: Dilemmes et égarements*. Port-au-Prince : Éditions Université d'État d'Haïti.
- Vincent, F. (2006). NGOs, Social Movements, External Funding, and Dependency *Development*, 49(2), 22-28.
- Wallace, T. (2003). NGO Dilemmas : Trojan Horses for Global Neoliberalism? In L. Panitch & C. Leys (Eds.), *The Socialist Register 2004: The New Imperial Challenge* (pp. 202-219). New York: Monthly Review Press.
- Wittgenstein, L. (2001). *Grammaire philosophique*. Paris : Folio Essais.

**CHANTIERS**  
**REVUE DES SCIENCES HUMAINES ET SOCIALES**  
**DE L'UNIVERSITÉ D'ÉTAT D'HAÏTI**

**RECOMMANDATIONS AUX AUTEURS**

**Présentation du manuscrit**

Les manuscrits soumis au comité de coordination ne comporteront aucune mention permettant d'identifier leur(s) auteur(s). La lettre ou le courriel qui les accompagnent fourniront :

- les nom(s) et prénom(s) du ou des auteurs de l'article ;
- les coordonnées complètes du ou des auteurs de l'article ainsi que l'affiliation institutionnelle ;
- résumé/Abstract : 150 mots max. (espaces compris). Outre la langue cible, un résumé peut être produit dans une ou deux autres langues parmi celles retenues pour la revue.

**Langues de publication :** Français, anglais, espagnol, créole

**Taille du manuscrit**

Maximum : 20 ou 30 pages sous Word ; espaces, notes, schémas et cartes compris.

**Typographie**

Police : Times New Roman

Caractère : 12

Interligne : 1,5

- Veiller à ce que les en-tête et pieds de page soient vides (notamment de toute numérotation de page);
- Éviter les notes de bas de page si ce n'est pas pertinent, encore moins pour remplir la moitié de la feuille;
- 3 à 7 mots-clés.

## **Intertitres**

Les intertitres constituent un paragraphe typographique autonome : ils ont au maximum 3 niveaux de hiérarchisation et doivent être libellés de façon claire, concise et homogène.

## **Citations**

Qu'il s'agisse de citations d'articles ou d'ouvrages, l'auteur doit respecter le format suivant

- Les citations de moins de trois lignes sont intégrées dans le corps du texte et encadrées par les guillemets français (doubles chevrons, « ... »). Le recours aux guillemets anglais [“...”] ne s'applique que dans le cas de la mise entre guillemets au sein d'une citation entre guillemets français (ainsi que dans les abstracts en anglais).
- Les citations qui excèdent trois lignes constituent des paragraphes indépendants, sans guillemets, en retrait. Ils ne doivent pas être caractérisés par un corps de texte plus petit.
- Les citations d'articles et d'ouvrages : Retrait par rapport au texte, caractère 11, (Nom, date : pp ou p). p se réfère à une page, ex p.3, et pp si la citation est à cheval sur deux pages, ex. pp. 38-39
- S'agissant d'une revue en ligne, renvoyer aux liens hypertextes.

## **Références bibliographiques**

Les références bibliographiques sont indiquées dans le corps du texte, entre parenthèses, et comprennent le nom de l'auteur suivi de la date sans virgule, puis de deux points et de la référence de page (Amossy 1998 : 92). Elles ne font pas l'objet d'une note en bas de page, celles-ci étant réservées aux remarques et commentaires, qui comprendront aussi en cas de besoin un renvoi semblable à celui qui apparaît dans le corps du texte. Pour les notes, on utilisera des caractères plus petits : Times New Roman 10.

Les références indiquées dans le corps du texte seront données en fin d'article sous l'intitulé : « Bibliographie », selon les modèles suivants :

Pour un livre : Nom, Prénom. Année. Titre en italique (Lieu d'édition : Maison d'édition) - la date de la première édition est entre crochets [ ]

Pour un article dans un ouvrage collectif ou dans une revue : Nom, Prénom. Date. « Titre de l'article », Nom, Prénom (éd.). Titre de l'ouvrage en italique. (Lieu d'édition : Maison d'édition), pages

Quand il y'a plus d'un auteur : Nom et prénom pour le premier auteur, prénom et nom pour les auteurs qui suivent. Pour plusieurs références d'un même auteur, insérer un tiret par ordre du plus récent.

Pour l'édition ou l'éditeur, utiliser les abréviations : éd., éds. et trad. :

Quand il y a plusieurs volumes : 3 vol. – et pour le vol. en question : 1

Numéros de pages : pour les articles et chapitres d'ouvrages, il faut mettre les numéros de pages. Pour les articles de presse, mettre p. ou pp. : *Le Nouvelliste*, 10 février 1938, pp. 15-16 (par ex.) Pour un article dans une revue ou un chapitre d'ouvrage, mettre les numéros de page uniquement, sans p. ou pp.

### **Règles typographiques ponctuelles**

Placer les appels de notes de bas de page avant tout autre signe de ponctuation.

Par exemple : xxxxxx<sup>1</sup>.

Si la citation est lacunaire, mettez [...].

Veiller à ce que les mentions « p. » ou « pp. » soient suivies d'un espace insécable.

Placer en italique les mots ou expressions en langue étrangère.

Remplacer « et », « and » par « & » - pour les noms d'auteur et les noms de lieux ou de maison d'édition dans les références bibliographiques.

### **Les sigles**

Chaque sigle doit être explicité lors de sa première utilisation.

Chaque auteur fournit une brève notice, de 10 lignes maximum, précisant son statut, son institution de rattachement, ses domaines d'activité (fonction, thématiques de recherche, etc.) ; son adresse électronique avec la mention diffusable ou non diffusable ; une bibliographie (obligatoire) contenant uniquement les principales références concernant l'article.

Contact : revue.chantiers@ueh.edu.ht  
james.saint-cyr@ueh.edu.ht

**Formulaire d'abonnement**  
**REVUE SEMESTRIELLE**  
**Particuliers & Institutions**

Nom / Prénom \_\_\_\_\_

Adresse de livraison

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Téléphone : \_\_\_\_\_

Courriel : \_\_\_\_\_

☐ Abonnement 1 an (deux numéros) 500 HTG



# Chantiers

## Au sommaire de ce numéro

*Resume/Rezime/abstract*

*Editorial*

Colette LESPINASSE, *Kijan pou nou konprann prezans ak wòl ONG yo an Ayiti ?*

Alfred PIERRE, Khalil CAMBRON et Osée OLIBRI, *Haïti, catastrophes meurtrières et construction de la société civile : place et rôle des ONG internationales ?*

Lucien MAUREPAS, *ONG, développement et sous-développement Repères théoriques et critiques*

Josué VAVAL, *Truman et l'ère du développement*

Ilionor LOUIS, *Classe-ONG et distance sociale*

Djems OLIVIER, *La sous-traitance non-gouvernementale :*

*nouveau paradigme de l'aide internationale ?*

Odonel PIERRE-LOUIS, *L'action humanitaire et l'action sociale entre un jeu vicié et vicieux d'émancipation et de mancipation*

Andrea STEINKE, *ONG ak lafwa an Ayiti : 2 etid ka nan Jakmèl aprè 12 janvye 2010*

Scott FREEMAN, *Lojik èd : pwojè ak odit an Ayiti*

Julia SCHÖNEBERG, *Manèv nan domèn politik la : Sipòte lit la atravè finasman chanjman sosyal*

Mark SCHULLER, *Fè ONG : yon nouvo gramè ONG*



Dépôt légal :

300 HTG

